- Revize chak ane priyorite pwogram sibvansyon yo epi idantifye opòtinite pou ranfòse ak ankouraje patisipasyon ak benefisye popilasyon EJ yo nan etap devlopman pwojè a.
- Kontinye ankouraje idantifikasyon lyen ant pwojè yo pwopoze yo ak popilasyon EJ yo nan demann pou pwopozisyon yo.

- Ankouraje pwojè ki benefisye kominote ak popilasyon EJ yo nan revizyon ak notasyon pwopozisyon yo.
- Idantifye lòt opòtinite sibvansyon etatik ak federal pou kominote EJ ki ta ka sipòte inisyativ EJ yo (pa egzanp, Administrasyon Nasyonal Oseyan ak Atmosfè, Ajans Pwoteksyon Anviwònman, Konsèy Ekonomik Pò Lanmè).

Pwodui ak Zouti

CZM devlope ak jere yon pakèt pwodui done ak oseyan ak zouti ki disponib pou piblik la. Pwodui sa yo kouvri: kat zòn kotyè yo, jewoloji, ewozyon kotyè yo, aktyèl ak inondasyon kotyè alavni yo, abita, planifikasyon oseyan, planifikasyon pò ak enstalasyon pòtyè, aksè piblik nan kòt la, katografi fon lanmè ak abita fon lanmè, kalite dlo, ak lòt pwoblèm bò lanmè ak oseyan.

- Enplike popilasyon EJ yo nan devlopman zouti ak pwodui oswa pwodui ki deja egziste (egzanp, Coast Guide Online) pou asire resous sa yo aksesib epi benefik pou popilasyon EJ yo.

Anbochaj

EEA rekonèt enpòtans pou genyen yon mendèv ki reflete divèsite rasyal, etnik ak sosyo-ekonomik rezidan Massachusetts yo, ki gen ladann wòl kle yon mendèv konsa jwe nan fè pwomosyon desizyon ekitab konsènan pèmi anviwònmantal ak enèjetik, chwa sit yo, devlopman regilasyon, vèsman sibvansyon ak aplikasyon lalwa. Avèk EEA, CZM pran angajman pou l enkòpore pratik anbochaj divèsite ak pou bay responsab anbochaj yo fòmasyon pou ankouraje priz desizyon ekitab sa a, ki gen ladann l sèvi ak kritè nan afichaj travay ki mande pou aplikan ki gen siksè yo demontre konesans ak konpreyansyon sou bezwen popilasyon vilnerab yo, katye jistis anviwònmantal yo, ak zòn ki mal desèvi nan Commonwealth la. EEA pral konsidere kesyon entèvyou ki evalye konesans ak eksperyans kandida yo genyen nan sijè EJ yo.

Fè Aplike Estrateji EJ EEA sa a

Pou nenpòt enkyetid, plent, konpliman oswa lide, oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou efò ajans nou an pou jistis anviwònmantal, enèji ak klima, tanpri kontakte Biwo Jistis Anviwònmantal EEA a jan sa endike nan Paj 19 Estrateji EJ EEA sa a.

Pwen kontak EJ CZM nan:

Tyler Soleau
Asistan Direktè
Tyler.Soleau@mass.gov
(617) 626-1243

Biwo MA pou Aplikasyon Lalwa ak Polis Aniwònmantal MA

Estrateji Jistis Anviwònmantal

Sa ki nan Dokiman sa a

Biwo MA pou fè Aplike Lalwa ak Polis Anviwòmantal MA..... 25

Deklarasyon Misyon Polis Anviwònmantal (MEP) Massachusetts 27

Egzijans Estrateji EJ Sekretarya a ki soti nan Politik EJ EEA EJ 27

Estrateji EJ..... 27

Definisyon yo..... 27

Estrateji 28

Sansibilizasyon Kominotè..... 29

Fòmasyon yo 30

Rekritman, Anbochaj, ak Pwomosyon 31

Zafè Tribal yo 32

Opòtinite Finansman Sibvansyon 32

Endikatè yo..... 32

Fè Aplike Estrateji EJ EEA a..... 32

Biwo MA pou Aplikasyon Lalwa ak Polis Aniwònmantal MA

Biwo Massachusetts pou fè Aplike Lalwa (OLE) se non ofisyèl ajans lan ke yo rele tou Polis Anviwònmantal Massachusetts (MEP) ak Sèvis Anrejistreman li yo. Nan dokiman sa a nou pral itilize "MEP" pou reprezante tout sèvis yo bay yo.

Deklarasyon Misyon Polis Anviwònmantal Massachusetts (MEP)

Misyon Polis Anviwònmantal Massachusetts la se pwoteje anviwònman ak resous natirèl Commonwealth la atravè ranfòsman, edikasyon, ak kontak piblik.

Egzijans Estrateji Sekretarya EJ ki Soti nan Politik EEA EJ

Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònmantal (EEA) Politik Jistis Anviwònmantal (PEJ) te mande tout ajans EEA yo devlope pwòp Estrateji EJ yo[1]. Ajans EEA yo dwe anvizaje kòman yo kapab entegre konsiderasyon jistis anviwònmantal la nan depatman yo atravè politik, pwogram oswa lòt estrateji yo. Ajans EEA yo dwe idantifye ak ankouraje pwojè ajans yo patwone yo, desizyon finansman, règleman oswa lòt aksyon ki poze pou fè avanse jistis anviwònmantal nan tout Commonwealth la pou montre kijan yo te mezire distribisyon ekitab avantaj yo. EEA pral bay ajans li yo konsèy pou satisfè egzijans Estrateji EJ a.

Estrateji EJ

Estrateji sa a esplike aksyon entansyonèl ak delibere pou ankouraje ak entegre prensip ak konsiderasyon jistis anviwònmantal (EJ) atravè pwogram, politik, aktivite MEP yo. Estrateji sa a fè referans a tèm sa yo, jan sa defini nan Chapit 8 nan Lwa 2021 yo, *Yon Lwa k ap kreye yon plan nouvèl jenerasyon pou politik klima nan Massachusetts,* ak Règleman EJ EEA.

Definisyon

"Jistis Anviwònmantal la (EJ)" se pwoteksyon egal ak patisipasyon siyifikatif tout moun ak kominote yo nan sa ki konsènan elaborasyon, aplikasyon, ak fè aplike lwa, règleman ak politik nan zafè enèji, anviwònman epi distribisyon ekitab enèji ak avantaj ak chaj anviwònmantal yo. Jistis anviwònmantal la baze sou prensip ke tout moun gen dwa pou yo pwoteje kont danje anviwònmantal yo epi pou yo viv epi jwi yon anviwònman pwòp e ki sen kèlkeswa ras, koulè, orijin nasyonal, revni, oswa konpetans nan lang anglè.

"Prensip Jistis Anviwònmantal yo" se prensip ki sipòte pwoteksyon moun kont polisyon nan anviwònman an ak kapasite pou yo viv epi jwi yon anviwònman pwòp e ki sen, kèlkeswa ras, koulè, revni, klas, andikap, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, orijin nasyonal, etnisite oswa

[1] https://www.mass.gov/doc/environmental-justice-policy6242021-update/download

zansèt, kwayans relijye oswa metriz lang anglè, ki gen ladann: (i) patisipasyon siyifikatif tout moun nan sa ki konsène devlopman, aplike ak fè aplike lwa sou anviwònman yo, règleman ak politik yo, ki gen ladann politik chanjman klimatik; epi (ii) distribisyon ekitab enèji, avantaj ak chaj anviwònmantal yo.

Yo defini yon "Popilasyon Jistis Anviwònmantal"[2]kòm katye kote youn oswa plizyè nan kritè sa yo satisfè:

- Revni medyan anyèl fwaye a pa reprezante plis pase 65 pousan revni medyan anyèl fwaye nan tout eta a;
- Minorite yo reprezante 40 pousan oswa plis nan popilasyon an;
- 25 pousan nan fwaye yo oswa plis manke metriz nan lang anglè a;
- Minorite yo reprezante 25 pousan oswa plis nan popilasyon an epi revni medyan anyèl fwaye minisipalite kote katye a sitiye a pa depase 150 pousan revni medyan anyèl fwaye nan tout eta a.
- Katye a deziyen kòm yon Popilasyon EJ pa Sekretè EEA an konfòmite ak deskripsyon pwosedi a nan Chapit 8 nan Lwa 2021 yo ak Règleman EJ EEA a.

Estrateji

Estrateji EJ MEP sa a idantifye aksyon kle ki ka ede ak aplikasyon Règleman EJ EEA a. Estrateji sa a gen de eleman ki fèt pou trete sijè sa yo:

- Kominikasyon ak Sansibilizasyon: Amelyore kominikasyon ki gen rapò ak jistis anviwònmantal la, ki gen ladann aksè a lang ak kontak ak angajman;
- Fòmasyon: Ankouraje konsyantizasyon ajans (anplwaye) ak aplikasyon prensip EJ nan travay MEP a;
- Rekritman ak Anbochaj: Fasilite anplwaye asèmante ak sipò divèsifye, enklizif ak reprezantatif;
- Dwa Pèp Endijèn yo, sa vle di tribi, òganizasyon tribal ak manm yo: Eksplore pwoblèm epi chèche solisyon ki gen rapò ak asosyasyon ak aplikasyon aktivite kontwòl lwa konsèvasyon ak administrasyon piblik;
- Opòtinite Sibvansyon: Chèche epi mete langaj EJ nan aplikasyon pou sibvansyon ki enpòtan;
- Endikatè yo: Detèmine kritè objektif apwopriye pou mezire efikasite pwogram lan nan pèspektiv enterè jistis anviwònmantal la.

[2]https://www.mass.gov/info-details/environmental-justice-populations-in-massachusetts

Sansibilizasyon Kominotè

Dapre Règleman EJ EEA a, "Patisipasyon siyifikatif vle di ke tout katye yo gen dwa a opòtinite pou yo patisipe nan priz desizyon nan zafè enèji, chanjman klimatik, anviwònman ki gen ladann evalyasyon bezwen, planifikasyon, aplikasyon, konfòmite ak aplikasyon, ak evalyasyon epi katye yo abilite ak benefiisye asistans administratif pou patisipe totalman atravè edikasyon ak fòmasyon, epi gouvènman an bay yo transparans/responsabilite konsènan kontribisyon kominote a, epi ankouraje yo pou devlope jesyon anviwònman, enèji, ak chanjman klimatik."[3]

Paj Wèb Polis Anviwònman MA[4]**.** MEP pral aktyalize paj wèb li a pou genyen enfòmasyon ki gen rapò ak EJ. Anplis de sa, MEP pral konsidere ak evalye fason pou pataje enfòmasyon atravè Paj Web EJ EEA a. Paj Web EJ aktyèl MEP a bay enfòmasyon itil tankou:

- Enfòmasyon pou kontakte Kowòdonatè EJ MEP a
- Enfòmasyon kontak Direktè Ajans MEP a
- Lyen pou sa ki annapre yo:
    - Enfòmasyon pou kontakte Kowòdonatè EJ MEP a
    - Politik EJ EEA
    - Paj Wèb EJ EEA a
- Estatistik Popilasyon EJ nan Commonwealth la
- Enfòmasyon kle ki disponib nan 10 lang yo plis pale nan Commonwealth la

Sekirite Piblik/Sante. Patisipe nan sansibilizasyon katye EJ yo ak katye kote nivo anglè a fèb, sitou nan zafè pwoteksyon sante ak menas sekirite nan domèn MEP.

Edikasyon MEP pral ankouraje egalite nan aksè a sèvis li yo. Sèvis sa yo gen ladann yo:

- Sansibilizasyon edikatif sou kanotaj ak sekirite machin deyò wout la
- Anrejistreman ak livrezon tit pwopriyete pou bato ak machin lwazi, tankou motosiklèt, bato a motè, elatriye.

Anplis de sa, MEP angaje nan yon revizyon entèn pou detèmine ki ti liv, fòm, ak dokimantasyon yo ta dwe tradui nan lang apwopriye an akò ak Administrasyon ak Finans (A&F) Bilten #16 (Politik Aksè a Lang "LAP")[5]. Politik sa a fè efò pou rann enfòmasyon ak sèvis yo aksesib pou moun ki gen konpetans limite nan lang anglè. MEP pral kowòdone ak Divizyon Lapèch ak Jwèt nan Depatman Lapèch ak Fòn, ak lòt ajans etatik pou bay sèvis sa yo nan yon fason ekitab.

Relasyon Entèvenan yo.

[3]Politik EJ, paj. 4 https://www.mass.gov/service-details/environmental-justice-policy

[4]Paj wèb OLE https://www.mass.gov/orgs/massachusetts-environmental-police

[5]https://www.mass.gov/administrative-bulletin/language-access-policy-and-guidelines-af-16

- Fè yon lis gwoup kominotè/gwoup defans pa rejyon, plase l sou disk pataje ki aksesib a tout anplwaye epi itilize lis EEA a jan sa nesesè.
- Kontinye bati relasyon nan kominote a epi kenbe kominikasyon regilye ak gwoup kominotè/defans yo ak ofisyèl minisipal yo nan pataje enfòmasyon ki gen rapò ak pwojè, aktivite nan popilasyon EJ yo epi poste enfòmasyon sou paj wèb MEP a,
- Anvizaje opòtinite pou itilize reyinyon kominotè yo pou konstwi relasyon, itilize sèvis lang jan sa nesesè, pou ankouraje konsèvasyon zafè ki gen rapò ak fè aplike lalwa. Devlope epi aplike yon metòd pou eksplore si genyen baryè nan Kominote EJ pou kontakte MEP
- Devlope yon plan ak yon politik ajans ansanm ak pwosedi pou okipe plent ki gen rapò ak EJ oswa apèl pou aplikasyon.

Sansibilizasyon Vityèl ak Adistans.

- MEP pral kòmanse sèvi ak platfòm videyo (Zoom, Go To Meeting, Skype for Business, Microsoft Teams) ak lòt sèvis ki pèmèt fòmasyon ak reyinyon yo fèt san tout patisipan yo pa nan menm kote, epi yo pral itilize sèvis lang adistans (entèprèt) jan sa nesesè.

Konpetans Limite nan Anglè

- Dapre A&F Bilten #16: *Politik Aksè a Lang,* MEP angaje nan yon revizyon entèn pou detèmine dokiman kle yo ta dwe tradui pou difizyon bay moun ki gen Konpetans Limite nan Anglè (LEP)
- MEP pral travay pou amonize sèvis lang li yo ak egzijans A&F Bilten #16
- MEP pral sèvi ak kontra leta a, Sèvis entèpretasyon ak tradiksyon nan lang etranje (PRF 75)[6], pou jwenn sèvis tradiksyon ak entèpretasyon jan A&F Bilten #16 egzije sa
- MEP pral mete sou kote bidjè pou tradiksyon ak entèprèt dapre kontra leta PRF 75
- MEP pral tradui materyèl sansibilizasyon enpòtan biwo ki idantifye yo
- Jan sa aplikab, selon odyans lan ak zòn jeyografik ki afekte yo MEP pral mete entèprèt disponib pou fòmasyon ki gen rapò ak sekirite piblik, sante, ak lòt pwogram jan sa nesesè nan lang apwopriye, jan A&F Bulletin #16 oswa Règleman EJ EEA a mande.

Fòmasyon

MEP angaje l pou l ankouraje jistis anviwònmantal nan konsepsyon pwosesis pou pran desizyon ki ka anpeche efè dispwopòsyone sou sante, anviwònman, sosyal ak ekonomik sou moun nan Commonwealth la. Pou reyalize sa, nou fè efò pou nou ofri fòmasyon pou anplwaye yo ki bay

[6] https://www.mass.gov/doc/prf75/download

opòtinite enpòtan pou patisipasyon piblik ak angajman kominote a. MEP pral bay finansman pou fòmasyon ki konsantre sou EJ epi li pral asire ke anplwaye ajans apwopriye yo prezante pwoblèm, kondisyon, responsablite ak opòtinite EJ atravè fòmasyon sa yo.

Fòmasyon MEP pou Anplwaye MEP yo. MEP pral bay finansman pou fòmasyon EJ. Sijè yo ka enkli:

- Fòmasyon sou entegrasyon EJ nan travay MEP a.
- Fòmasyon sou angajman kominotè efikas ak pi bon pratik fasilitasyon.

Anplwaye MEP dwe patisipe nan Fòmasyon EEA. MEP pran angajman pou l voye anplwaye nan fòmasyon EJ Ekip EJ EEA a ofri. Sa yo enkli fòmasyon sou:

- itilizasyon Zouti Katografik EJ, tankou GIS EEA (sistèm enfòmasyon jeyografik) Vyouwè EJ[7],
- sèvis entèpretasyon ak tradiksyon lang ak kondisyon,
- pi bon pratik kontak ak angajman piblik.

Rekritman, Anbochaj, ak Pwomosyon

MEP rekonèt enpòtans pou genyen yon mendèv ki reflete divèsite rasyal, etnik, ak sosyo-ekonomik rezidan Massachusetts yo, ki gen ladann wòl kle yon mendèv konsa jwe nan fè pwomosyon desizyon ekitab konsènan fè aplike lalwa ak pwoteksyon sante piblik ak sèvis ki lye ak sekirite.

MEP pran angajman pou l enkòpore divèsite pratik anbochaj ak pou bay responsab anbochaj yo fòmasyon pou ankouraje priz desizyon ekitab, ki gen ladann l sèvi ak kritè nan òf travay ki mande pou aplikan ki reyisi yo demontre konesans ak konpreyansyon sou bezwen popilasyon vilnerab yo, katye jistis anviwònmantal yo, ak zòn ki mal desèvi nan Commonwealth la.

- MEP ap chèche:
  - ale nan fwa travay/karyè ak sant kiltirèl yo pou ankouraje, edike ak ankouraje epi mande aplikan yo rantre nan MEP kòm anplwaye asèmante ki soti nan katye EJ oswa ki gen konesans ak sansiblite sou pwoblèm EJ yo.
  - pale ak elèv nan tout nivo edikasyon an pou enfòme yo sou opòtinite travay nan fè aplike lwa sou konsèvasyon,
  - enkòpore konpreyansyon anplwaye yo sou pwoblèm popilasyon EJ ak travay nan kominote EJ nan kritè revizyon pèfòmans.

[7] https://mass-eoeea.maps.arcgis.com/apps/MapSeries/index.html?appid=535e4419dc0545be980545a0eeaf9b53

Zafè Tribal

- MEP pran angajman pou l revize pwotokòl ekri entèn li yo ki gen rapò ak enterè pèp endijèn nan anviwònman aplikasyon lwa konsèvasyon aktyèl la.

Sibvansyon ak Opòtinite Finansman

- Chèche aktivman jwenn finansman sibvansyon pou inisyativ ki pral benefisye popilasyon EJ yo nan Commonwealth la.

Endikatè yo

Politik EJ a mande pou ajans yo mezire ak swiv pwogrè ak objektif EJ yo, ki Lè sa a, anrejistre nan yon dokiman fen ane ki pibliye pa EEA. Endikatè ke MEP pral swiv yo se:

- Bidjè ki depanse nan sèvis lang
- Konbyen dokiman ki tradui
- Nan konbyen ka yo itilize entèprèt
- Fòmasyon òganize ann entèn
- Fòmasyon MEP òganize sou sijè MEP yo nan kominote EJ yo
- Prezans anplwaye MEP yo nan Fòmasyon EJ
- Chif demografik anbochaj yo[8]

Aplikasyon Estrateji EJ EEA sa a

Pou nenpòt enkyetid, plent, konpliman oswa lide, oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou efò ajans nou an pou jistis anviwònmantal, enèji ak klima, tanpri kontakte Biwo Jistis Anviwònmantal EEA a jan sa endike nan Paj 19 Estrateji EJ EEA sa a.

Pwen Kontak EJ OLE:

Gwo Kevin L. Clayton
Chèf Aplikasyon
kevin.clayton@mass.gov
508-630-431

[8] https://www.mass.gov/info-details/state-employee-diversity-dashboard

Biwo Lwa sou Politik Anviwònmantal Massachusetts
Estrateji Jistis Anviwònmantal

Sa ki nan Dokiman sa a

Biwo Lwa sou Politik Aviwònmantal Massachusetts 33

Entwodiksyon 35

Kontèks 36

Estrateji EJ MEPA 36

Egzijans Patisipasyon Piblik Ranfòse pou Pwojè ki Toupre Popilasyon EJ yo 37

Analiz Ranfòse Enpak yo sou Popilasyon EJ yo 38

Aksè a Lang 38

Efò Patisipasyon Piblik la Biwo MEPA a 39

Fòmasyon Ak Anbochaj Anplwaye yo 40

Endikatè yo 40

Aplikasyon Estrateji EEA EJ sa a 41

Biwo Lwa sou Politik Anviwònman Massachusetts Estrateji Jistis Anviwònmantal

Entwodiksyon

Biwo Lwa sou Politik Anviwònmantal Massachusetts la (MEPA) fè pati Biwo Egzekitif pou Enèji ak Afè Anviwònman (EEA), yon ajans nan Commonwealth Massachusetts la.

Biwo MEPA a fè revizyon sou enpak pwojè devlopman yo ak lòt aktivite ki mande aksyon, tankou pèmi, chwa sit oswa finansman, pa ajans leta yo ak sèten otorite minisipal (ansanm, "yon Ajans" oswa "plizyè Ajans"). Entansyon pwosesis revizyon MEPA a se bay opòtinite enpòtan pou revizyon piblik potansyèl enpak sou anviwònman an anvan aksyon Ajans la sou pwojè a.

Biwo MEPA a angaje l pou l enkòpore prensip jistis anviwonmantal (EJ) nan pwogram, politik ak aktivite li yo. Pou sa, Estrateji MEPA EJ sa a dekri yon kad pou aplike Seksyon 56-60 nan Chapit 8 nan Lwa 2021 yo: *Yon Lwa k ap kreye yon plan nouvèl jenerasyon pou politik klima nan Massachusetts* ("Lwa sou plan klima a" oswa "Lwa a"). Espesyalman, MEPA ap chèche amelyore opòtinite pou popilasyon EJ yo bay kontribisyon siyifikatif nan revizyon MEPA epi amelyore metòd pou analize enpak pwojè ki afekte popilasyon EJ yo. MEPA gen entansyon tou pran mezi pou enkòpore prensip EJ nan fonksyon entèn Biwo MEPA a atravè amelyorasyon nan edikasyon piblik, aksè a lang, ak fòmasyon anplwaye ak pratik anbochaj.

Estrateji MEPA EJ a gen ladann eleman sa yo, ki dekri an detay nan seksyon ki anba yo:

- Amelyore kondisyon patisipasyon piblik pou pwojè ki sibi revizyon MEPA epi ki sitiye tou pre popilasyon EJ yo
- Amelyore analiz enpak pwojè yo sou popilasyon EJ yo, ki gen ladann yon evalyasyon chaj anviwònmantal ki egziste deja yo ak konsekans sante piblik yo ak analiz enpak adisyonèl pwojè yo.
- Amelyore aksè a lang ak sèvis tradiksyon/entèpretasyon ki gen rapò ak aksyon kle Biwo MEPA a poze
- Amelyore pwòp patisipasyon piblik Biwo MEPA a ak efò edikasyon andeyò revizyon pwojè endividyèl yo
- Fè fòmasyon anplwaye yo epi aktyalize pratik anbochaj pou reflete angajman anvè prensip EJ yo
- Etabli mezi pou swiv pwogrè sou siksè aplikasyon estrateji sa a
- Revize règleman MEPA yo, oryantasyon ak lòt pwosedi jan sa nesesè pou atenn objektif ki anwo yo

Kontèks

Jan sa defini nan Politik EEA EJ a (aktyalizasyon 2021),1 "Jistis Anviwònmantal" vle di pwoteksyon egal ak patisipasyon siyifikatif tout moun ak kominote yo nan sa ki konsène devlopman, aplikasyon, ak fè aplike lwa, règleman, ak politik nan zafè enèji, chanjman klimatik, anviwònman, ak distribisyon ekitab enèji ak avantaj epi chaj anviwònmantal yo.

Lwa sou plan klima a genyen plis pwoteksyon pou popilasyon EJ yo. Lejislasyon an mande klèman pou MEPA aplike pwotokòl patisipasyon piblik amelyore epi etabli yon pwosesis revizyon enpak anviwònmantal ki pi konplè pou pwojè ki toupre popilasyon EK yo. Li mande revizyon sa yo pou idantifye chaj anviwònmantal ki enjis oswa ki pa ekitab ki egziste deja ak konsekans sante piblik konèks ke popilasyon EJ yo sibi, epi egzamine fason lòt enpak pwojè yo ka lakòz efè negatif dispwopòsyone oswa ogmante risk chanjman klimatik sou popilasyon EJ a.

Dekrè 552[2] te mande EEA pou aktyalize Règleman EJ 2002 a epi li te mande tout Sekretarya yo nonmen yon Direktè EJ a epi aplike yon estrateji EJ a. Dekrè a te egzije tou pou yo fòme yon Gwoup Travay Entènajans Jistis Anviwònmantal pou kowòdone efò aplikasyon EJ yo atravè Sekretarya yo.

Politik EEA EJ (aktyalize an 2021) menm jan an mande tout ajans EEA pou etabli pwòp estrateji EJ yo pou enkòpore prensip EJ yo nan pwogram, politik ak aktivite yo. Politik EEA EJ a egzije pou pwojè ki deklanche sèten "limit revizyon" nan règleman MEPA yo bay opòtinite pou "patisipasyon piblik ki amelyore" pa popilasyon EJ ki ozalantou yo epi fè yon "analiz amelyore pou enpak ak alèjman." Egzijans sa yo pral aplike kounye a atravè règleman MEPA epi konsèy yo dwe bay dapre Lwa sou Plan Klima a.

Estrateji MEPA EJ

Jan Lwa sou Plan Klima a mande l, Biwo MEPA a te pibliye règleman amande pou aplike dispozisyon Lwa a ki gen rapò ak MEPA epi li te bay dokiman oryantasyon ki asosye yo. Nouvo egzijans ki gen rapò ak jistis anviwònmantal la pou nouvo depo pwojè yo te mete an vigè nan dat 1ye janvye 2022. Biwo MEPA a ap anvizaje yon dezyèm faz devlopman règleman an 2022, sou baz rezilta yon efò entèvenan yo ki te dirije pa Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts (MassDEP) dapre Seksyon 102C Lwa sou Plan Klima a.

Konpozan kle yo nan Estrateji MEPA EJ se sa ki annapre yo:

[1] https://www.mass.gov/executive-orders/no-552-executive-order-on-environmental-justice
[2] https://www.mass.gov/executive-orders/no-552-executive-order-on-environmental-justice

Egzijans Patisipasyon Piblik Amelyore pou Pwojè ki Sitiye Toupre Popilasyon EJ yo

Biwo MEPA angaje l pou l asire opòtinite enpòtan pou opinyon piblik la nan pwosesis revizyon MEPA atravè yon pwotokòl amelyore patisipasyon piblik pou pwojè ki toupre popilasyon EJ yo. Biwo MEPA a pral amonize pwotokòl sa a ak egzijans eksplisit Lwa sou Plan Klima a.

Lè yo pwomilge règleman Lwa Plan Klima a egzije yo, Biwo MEPA a pral mande pou tout pwojè ki nesesè pou antreprann revizyon MEPA (ak eksepsyon limite) angaje yo nan efò sansibilizasyon ak angajman kominote a anvan yo depoze yo nan Biwo MEPA a. Tout pwojè yo dwe bay yon notifikasyon pwojè a alavans a òganizasyon kominotè (CBO) ak tribi ki enkli nan yon lis referans ki nan men Direktè EEA EJ a.

Pwotokòl patisipasyon amelyore piblik MEPA a mande pou moun ki fè pwopozisyon yo aplike pi bon pratik nan angajman kominote a, ki gen ladann, men pa sèlman, mezi sa yo:

- Fè yon reyinyon kominotè sou demann nenpòt moun ki kontakte yo atravè notifikasyon yo bay alavans, oswa sou plis difizyon yon rezime ekri pwojè a jan sa endike anba a.
- Laj difizyon yon rezime ekri pwojè a (avèk tradiksyon nan lang ki enpòtan yo) ak detay pwojè debaz yo
- Ebèjman yon sitwèb sou pwojè a oswa rann enfòmasyon sou pwojè disponib atravè lòt mwayen elektwonik menm jan an
- Veye pou sansibilizasyon piblik la nan yon lang ki klè, ki konpreyansif, nan yon fòma ki fasil pou itilizatè yo
- Angaje nan sansibilizasyon kreyatif nan sèvi ak gwoup ki deja egziste – tankou òganizasyon de baz ak gwoup lekòl segondè – ak zòn natirèl kongregasyon – tankou kote pou adore, bibliyotèk, ak mache kiltivatè yo – pou difize enfòmasyon sou nouvo pwojè, ansanm ak kote tradisyonèl yo tankou bibliyotèk ak biwo gouvènman an
- Itilizasyon medya altènatif ak/oswa espesyal nan kominote a pou fè piblikasyon pwojè a, tankou estasyon piblik lokal yo, jounal espesyalize, medya sosyal ak jounal kominotè, ak medya altènatif;
- Òganize reyinyon minisipal oswa lòt reyinyon kominotè sible ki òganize pa sijè, pa katye, oswa gwoup enterè
- Fè reyinyon kominotè yo pandan wikenn oswa lè aswè, nan kote ki aksesib toupre transpò piblik, ak/oswa atravè zoom oswa lòt sèvis ki baze sou entènèt si yo mande sa yo oswa yo detèmine pou yo pi efikas pou rive jwenn popilasyon EJ yo. Anplis de sa, yo ta ka anvizaje yon "fòma ibrid" ki pèmèt manm piblik la rantre an pèsòn, sou Zoom, oswa pa telefòn, epi rann kontni reyinyon an disponib apre sa pou moun ki pa ka patisipe.
- Òganize efò edikasyon piblik pou aspè teknik pwojè a, tankou fich enfòmasyon ak vizyèl ki gen ladann yon rezime pwojè a ak teknoloji ak pwosesis ki asosye yo, lè yo sèvi avèk langaj pwofàn ak tèm nan yon efò pou asire kominote a konprann enpak potansyèl pwojè epi li kapab bay kontribisyon siyifikatif, epi fè prezantasyon kalite "fwa syantifik" oswa ansèyman ki repati pa sijè

- Nan anvizaje efò edikasyon pòt-an-pòt atravè itilizasyon bwochi oswa lòt metòd pou fè rechèch
- Idantifye katye espesifik, rezidan oswa lòt kominote ki antoure sit pwojè a ki ka afekte epi anvizaje estrateji sansibilizasyon sible ak angajman ki oryante nan domèn sa yo.
- Etabli yon depo enfòmasyon lokal ki pratik ak aksesib pou Popilasyon EJ a kote yo ka jwenn enfòmasyon ki gen rapò ak pwojè a.

Amelyore Analiz Enpak yo sou Popilasyon EJ yo

Jan Lwa sou Plan Klima a mande sa, Biwo MEPA a pral elaji tou revizyon pwojè ki andedan oswa toupre popilasyon EJ yo ak analiz amelyore enpak yo sou popilasyon EJ yo. Pou pwojè ki soumèt a jiridiksyon MEPA ki atenn oswa depase nenpòt limit revizyon MEPA, Lwa sou plan klima a egzije preparasyon yon rapò enpak sou anviwònman an (EIR), si pwojè a sitiye nan 1 mayl de nenpòt popilasyon EJ oswa 5 mayl si pwojè a pral gen enpak sou kalite lè a. Dapre nouvo règleman yo pwopoze a, yo pral detèmine yon pwojè gen enpak sou kalite lè a si li atenn oswa depase limit revizyon MEPA dapre 301 CMR 11.03(8)(a)-(b), oswa si li jenere 150 nouvo vwayaj an mwayèn chak jou (adt) oswa plis trafik machin dyezèl sou yon dire 1 ane oswa plis.

Konfòm ak Lwa sou Plan Klima a, yon EIR ki depoze pou yon pwojè ki nan 1- oswa 5-mayl de yon popilasyon EJ dwe gen ladann yon evalyasyon ki egziste deja sou "chaj anviwònman enjis oswa inekitab ak konsekans sante piblik" sipòte pa popilasyon EJ a. EIR a dwe analize tou enpak sou anviwònman ak sante piblik pwojè a pou detèmine si l ap gen yon “efè negatif dispwopòsyone” sou popilasyon EJ yo oswa ogmante oswa diminye risk chanjman klimatik.

Biwo MEPA a te defini nan konsèy metodoloji pou fè evalyasyon ki dekri pi wo a. An kowòdinasyon ak Direktè EJ EEA a, Biwo MEPA te konsilte ajans kle ak biwo ki gen ekspètiz enpòtan ki gen rapò ak analiz EJ ak enpak sante piblik, tankou Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts (MassDEP), Depatman Sante Piblik Massachusetts (DPH), Otorite Resous Dlo Massachusett (MWRA), Biwo Asistans Teknik (OTA), Biwo Jesyon Zòn Kotyè Massachusetts (JZK), ak ekip klima EEA. Biwo MEPA te chèche, epi kontinye chèche, kontribisyon yon pakèt entèvenan ekstèn atravè yon komite konsiltatif plis pase 20 manm ki te fòme an septanm 2021.

Aksè a Lang

Biwo MEPA a pran angajman pou elaji aksè a lang ak sèvis tradiksyon/entèpretasyon pou aksyon kle Biwo a poze. Jan yo note sa pi wo a, Biwo MEPA te pibliye yon pwotokòl patisipasyon piblik EJ, ki pral gen ladann l enfòmasyon sou fason pou idantifye lang ki enpòtan pou bay sèvis tradiksyon ak entèpretasyon. Sèvis lang sa yo pral aplike nan avi, dokiman ak reyinyon kominotè ki gen rapò ak pwojè yo pwopoze a. Biwo MEPA a gen entansyon tou eksplore solisyon IT pou fasilite aksè a lang, tankou akizisyon potansyèl yon kont Zoom ki pèmèt kanal entèpretasyon ak eksplore itilizasyon sèvis tradiksyon ki baze sou entènèt. Biwo MEPA a angaje l pou l asire sèvis tradiksyon "sou apèl" pou travay chak jou, swa poukont li oswa avèk lòt ajans oswa divizyon EEA.

Dokiman ekri sa yo ki te pwodui pa Biwo MEPA a ofri opòtinite pou sèvis tradiksyon pou pèmèt moun ki gen konpetans limite nan anglè enplike yo totalman nan pwosesis MEPA a:

	DOKIMAN	Antite ki Responsab
1	Materyèl yo itilize pou sansibilizasyon preyalab ak angajman kominote a (ki gen ladann rezime pwojè ekri)	Pwomotè
2	Fòm Notifikasyon Anviwònmantal (ENF, oswa depo pwojè) ki soumèt nan Biwo MEPA	Pwomotè
3	Avi sou pwojè ki te pibliye nan Siveyans anviwònmantal (piblikasyon ki baze sou entènèt ke Biwo MEPA jere)	MEPA
4	Afiche dat/lè/kote vizit sit nan Siveyans Anviwònmantal la	MEPA
5a	Enfòmasyon siplemantè soumèt ki bay Biwo MEPA *(Si li aplikab)*	Pwomotè
5b	Imèl avi sou pwolongasyon peryòd kòmantè ak enfòmasyon siplemantè bay ajans/vil/òganizasyon kominotè/moun ki te patisipe nan vizit sit la. *(Si li aplikab)*	MEPA
6	Bay Sètifika MEPA epi pibliye nan Environmental Monitor	MEPA
7	Bay yon desizyon konsiltatif MEPA	MEPA
8	Delivre desizyon sekirite MEPA	MEPA

Efò Patisipasyon Piblik pa Biwo MEPA

Anplis de egzije pou pwomotè pwojè yo fè plis efò pou enplikasyon piblik la, Biwo MEPA a angaje l pou l amelyore pwòp angajman li ak popilasyon EJ yo pandan l ap mennen aktivite ajans yo deyò revizyon pwojè endividyèl yo. Lòt efò Biwo MEPA a dwe anvizaje gen ladann sa ki annapre yo:

- An konsiltasyon ak Direktè EEA EJ a, kenbe yon lis aktyalize CBO ak tribi pou bay kòm yon resous pou pwomotè pwojè yo.
- Fè fòmasyon peryodik ak/oswa prezantasyon yo bay piblik la (avèk videyo anrejistre ke moun ki pa ka patisipe), ak kontak solid bay popilasyon EJ yo, konsènan objektif MEPA ak fason yo patisipe ak enfliyanse pwosesis MEPA a. Fòmasyon sa yo pral òganize an konsiltasyon ak Direktè EEA EJ a.
- Eksplore amelyorasyon nan pòtal kòmantè piblik MEPA pou pèmèt soumèt demann pou resevwa notifikasyon kontinyèl sou devlopman pwojè yo

- Revize fòmilè notifikasyon anviwònman an (ENF) pou enkli kondisyon patisipasyon piblik EJ
- Mete ajou paj wèb MEPA epi rann li pi aksesib pou kominote yo atravè Commonwealth la

Biwo MEPA a pral suiv egzijans Plan Patisipasyon Piblik EEA (PIP) an rapò ak operasyon entèn MEPA yo. Anrapò ak revizyon pwojè yo, pwotokòl patisipasyon piblik MEPA (aplikab pou moun ki pwopoze pwojè yo) ap sèvi pou satisfè egzijans EEA PIP yo.

Fòmasyon ak Anbochaj Anplwaye yo

Biwo MEPA a angaje l pou l bay fòmasyon anplwaye yo pou asire ke analis yo ak anplwaye yo konprann Estrateji MEPA EJ a ak règleman ak gid ki asosye yo, pou yo kapab aplike egzijans EJ poukont yo pandan pwosesis revizyon MEPA a. Fòmasyon sa yo pral obligatwa, gen ladann ansèyman alekri ak an pèsòn, epi yo pral reflete nan evalyasyon anplwaye yo yon fason pou asire yo fini.

Anplis de sa, Biwo MEPA a pral travay avèk biwo EEA HR pou ankouraje divèsite nan pratik anbochaj ak pwomosyon. EEA rekonèt li enpòtan pou genyen yon mendèv ki reflete divèsite rasyal, etnik ak sosyo-ekonomik rezidan Massachusetts yo, ki gen ladann wòl kle yon mendèv konsa jwe nan fè pwomosyon desizyon ekitab konsènan pèmi anviwònmantal ak enèjetik, chwa sit yo, devlopman regilasyon, vèsman sibvansyon ak aplikasyon lalwa. MEPA pran angajman pou enkòpore pratik anbochaj divèsite, ki gen ladann itilize kritè nan piblikasyon travay ki mande pou aplikan yo asepte yo demontre konesans ak konpreyansyon sou bezwen popilasyon vilnerab yo, katye jistis anviwònmantal la, ak zòn ki mal desèvi yo.

Endikatè yo

Jan PolitikEEA EJ mande sa (aktyalizasyon 2021), MEPA pral devlope endikatè pou swiv pwogrè estrateji EJ ki dekri nan dokiman sa a. Nan premye ane a, endikatè sa yo pral konsantre sou pwogrè nan aplikasyon avèk siksè egzijans Lwa sou plan klima a, epi yo pral enkli, jan sa posib:

- Kantite pwojè MEPA ki sitiye nan yon reyon 1 mayl ak 5 mayl de popilasyon EJ yo, ansanm ak repatisyon pwojè obligatwa "ENF" ak "EIR obligatwa"
- Kantite pwojè MEPA k ap fè efò angajman kominotè
- Kantite pwojè MEPA ki bay alèjman espesifik pou enpak EJ yo
- Kantite pwojè MEPA ki bay sèvis lang

Biwo MEPA a pral anvizaje mezi adisyonèl pou swiv pwòp pwogrè li nan aplikasyon estrateji sa a, tankou:

- Kantite ak kalite dokiman ki te pwodui pa Biwo MEPA a ke yo bay tradiksyon lang pou li
- Kantite fòmasyon EJ ki te fèt pou anplwaye yo
- Kantite fòmasyon piblik oswa seminè anrejistre ki fèt oswa ki pwodui konsènan pwosedi revizyon MEPA ak fason pou patisipe nan revizyon MEPA

Fè Aplike Estrateji EEA EJ sa a

Pou nenpòt enkyetid, plent, konpliman oswa lide, oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou efò ajans nou an pou jistis anviwònmantal, enèji ak klima, tanpri kontakte Biwo Jistis Anviwònmantal EEA a jan sa endike nan Paj 19 Estrateji EEA EJ sa a.

Pwen Kontak MEPA EJ:

Tori Kim
Asistan Sekretè/Direktè MEPA
Tori.Kim@mass.gov
(857) 207-2996

oswa

Paj Czepiga
Asistan Direktè MEPA
Page.Czepiga@mass.gov
(857) 408-7049

Biwo Asistans Teknik Massachusetts

OFFICE OF TECHNICAL ASSISTANCE & TECHNOLOGY

Estrateji Jistis Anviwònmantal

Sa ki nan Dokiman sa a

Biwo Asistans Teknik Massachusetts 42

Deklarasyon Misyon OTA & Kontèks 44

Egzijans Estrateji Jistis Anviwònmantal (EJ) Sekretarya a ki soti nan Politik EEA EJ 44

Estrateji EJ 44

Aksyon Ajans Kle yo *45*

Rediksyon Itilizasyon Sibstans Toksik nan tout eta a *45*

Aktivite Asistans Teknik *45*

Sansibilizasyon Jeneral *46*

Sekirite Chimik & Rezilyans Chanjman Klimatik *47*

Sibvansyon TURI / Laboratwa /Referans Rechèch *48*

Reyalizasyon OTA nan Ane ki Pase ar *48*

Planifikasyon Alavni pou Aktivite Adisyonèl *49*

Kominikasyon *50*

Angajman OTA sou Anbochaj Nouvo Anplwaye *50*

Aplikasyon Estrateji EEA EJ sa a 51

Biwo Asistans Teknik nan Massachusetts (OTA)

Deklarasyon Misyon OTA ak Kontèks

Biwo Asistans Teknik nan Massachusetts (OTA) se yon ajans nan tout eta nan Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman (EEA) ki te kreye pa, Lwa sou Rediksyon Itilizasyon Sibstans Toksik (TURA), epi li se youn nan twa ajans ki asire aplikasyon yo. Wòl OTA a se fè prevansyon polisyon konfidansyèl ak bay èd pou rediksyon itilizasyon sibstans toksik yo pou biznis Massachusetts yo. Ajans sè nou an, la Enstiti Rediksyon Itilizasyon Toksik (TURI) nan UMass Lowell, ki te kreye tou pa TURA, bay itilizatè sibstans toksik ak kominote rechèch la, sèvis laboratwa, ak endistri / ti biznis / sibvansyon kominotè pou efò rediksyon itilizasyon sibstans toksik yo. MassDEP se ògàn regilasyon ak Aplikasyon TURA. Ansanm, ajans sa yo travay an patenarya pou aplike pwogram TURA a epi redwi itilizasyon pwodui chimik toksik yo nan Commonwealth la. Anpil moun k ap ranpli TURA ak lòt itilizatè sibstans toksik yo sitiye nan kominote jistis anviwònmantal yo.

Sekretarya Jistis Anviwònmantal (EJ) Estrateji Egzijans ki soti nan Politik EEA EJ

Biwo Egzekitif_Enèji ak Afè Anviwònman (EEA) Politik Jistis Anviwònmantal (EJ) te mande tout ajans EEA yo devlope pwòp Estrateji EJ yo. Ajans EEA yo dwe anvizaje kòman yo kapab entegre konsiderasyon jistis anviwònmantal la nan depatman yo atravè politik, pwogram oswa lòt estrateji yo. Ajans EEA yo dwe idantifye ak ankouraje pwojè ajans yo patwone yo, desizyon finansman, règleman oswa lòt aksyon ki poze pou fè avanse jistis anviwònmantal nan tout Commonwealth la pou montre kijan yo te mezire distribisyon ekitab avantaj yo.

Estrateji EJ

OTA ofri prevansyon polisyon gratis ak konfidansyèl ak asistans pou redui itilizasyon pou biznis pou Massachusetts nan idantifye opòtinite pou redui itilizasyon sibstans toksik ak fatra, nan idantifye fason pou konsève enèji ak lòt resous, epi nan ede konpayi yo ak konfòmite regilasyon. Diminye prezans pwodui chimik toksik nan fabrikasyon an benefik pou kominote kote enstalasyon sa yo ye. An 2019, 44% fabrikan ak biznis OTA te bay asistans teknik yo te nan oswa mwens yo demi mayl kominote EJ. Pou bay resous yon fason ki pi efikas pou kominote sa yo, OTA pral entegre prensip EJ yo atravè pwogram li yo, kontak ak inisyativ estratejik li yo. Travay OTA a pral gen ladann vizit sou sit konpayi yo pou bay konpayi ki deja egziste nan katye EJ yo asistans teknik pou konsève enèji ak resous epi redui itilizasyon sibstans toksik ak fatra, epitou pou gide nouvo biznis oswa biznis k ap grandi k ap chèche nouvo pèmi oswa kòmanse nouvo operasyon fabrikasyon pou anvizaje prevansyon polisyon ak konsèvasyon resous pandan pwojè yo toujou

nan etap planifikasyon an. Sèvis OTA yo benefiik pou kominote EJ yo lè yo amelyore sante piblik ak ogmante sekirite anviwònmantal la pou itilizatè sibstans toksik yo atravè aktivite sa yo:

- Idantifye opòtinite pou redui risk ki asosye ak itilizasyon, fabrikasyon, ak pwosesis pwodui chimik danjere yo.
- Idantifye ak evalye pwosesis ak pwodui chimik ki fondamantalman pi an sekirite.
- Idantifye ak jwenn aksè nan ankourajman ak resous sèvis piblik, etatik ak federal yo.
- Abòde pwoblèm sekirite potansyèl ak amelyore konfòmite ak règleman yo.
- Diminye ekspozizyon anplwaye a pwodui chimik danjere epi bay yon espas travay ki pi an sekirite.
- Ogmante efikasite nan itilizasyon enèji nan pwosesis yo.
- Aplike bon pratik eksplwatasyon ak antretyen pou konsève dlo ak lòt materyèl.
- Aplike rediksyon itilizasyon sibstans toksik pou diminye risk pou aksidan endistriyèl grav ki gen rapò ak move tan nan zòn vilnerab pou chanjman klimatik yo, ki souvan sipèpoze ak kominote jistis anviwònmantal yo.

Aksyon Ajans Kle yo

OTA gen yon angajman kontinyèl pou fè pwogrese EJ nan travay nou epi konsantre sou domèn priyorite sa yo:

Rediksyon Itilizasyon Sibstans Toksik nan tout Eta a

Kounye a, OTA ap travay nan kominote EJ yo paske kominote sa yo chaje ak sibstans toksik ak ekspozisyon chimik yon fason dispwopòsyonèl. OTA pral priyorize sansibilizasyon itilizatè sibstans toksik yo nan ak toupre kominote EJ yo epi òf kontinyèl pou ofri resous yo. OTA pral note siksè rediksyon itilizasyon sibstans toksik yo nan zòn EJ yo epi li pral chèche opòtinite pou devlope ka etid ak lòt resous ki gen rapò ak siksè sa yo ki ta ka sèvi kòm modèl pou enstalasyon nan lòt kominote EJ yo. OTA pral fè kontak tou nan enstalasyon ki sitiye nan oswa toupre zòn EJ yo pou plis sipòte rediksyon itilizasyon sibstans toksik nan zòn sa yo, patikilyèman nan anviwònman kote gen opòtinite klè pou rediksyon itilizasyon toksik oswa kote gen yon enterè kominotè ki eksprime oswa yon bezwen pou rediksyon sibstans toksik yo.

Aktivite Asistans Teknik

Anvan OTA fè yon vizit sou sit nan yon konpayi, anplwaye OTA k ap ede konpayi an voye yon kesyonè anvan vizit la bay kontak konpayi an pou rasanble enfòmasyon debaz sou enstalasyon an. OTA pral amande kesyonè sa a pou ajoute kesyon pou evalye konsyans konpayi an sou jistis anviwònmantal la, epi nan ki pwen priyorite konpayi ki egziste deja gen ladann EJ (pa egzanp, si konpayi an gen yon jistis anviwònmantal ki egziste deja, angajman kominotè, responsablite sosyal antrepriz, oswa deklarasyon jesyon anviwònmantal). Si jistis anviwònmantal la se

(eksplisitman oswa enplisitman) yon priyorite ki egziste deja pou konpayi an, sa pral bay yon opòtinite pou anplwaye OTA yo ankadre rekòmandasyon li yo nan kontèks priyorite konpayi an ki egziste deja ki gen rapò ak jistis anviwònmantal la. Si EJ a pa deja yon priyorite konpayi an, lè sa a, pandan angajman OTA a ak konpayi an, anplwaye OTA pral bay plis enfòmasyon sou relasyon ki genyen ant rediksyon itilizasyon toksik ak jistis anviwònmantal la. Nan de ka yo, OTA pral konsidere epi entegre prensip EJ nan asistans li ak rekòmandasyon li yo.

Chak vizit konpayi OTA yo resevwa yon rapò ekri endividyalize ki souliye rediksyon itilizasyon sibstans toksik, prevansyon polisyon ak rekòmandasyon konsèvasyon resous ansanm ak yon delè kontwòl pou ede nan miz an aplikasyon. Rapò yo pral gen ladann lang sa a pou atire atansyon sou lefèt ke biznis la sitiye nan yon kominote jistis anviwònmantal la ansanm ak enpòtans pou pwoteje sante piblik nan katye sa yo:

“Enstalasyon w lan sitiye a mwens pase yon mayl de yon kominote jistis anviwònmantal. Dènyèman, jistis anviwònmantal la te defini nan lwa Massachusetts nan Chapit 8, Seksyon 56, nan Lwa 2021 yo. Nan lwa sa a, popilasyon jistis anviwònmantal yo defini kòm katye ki satisfè youn oswa plis konbinezon kritè resansman ki baze sou revni, ras, ak konpetans nan lang anglè, ak kèk eksepsyon espesifik. Jistis anviwònmantal la baze sou prensip ki dekri nan Politik Jistis Anviwònmantal Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman (EEA)2017 "ke tout moun gen dwa pou yo pwoteje kont danje anviwònmantal yo epi pou yo viv epi jwi yon anviwònman pwòp e sen kèlkeswa ras, koulè, orijin nasyonal, revni, oswa konpetans nan lang anglè."

“Pandan jistis anviwònmantal la se yon priyorite k ap grandi pou eta a, OTA ta renmen diskite sou fason enstalasyon w lan ka gen ladann jistis anviwònmantal ak/oswa kontribisyon kominote a nan aksyon w yo. Nou ta kontan ofri/reflechi sou resous pou ogmante angajman kominote a.”

Sansibilizasyon Jeneral

OTA ap chèche tounen yon resous pou defansè jistis anviwònmantal yo epi li pral ogmante konsyantizasyon lè li:

- Idantifye alye yo epi eseye ajoute nan ajenda yo nan jistis anviwònmantal ak sosyal, devlopman ekonomik, ak òganizasyon san bi likratif ki valorize rediksyon itilizasyon sibstans toksik, pwomosyon biznis vèt yo pou jwenn rekòmandasyon epi anplifye sèvis OTA yo.
    - OTA pral kolekte epi anrejistre entèraksyon atravè yon baz done ki konsève sou HubSpot.
- Idantifye, kolekte, ak pataje resous medya kominotè ki pibliye oswa emisyon nan lòt lang ki pa anglè avèk EEA ak TURI atravè baz done ki konsève sou HubSpot.

- Kreye sansibilizasyon ak materyèl edikatif ki satisfè bezwen kominote EJ yo ak travayè yo
    - OTA pral pataje Seksyon 18 TURA: Patisipasyon Sitwayen (MGL c.21I Seksyon 18) avèk entèvenan yo epi ede entèvenan yo entèprete rezime teknik ak enplikasyon yo, an patikilye seksyon A ak B jan sa a:

Seksyon 18. Moun ki abite Massachusetts yo ka patisipe nan pwosedi siveyans ak aplikasyon jan sa a:

(A) Depatman an dwe rann disponib pou rezidan yo rapò revizyon ki obligatwa dapre seksyon dis ak rezime plan ki obligatwa dapre seksyon onz la; a kondisyon, sepandan, disponiblite sa soumèt a dispozisyon ki nan seksyon ven an.

(B) Dis rezidan k ap viv nan yon distans mwens pase dis mayl nan yon enstalasyon ki oblije prepare yon plan rediksyon itilizasyon sibstans toksik yo ka mande depatman an pou l egzamine plan an, rezime plan an ak nenpòt done bakòp obligatwa epi detèmine si yo sifizan. Depatman an dwe detèmine si plan an, rezime plan an ak nenpòt done bakòp obligatwa yo satisfè nòm ki etabli dapre chapit sa a. Depatman an dwe rapòte detèminasyon li bay petisyonè yo ak itilizatè sibstans toksik yo alekri nan yon delè rezonab.

- Fè bidjè pou materyèl ki disponib nan lòt lang ki pa anglè epi bay entèpretasyon oral apwopriye ak tradiksyon alekri ki baze sou done demografik mendèv la oswa angajman kominote a.
- Enstitisyonalize EJ nan pwogram TURA lè li:
    - Enkòpore kontak EJ ak prevansyon polisyon nan revizyon pèfòmans anplwaye OTA yo
    - Rezève plas EJ nan komite konsiltatif yo epi asire divès reprezantasyon nan tout randevou yo
    - Bay fòmasyon EJ obligatwa pou anplwaye OTA ki ofri pa Pwogram EEA / OTA / TURA ak/oswa konsiltan deyò ki gen ekspètiz apwopriye ansanm ak fòmasyon wèbinè ak resous ajans deyò yo ofri.
- Itilize Plan Sansibilizasyon EEA /Plan Patisipasyon Piblik la.

Sekirite Chimik ak Rezilyans Chanjman Klimatik:

- Devlope yon plan/estrateji sansibilizasyon ki vize itilizatè sibstans toksik yo nan kominote vilnerab pa rapò a klima a, jan li ann amoni ak Pwogram Sekirite Chimik ak Rezilyans Chanjman Klimatik.

- Travay ak lòt ajans EEA pou mache OTA kòm yon resous pou ede endistri ki nan Zòn Pòtyè ki Deziyen (DPA) oswa zòn ki gen risk inondasyon yo pou redui itilizasyon pwodui chimik toksik yo.
- Aktyalizasyon kritè revizyon pèfòmans anplwaye yo pou mete aksan sou kontak ak enstalasyon ki sitiye nan zòn jistis anviwònmantal yo, ki gen rapò ak sekirite chimik ak òf rezilyans chanjman klimatik OTA a.

- Kolabore ak DPH pou asire koyerans kouch done yo ant kat Sekirite Chimik ak Rezilyans Klimatik OTA ak Zouti Katografi Jistis Anviwònmantal DPH la.

Sibvansyon TURI / Laboratwa / Referans Rechèch

- Referans biznis yo bay sèvis pwogram TURA, ki gen ladann aktivite sa yo:
- Soumisyon sibvansyon ak revizyon:
    - Pataje enfòmasyon konsènan soumisyon sibvansyon atravè òganizasyon ki fèk idantifye nan kominote EJ yo.
    - Ofri fòmasyon pou sipòte sibvansyon TURI yo.
    - Mete notasyon EJ nan sibvansyon TURI.
    - Idantifye lòt resous sibvansyon pou ede konstwui pwogram dirab ak patenarya
- Enkòpore EJ nan Planifikasyon Rediksyon Itilizasyon Sibstans Toksik Konferans Fòmasyon Kontinyèl.
- Idantifye gwoup jistis anviwònmantal, kòporasyon devlopman ekonomik, gwoup kominotè, ajans san bi likratif ak lòt patnè nan yon baz done pataje ak EEA ak TURI.
- Fè fòmasyon renouvlab nan tout pwogram TURA ki gen rapò ak chaj pwodui chimik toksik yo nan kominote EJ yo.

Reyalizasyon OTA nan Ane ki sot Pase a

- Anboche yon estajyè EJ yo peye pou ede nou nan maketing ak bay sèvis ak resous rediksyon itilizasyon sibstans toksik nou yo pou kominote jistis anviwònmantal la nan idantifye patnè ak biznis potansyèl yo epi devlope materyèl sansibilizasyon ak edikasyon. Estajyè Jistis Anviwònmantal an te ede OTA nan kreye yon apwòch pou angaje ak kominote jistis anviwònmantal la ak biznis ki pou minorite yo atravè aktivite sa yo:
    - Kreye yon baz done biznis ki pou minorite yo ki ta benefisye asistans OTA ak yon plan kontak pou vize biznis sa yo.
    - Kreye yon baz done gwoup jistis anviwònmantal, kòporasyon devlopman ekonomik, gwoup kominotè, ONG, ak lòt òganizasyon pou fè patenarya ak mande pou yo ajoute nan pwogram reyinyon yo ak wèbinè pou mache sèvis OTA yo.
    - Idantifye yon reprezantan EJ pou Komite Konsiltatif TURA a.

  - Devlope yon plan sansibilizasyon pou vize itilizatè sibstans toksik yo nan kominote ki vilnerab a chanjman klimatik ak evènman move tan ann amoni ak Pwogram Sekirite Chimik ak Rezilyans Chanjman Klimatik OTA. Aktivite nan lavni yo pral sèvi ak resous tankou Kat chanjman klimatik OTA a, ki gen ladann yon kouch EJ, pou idantifye zòn sible priyoritè yo epi anvizaje kijan resous OTA yo ka benefik pou aktivite nan zòn pòtyè yo deziyen yo tankou East Boston.

- Estajyè EJ a te fè yon sondaj sou anplwaye OTA yo sou pèsepsyon, lide, ak bezwen EJ yo pou yo ka devlope yon fòmasyon pou anplwaye yo ki te gen ladan istwa diskriminasyon bankè ak enplantasyon enstalasyon ki itilize pwodui chimik toksik nan katye pòv ak katye minorite yo. Fòmasyon an te adapte pou kreye yon fòmasyon nan tout pwogram TURA.

- Konferans Fòmasyon Kontinyèl (CE) Prentan 2021 sou Planifikatè Rediksyon Itilizasyon Sibstans Toksik yo (TURP) te genyen yon oratè prensipal EJ, Ana Mascarenas, Direktè Ekite Anviwònman Depatman Kontwòl Sibstans Toksik Ajans Pwoteksyon Anviwònman Kalifòni, pou diskite sou entèseksyon jistis anviwònmantal ak rediksyon itilizasyon pwodui chimik toksik yo.. Ou ka jwenn yon lyen ki mennen nan anrejistreman prezantasyon an isit la.
- Yo te bay pwopriyetè ak anplwaye atelye kawosri otomobil Lawrence yon fòmasyon nan kad yon sibvansyon TURI yo te bay Depatman Ponpye Lawrence. Entèpretasyon Panyòl te disponib nan evènman sa a epi kourikoulòm Massachusetts Clean Auto Repair (MassCAR) te tradui an Panyòl.

Planifikasyon Alavni pou Aktivite Adisyonèl

- Devlope endikatè pou swiv aktivite EJ, ki gen ladann estatistik sa yo nan rapò Gouvènè fen ane a:
  - Pousantaj vizit ki fèt nan kominote EJ yo.
  - Liv pwodui chimik yo, ki gen ladann VOC ak sibstans toksik redui nan kominote EJ yo.
  - Konsèvasyon dlo ak enèji ki reyalize nan kominote EJ yo.
  - Desizyon finansman, tankou sibvansyon TURI yo bay nan kominote EJ yo.
  - Kantite referans OTA te resevwa nan men lòt ajans tankou DEP, Konsèy Sante Lokal, oswa Depatman Ponpye nan kominote EJ yo.
  - Kantite prezantasyon yo fè pou gwoup EJ oswa kominote yo.
  - Nenpòt zouti analiz enpak kimilatif devlope.
- Vize pou yon langaj klè, materyèl kontak aksesib pou etabli pwosesis regilasyon ak delè pou opinyon kominote a ak kòmantè pou amelyore patisipasyon kominote EJ yo.

Sansibilizasyon aksesib ka gen ladann non sèlman materyèl tradui, men tou eksplike konsèp nan yon nivo lekti ki ka konprann pa yon odyans ki pi laj, diminye itilizasyon akwonim, enkli plis eleman grafik, epi ankouraje kesyon ak entèraksyon ak yon pwen kontak klè.

- Eksplore posiblite pou deplase reyinyon piblik yo nan kote ak lè ki pi aksesib pou elaji patisipasyon ak elaji kontak piblik nan lokal ki pa tradisyonèl kote piblik la deja rasanble, tankou evènman katye, sant transpò piblik, ak sant aktivite kominotè.

Kominikasyon

OTA bay fabrikan Massachusetts asistans teknik gratis epi konfidansyèl nan kad Lwa sou Rediksyon Itilizasyon Sibstans Toksik (TURA). Pandan n ap fè sansibilizasyon kominote EJ yo, nou vle tou mete aksan sou enpòtans EJ nan kominikasyon nou ak konpayi yo.

Medya Sosyal ak Bilten Enfòmasyon OTA. Nou pral sèvi ak LinkedIn, Twitter, ak bilten chak trimès nou an pou fè pwomosyon kesyon jistis anviwònmantal epi fè konpayi yo konnen opòtinite pou plis jistis anviwònmantal nan kominote kote yo ye.

Pajwèb TURA. Pwogram TURA a pral devlope yon paj wèb EJ sou mass.gov. Paj wèb sa a pral eksplike kisa pwogram TURA a ye, epi li pral enkli eleman sa yo:

- Dekri kijan pou itilize ak entèprete TURA Data Dashboard, ki gen ladann fason pou jwenn enfòmasyon sou enstalasyon espesifik, epi ofri konsèy pou entèprete done yo nan kontèks jistis anviwònmantal la.
- Kijan OTA, TURI, ak DEP kapab angaje ak bay kominote EJ yo resous yo.
- Link ki mennen nan Tablodbò Done TURA epi Sekirite chimik OTA a ak kat jeyografik chanjman klimatik.
- Mete enfòmasyon sou sibvansyon TURI, ak enfòmasyon sou tout pwogram TURA ak resous EEA ki disponib yo.

Pajwèb OTA: OTA pral mete ajou paj wèb li tou pou mete aksan sou fason OTA ka benefik pou kominote EJ yo ak enstalasyon ki ladann yo, mete aksan sou aktivite EJ aktyèl OTA yo, epi enkli materyèl tradui ki disponib.

Angajman OTA sou Anbochaj Nouvo Anplwaye yo

EEA rekonèt li enpòtan pou genyen yon mendèv ki reflete divèsite rasyal, etnik ak sosyo-ekonomik rezidan Massachusetts yo, ki gen ladann wòl kle yon mendèv konsa jwe nan fè pwomosyon desizyon ekitab konsènan pèmi anviwònmantal ak enèjetik, chwa sit yo, devlopman regilasyon, vèsman sibvansyon ak aplikasyon lalwa. MEP pran angajman pou l enkòpore divèsite

pratik anbochaj ak pou bay responsab anbochaj yo fòmasyon pou ankouraje priz desizyon ekitab, ki gen ladann l itilizasyon kritè nan òf travay ki mande pou aplikan ki reyisi yo demontre konesans ak konpreyansyon sou bezwen popilasyon vilnerab yo, katye jistis anviwònmantal yo, ak zòn ki mal desèvi nan Commonwealth la.

Fè Aplike Estrateji EJ EEA sa a

Pou nenpòt enkyetid, plent, konpliman oswa lide, oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou efò ajans nou an pou jistis anviwònmantal, enèji ak klima, tanpri kontakte Biwo Jistis Anviwònmantal EEA a jan sa endike nan Paj 19 Estrateji EJ EEA sa a.

Biwo Asistans Teknik (OTA) Pwen Kontak EJ:

Kari Sasportas
Sansibilizasyon ak Analis Politik
kari.saportas@mass.gov
(617) 429-5454

oswa

Tiffany Skogstrom
Direktè
tiffany.skogstrom@mass.gov
(857) 275-1561

Depatman Resous Agrikòl Massachusetts

Estrateji Jistis Anviwònmantal

Sa ki nan Dokiman sa a

Department Resous Agrikòl Massachusetts 52
Deklarasyon Misyon MDAR 54
Egzijans Estrateji EJ Sekretarya a ki soti nan Politik EEA EJ 55
Estrateji EJ 55
Politik MDAR EJ 56
Kominikasyon Ranfòse ki Lye ak Jistis Anviwònmantal 57
Fòmasyon yo 59
Opòtinite Sibvansyon yo 59
Planifikasyon Alavni pou Pwojè/Aktivite Adisyonèl 59
Endikatè yo 59
Revizyon Anbochaj & Pèfòmans 60
Aplikasyon Politik EEA EJ 60

Depatman Resous Agrikòl Massachusetts Estrateji Jistis Anviwònmantal

Deklarasyon Misyon MDAR

Atik 97 nan Konstitisyon Massachusetts la garanti dwa moun yo pou yo gen lè ak dlo pwòp, pou egzan de bri eksesif e ki pa nesesè, ak kalite natirèl, panoramik, istorik, ak estetik nan anviwònman yo; epi pwoteksyon moun yo nan dwa yo pou konsèvasyon, devlopman, ak itilizasyon resous agrikòl, mineral, forè, dlo, lè ak lòt resous natirèl yo deklare kòm yon objektif piblik. Misyon Depatman Resous Agrikòl Massachusetts (MDAR) se ede kenbe apwovizyònman manje Massachusetts an sekirite, epi travay pou kenbe agrikilti Massachusetts an bòn sante sou plan ekonomik ak anviwònmantal. MDAR asire vyabilite alontèm agrikilti nan Massachusetts. Atravè kat divizyon li yo - Konsèvasyon Agrikòl ak Asistans Teknik, Mache agrikòl, Sante Animal, epi Sèvis Rekòt ak Pès – MDAR fè efò pou sipòte, kontwole, ak amelyore divèsite rich nan kominote agrikòl Commonwealth la pou ankouraje sekirite alimantè ak mezi sante bèt ki bon sou plan ekonomik ak anviwònmantal, epi ranpli wòl agrikòl nan konsèvasyon enèji ak pwodiksyon. Atravè devlopman politik ak pwomilgasyon règleman pou sante bèt, sekirite manje ak pestisid, ak debouse resous ki nesesè yo atravè pwogram sibvansyon, ak sipèvizyon estanda ki gen rapò ak fèm ak mache manje nan espas nan vil ak espas riral, divizyon Depatman an ap travay pou ranpli misyon sa a atravè plis pase 60 pwogram ak sèvis li ofri.

Egzijans Estrateji Sekretarya EJ ki Soti nan Politik EEA EJ

Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònmantal (EEA) Politik Jistis Anviwònmantal (PEJ) te mande tout ajans EEA yo devlope pwòp Estrateji EJ yo. Ajans EEA yo dwe anvizaje kòman yo kapab entegre konsiderasyon jistis anviwònmantal la nan depatman yo atravè politik, pwogram oswa lòt estrateji yo. Ajans EEA yo dwe idantifye ak ankouraje pwojè ajans yo patwone yo, desizyon finansman, règleman oswa lòt aksyon ki poze pou fè avanse jistis anviwònmantal nan tout Commonwealth la pou montre kijan yo te mezire distribisyon ekitab avantaj yo[1].

Estrateji EJ

Estrateji MDAR a esplike aksyon pou ankouraje ak entegre konsiderasyon EJ atravè pwogram, politik ak aktivite MDAR yo pou asire aksè egal ak patisipasyon enpòtan tout moun ki abite nan Commonwealth la anrapò ak dirabilite ekonomik ak anviwònmantal agrikilti a ak devlopman ekitab, aplikasyon, ak aksè nan enfòmasyon ak resous yo.

Estrateji MDAR a idantifye aksyon ki pral aplike Règleman EJ EEA a. Estrateji a konpoze ak de lis eleman ki fèt pou:

- Amelyore kominikasyon ki gen rapò ak resous ak enfòmasyon, vize medya ki pa anglè yo, ansanm ak òganizasyon kominotè lokal yo pou difize enfòmasyon;
- Ogmante aksè a lang ak plis disponiblite nan dokiman piblik ak tradiksyon ak sèvis entèpretasyon pou reyinyon piblik yo (an pèsòn oswa elektwonik);
- Evalye konsèy, komite, ak panèl konsiltatif pou asire opòtinite egal pou patisipasyon nan kominote EJ yo nan travay ak patnè yo pou asire konesans sou opòtinite yo epi bay asistans lang lè sa nesesè;
- Kreye yon gwoup travay EJ nan MDAR, ak anplwaye nan chak divizyon, pou devlope, diskite ak asire ke politik yo aplike, osi byen ke fòmasyon entèn EJ pou tout anplwaye yo;
- Ogmante efò kontinyèl pou enkòpore pratik anbochaj divèsite ak bay fòmasyon pou responsab anbochaj pou ankouraje priz desizyon ekitab sa a.
- Ogmante sipò pou fèmye BIPOC gen aksè a tè agrikòl ak Pwogram Lisans Tè MDAR a,
- Bay kominote EJ yo sipò ak edikasyon resous pou esterilizasyon chen ak chat, ansanm ak depans veterinè ke MDAR kouvri pou vaksinasyon chwal pou EEE;
- Angaje epi bay sipò pou kiltivatè ak pwodiktè ki defavorize sosyalman yo avèk asistans teknik, enspeksyon, edikasyon kiltivatè yo, epi bay nenpòt sipò adisyonèl atravè Pwogram Enspeksyon Sekirite Pwodui MDAR la;

[1] www.mass.gov/service-details/environmental-justice-policy, paj. 9

- Travay pou asire ke Inisyativ Touris Kwizin (opòtinite pou vann detay ak machann), ki gen ladann edikasyon ak pwomosyon pwojè gastwonomik, komèsyalize bay kominote EJ yo pou fè pwomosyon manje ki apwopriye kiltirèlman;
- Ogmante pwomosyon pou opòtinite Ekonomik Komèsyal Vant an Detay nan Mass Building, pou "Big E", ki konsantre sou kominote EJ pou vandè k ap patisipe yo;
- Devlope rekòmandasyon ak pi bon pratik pou amelyore patisipasyon piblik la ak opòtinite aksè a kominote EJ yo.

Politik MDAR EJ

Politik yo dwe aplike:

- Egzamine opòtinite pou ranfòse angajman MDAR pou sipòte kominote EJ yo;
- Konsiderasyon pou kritè EJ yo dwe itilize pou bay priyorite opòtinite sibvansyon pou antrepriz agrikòl ak alimantè;
- Ankouraje konsyantizasyon tout ajans yo sou prensip EJ pou pwogram MDAR yo;
- Asire yon patisipasyon enpòtan pou tout moun ki abite nan kominote EJ yo;
- Konsèy MDAR, komite, ak panèl konsiltatif angaje yo nan opòtinite egal pou patisipasyon nan kominote EJ yo;
- Angajman pou travay avèk fèmye BIPOC*[2]yo pou jwenn aksè nan tè ak fasilite tranzisyon siksè yo soti nan fèm ki nan vil yo ale nan pi gwo echèl, atravè pwogram konsèy ak patenarya òganizasyon agrikilti lokal yo;
- MDAR pral aplike revizyon aplikasyon pou pwogram li yo atravè yon lantiy EJ pou asire yo konsidere seryezman ekite ak aksè a resous yo nan pwosesis revizyon sibvansyon an;
- Pran angajman pou konsantre sou opòtinite pou fè patenarya ak òganizasyon ki baze nan fèm pou bay plis asistans pou fèmye Imigran ak BIPOC pou devlope baz konesans (egzanp: planifikasyon biznis, ekri sibvansyon, achte tè);
- MDAR pral kontinye elaji resous sansibilizasyon/angajman kominote a bay popilasyon jistis anviwònmantal yo kòm yon angajman pou bay aksè konplè a pwogram ak aktivite MDAR yo,
- Angajman pou bay enfòmasyon pou Travayè pèmi H2A (yon pwogram federal) ak yon lyen sou sitwèb MDAR ("konnen dwa w", kijan pou pote yon plent, elatriye)

[2] Aplikan an se yon Fèmye ki istorikman mal desèvi jan sa defini nan pwojè loi 2018 su fèm USDA. Sa gen ladann Fèmye Debitan, Fèmye ki Dezavantaje Sosyalman, Fèmye ki gen Resous Limite ak Fèmye Veteran.

- Yon viza H2-A pèmèt yon travayè etranje antre Etazini pou travay agrikòl tanporè. Anplwayè H-2A yo sèl gwoup anplwayè yo egzije peye transpò ale retou, bay lojman, ak manje gratis pou travayè pa yo.

- Angaje l pou eksplwate done jistis anviwonmantal biwo resansman ameriken an bay, dosye entèn kote sibvansyon yo, ak lòt done oksilyè pou ede idantifye kominote sa yo epi gide depatman an;
- Sipòte Meyè Pratik Jesyon (MPJ) pou sansibilizasyon piblik ak patnè pou inisyativ MDAR nan kominote EJ yo.

Amelyore Kominikasyon ki gen rapò ak jistis anviwònmantal la

MDAR pran angajman pou elaji pòte nou atravè yon rezo medya ki pi divèsifye ak patnè ki baze nan kominote a nan katye EJ yo. Ogmantasyon pòte nou an gen ladann tradiksyon langaj, entèpretasyon epi yo pral ogmante aksè a tout resous ak enfòmasyon.

Sit wèb MDAR. MDAR pral aktyalize paj jistis anviwònmantal li a ak yon eleman tradiksyon.

Paj wèb EJ aktyèl MDAR bay enfòmasyon itil tankou:

- Kontak Moun Referans MDAR EJ
- Kontak Direktè EEA EJ a
- Aktyèl,Politik EEA EJ Politik 2017 & 2002
- Lyen ki mennen nan Lwa Federal ak Dekrè
- Kat EJ ak Viouwè EJ EEA
- Enfòmasyon sou asistans entèprèt/tradiksyon lang MDAR

MDAR ap kontinye aktyalize paj wèb EJ nou an kòm yon zouti pou piblik la kominike ak anplwaye MDAR epi gen aksè a dokiman nan plizyè lang. Nou fè efò pou sipòte kominote EJ yo ak gwoup defansè yo, epitou nou bay enfòmasyon enpòtan konsènan pwogram, pwojè, ak aktivite nan sektè agrikòl la.

Ranfòse Sansibilizasyon Kominotè/Sansibilizasyon Piblik la. MDAR pran angajman pou ankouraje jistis anviwònmantal la nan asire difizyon enfòmasyon bay kominote EJ yo pou amelyore sante moun ak bèt, epi tou pou adrese efè sosyal ak ekonomik sou moun nan Commonwealth la. Pou fè sa, MDAR pral travay pou bay anplwaye li yo fòmasyon sou opòtinite enpòtan pou patisipasyon piblik ak angajman kominote a.

Dapre Politik EJ EEA a, “Patisipasyon siyifikatif vle di ke tout katye yo gen dwa a opòtinite pou yo patisipe nan priz desizyon nan zafè enèji, chanjman klimatik, anviwònman ki gen ladann evalyasyon bezwen, planifikasyon, aplikasyon, konfòmite ak aplikasyon, ak evalyasyon epi katye yo abilite ak benefiisye asistans administratif pou patisipe totalman atravè edikasyon ak

fòmasyon, epi gouvènman bay yo transparans/responsabilite konsènan kontribisyon kominote a, epi ankouraje yo pou devlope jesyon anviwònman, enèji, ak chanjman klimatik."[3]

MDAR pral travay ak kominote a, òganizasyon patnè yo, ajans parèy yo, ak ofisyèl lokal yo pou ranfòse angajman ak patisipasyon kominote a. Bal yo se rekòmandasyon/sijesyon men yo pa limite ak metòd MDAR pral itilize pou bay yon angajman kominotè ki gen sans ak patisipasyon piblik la.

- Devlope ak toujou aktyalize yon lis gwoup kominotè ak òganizasyon patnè pa rejyon epi plase l sou yon lis pataje aksesib a tout anplwaye MDAR yo difize tout enfòmasyon piblik;
- Idantifye medya ki pa anglè yo pou elaji pòte MDAR pou bay tout rezidan yo aksè egal a enfòmasyon;
- Asire ke tout pwogram sibvansyon yo ankouraje atravè patnè ak medya nan kominote EJ yo;
- Kontinye ranfòse relasyon yo epi kenbe kominikasyon regilye ak òganizasyon kominotè yo, gwoup endistri yo ak ofisyèl minisipal yo nan pataje enfòmasyon ki gen rapò ak aktivite ak opòtinite sibvansyon nan popilasyon EJ yo ak nan afiche enfòmasyon sou paj wèb EJ MDAR a, ansanm ak medya anglofòn ak sa ki pa anglofòn;

- Sansibilizasyon/Angajman Vityèl, men pa limite a platfòm videyo tankou (Zoom, Ale nan Reyinyon, Skype pou biznis, Ekip Microsoft ak lòt sèvis ki pèmèt reyinyon yo fèt san tout patisipan yo pa nan menm kote);
- MDAR ap kontinye itilize aksè telefòn pou moun ki pa gen aksè entènèt pou tout aktivite yo.

Sèvi ak rezo sosyal / Teknoloji enfòmasyon.

- MDAR pral evalye tou fason pou aplike nouvo teknoloji ak òganizasyon medya yo pou pataje enfòmasyon EJ sou yon baz kontinyèl (sa vle di medya sosyal ak agrandi kontak ak medya divès ak enklizif) nan ete 2022.

- Kontinye aktyalizeak amelyore paj wèb jistis anviwònmantal la.

Konpetans Limite an Anglè

- Sèvi ak kontra leta - Sèvis Entèpretasyon ak Tradiksyon Lang;
- Angajman pou mete sou kote resous finansye ki nesesè pou Sèvis Lang;
- Kontinye tradiksyon dokiman enpòtan ajans yo idantifye nan plizyè lang;
- Aplike epi distribye afich tradiksyon lang "Mwen Pale" nan tout biwo MDAR yo ak biwo resepsyon yo, epi asire tout anplwaye yo konnen egzijans EJ yo;
- Rann entèprèt ak sèvis tradiksyon disponib lè yo idantifye yon popilasyon ki limite nan anglè (LEP) oswa lè popilasyon EJ a mande l;

- MDAR pran angajman pou l aplike Règleman Aksè Lang nan Bilten A&F #16 pou amelyore aksè a sèvis, pwogram ak aktivite leta pou moun ki gen Konpetans Limite nan Anglè (LEP).

Fòmasyon

MDAR pral asire ke anplwaye ajans yo konprann pwoblèm EJ yo, kondisyon, responsablite, ak opòtinite atravè fòmasyon ki gen rapò ak EJ. Evènman fòmasyon espesifik yo ap gen ladann:

- Kontinye bay kat GIS ak fòmasyon pou tout ajans vyouwè EJ sou fason pwogram yo ta dwe itilize sipèpozisyon kat EJ yo;
- Woutinizasyon fòmasyon rejyonal sou EJ ke yo te bay a anplwaye MDAR;
- Fòmasyon sou fason yo entegre jistis anviwònmantal nan travay MDAR, (Angajman entèvenan yo ak definisyon kominote EJ);
- Fòmasyon sou akizisyon sèvis lang ak pwosesis aksè.

Opòtinite Sibvansyon

- Enkòpore Règleman EJ EEA a nan tout sibvansyon MDAR pou ogmante opòtinite nan kominote EJ pou kreye pi gwo opòtinite pou pwodiksyon manje komèsyal, aksè a tè ak opòtinite mache;
    - Asire ke tout sibvansyon MDAR ki egziste deja yo distribye bay popilasyon EJ, tankou manm kominote a, anplwaye minisipal yo, medya yo, elatriye, ki ka enterese nan opòtinite sibvansyon sa yo pou amelyore objektif EJ yo.
    - Bay aksè a lang pou tout RFR yo nan plizyè lang epi bay sèvis tradiksyon sou demann.

Planifikasyon Alavni pou Aktivite Adisyonèl

- Eksplore opòtinite pou envesti nan zòn EJ atravè kolaborasyon ak pwogram rejyonal ki enpòtan yo;
- Kontinye sipòte BIPOC ak fèmye imigran yo ak resous adisyonèl pou sipò enfrastrikti ak kote sa aplikab; ogmante pwodiksyon ak maketing nan rekòt kiltirèl;
- Enèji renouvlab nan kominote EJ yo – MDAR ka eksplore travay sa a epi diskite sou kolaborasyon ak DPU, DOER ak lòt ajans EEA yo;
- Eksplore kapasite pou ogmante espas ouvè ak sit pwodiksyon manje nan popilasyon EJ yo

Endikatè yo

MDAR pral konsevwa, epi mete disponib sou paj EJ li a, yon kat pou montre enpak sibvansyon li yo, ki montre nivo pwogram li yo nan kominote EJ yo.

Jan sa mande anba Règ EEA EJ a, MDAR pral devlope mezi pou swiv pwogrè nan estrateji jistis anviwònmantal la li te mete an plas.

Mezi yo pral genyen ladann yo:

a. Swiv demann tradiksyon ak akonplisman;
b. Kantite nouvo aplikan pou pwogram sibvansyon nan komonote EJ ak Fèmye BIPOC;
c. Kantite dokiman yo tradui;
d. Fòmasyon EEA oswa ONG òganize an entèn pou anplwaye yo;
e. Kantite nouvo medya ki pa anglè pou difize enfòmasyon nan Kominote EJ yo;
f. Suivi patenarya kominotè ki fèt pou elaji kominikasyon resous ak enfòmasyon ki disponib;
g. Suivi chak trimès atravè Resous Imèn nan kantite anbochaj divèsite.

MDAR pral swiv ak konpile enfòmasyon yo pou konfòme yo ak rapò fen ane obligatwa eta a.

Revizyon Anbochaj ak Pèfòmans

MDAR rekonèt enpòtans pou genyen yon mendèv ki reflete divèsite rasyal, etnik ak sosyo-ekonomik rezidan Massachusetts yo, ki gen ladann wòl kle yon mendèv konsa jwe nan fè pwomosyon desizyon ekitab konsènan pèmi anviwònmantal ak enèjetik, chwa sit yo, devlopman regilasyon, vèsman sibvansyon ak aplikasyon lalwa. MDAR pran angajman pou l enkòpore divèsite pratik anbochaj ak pou bay responsab anbochaj yo fòmasyon pou pwomouvwa priz desizyon ekitab, ki gen ladann l itilizasyon kritè nan òf travay ki mande pou aplikan ki reyisi yo demontre konesans ak konpreyansyon sou bezwen popilasyon vilnerab yo, katye jistis anviwònmantal yo, ak zòn ki mal desèvi nan Commonwealth la.

- Òganize Fwa Travay nan sèten lekòl ki nan popilasyon EJ yo;
- Ajoute nan kesyon entèvyou estanda ajans yo kisa jistis anviwònman an vle di pou kandida nan fonksyon ajans sa a;
- MDAR pral travay pou devlope Kritè pou Revizyon Pèfòmans Anplwaye ki pral enkòpore sansiblite anplwaye yo pou pwoblèm popilasyon EJ yo, travay nan kominote EJ, elatriye.

Aplikasyon Politik EEA EJ

MDAR atravè Politik EEA EJ asire pwoteksyon egal ak patisipasyon siyifikatif tout moun ak kominote yo nan sa ki konsène elaborasyon, aplikasyon, ak fè aplike lwa yo, règleman yo ak politik yo nan zafè enèji, chanjman klimatik, ak anviwònman ak distribisyon ekitab enèji ak avantaj ak chaj anviwònmantal yo. Pou nenpòt enkyetid, plent, konpliman oswa lide pou jistis anviwònmantal la, oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou efò ajans nou an pou jistis anviwònmantal, enèji ak klima, tanpri kontakte Biwo Jistis Anviwònmantal EEA a jan sa endike nan Paj 19 Estrateji EEA EJ sa a.

Pwen Kontak EJ MDAR

Rebecca Davidson
Manadjè Inisyativ Estratejik / Responsab Jistis Anviwònmantal
Pwogram Nitrisyon Mache Fèmye yo
Rebecca.davidson@mass.gov
857-202-7699

Depatman Konsèvasyon ak Lwazi

Estrateji Jistis Anviwònmantal

Sa ki nan Dokiman sa a

Depatman Konsèvasyon ak Lwazi 62
Deklarasyon Misyon DCR 64
Kontèks 64
Directiv EEA pou Devlopman Estrateji EJ Ajans la 65
Estrateji Jistis Anviwòmantal DCR 65
Aksesibilite ak Angajman 66
Transparans ak Kominikasyon 67
Envestisman ak Alokasyon Resous 68
Fòmasyon Anplwaye 70
Aplikasyon Estrateji EEA EJ sa a 70

Depatman Konsèvasyon ak Lwazi

Estrateji Jistis Anviwònmantal

Deklarasyon Misyon DCR

Depatman Konsèvasyon ak Lwazi (DKL) ap chèche pwoteje, ankouraje, ak amelyore resous natirèl, kiltirèl ak lwazi nou yo pou byennèt tout moun.

Nan satisfè responsablite jodi a ak planifikasyon pou demen, DCR konsantre sou:

- Amelyore opòtinite lwazi an plennè ak konsèvasyon resous natirèl
- Retabli ak amelyore enstalasyon nou yo
- Ogmante patisipasyon piblik la nan akonpli misyon DCR a, epi
- Etabli sistèm jesyon sistèm pratik premye kagori

Sante ak bonè moun atravè Massachusetts depann de aksesibilite ak kalite enfrastrikti vèt nou an - resous natirèl nou yo, enstalasyon lwazi, ak gwo peyizaj istorik yo. DCR kontinye amelyore koneksyon vital ant moun ak anviwònman an.

Kontèks

Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman nan Massachusetts (EEA) te etabli yon Politik Jistis Anviwònmantal (EJ) pou ede trete patisipasyon dispwopòsyone nan chaj anviwònmantal moun ki gen mwens revni ak kominote koulè yo ki, an menm tan, souvan pa gen avantaj anviwònmantal nan katye yo. Politik la an fèt pou ede asire pwoteksyon kont polisyon nan anviwònman an epi tou pou ankouraje patisipasyon kominote a nan planifikasyon ak priz desizyon anviwònmantal pou kenbe ak/oswa amelyore kalite anviwònman katye sa yo.

Règleman EJ a (aktyalizasyon 2021) gen ladann definisyon sa a, “Jistis anviwònmantal la baze sou prensip ke tout moun gen dwa pou yo pwoteje kont danje anviwònmantal yo epi pou yo viv ak jwi yon anviwònman pwòp e ansante kèlkeswa ras, koulè, orijin nasyonal, revni, oswa konpetans nan lang anglè. Jistis anviwònmantal la se pwoteksyon egal ak patisipasyon siyifikatif tout moun ak kominote yo nan sa ki konsène elaborasyon, aplikasyon, ak fè aplike lwa, règleman, ak politik nan zafè enèji, chanjman klimatik, anviwònman epi distribisyon ekitab enèji, avantaj ak chaj anviwònmantal yo.

Direktiv EEA pou Devlopman Estrateji Ajans EJ

Politik Jistis Anviwònmantal Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman an mande tout ajans EEA yo pou yo devlope Estrateji EJ endividyèl yo. Lè y ap fè sa, ajans EEA yo dwe anvizaje kijan pou entegre yon fason apwopriye konsiderasyon jistis anviwònmantal nan depatman yo atravè politik, pwogram yo, ak lòt estrateji. Ajans EEA yo dwe idantifye ak ankouraje pwojè ki esponnsorize pa ajans, desizyon finansman, elaborasyon règ yo oswa lòt aksyon ki fèt pou jistis anviwònmantal nan tout commonwealth la pou montre kijan yo te mezire distribisyon ekitab avantaj yo.

Estrateji Jistis Anviwònmantal DCR

DCR jere ak siveye plis pase 450,000 kawo tè atravè Massachusetts epi li bay piblik la divès opòtinite lwazi. Sa gen ladann, men pa sèlman, pak, forè, plaj, basen vèsan, teren foutbòl, teren jwèt, teren kanping, pisin teras pilverizasyon, estasyon eski alpen, santye ak patinwa. Antanke youn nan pi gwo ajans ki genyen tè nan Commonwealth, ki gen enstalasyon ak pak nan kominote atravè eta a, DCR kapab jwe yon wòl enpòtan nan asire aksè ekitab a resous natirèl, kiltirèl ak lwazi, ak patisipasyon enpòtan tout moun ak kominote ke yo ap jere.

Yon snapshot pi detaye nan baz done jesyon byen DCR la montre ke DCR posede oswa jere plis pase 3,996 bilding ak amelyorasyon nan tout Commonwealth la. Prèske 25% (981) nan enstalasyon sa yo nan gwoup blòk ki koresponn a klasifikasyon EEA a pou yon Gwoup Blòk Jistis Anviwònmantal.[1]. Nan gwoup enstalasyon sa a, 15% twouve yo nan gwoup blòk ki koresponn a kritè minorite yo (minorite yo reprezante 40% oswa plis nan popilasyon an), 4% nan enstalasyon sa yo nan gwoup blòk ki tonbe nan limit minorite ak revni (<65 % revni mwayèn chak ane nan tout eta a).

Avèk enstalasyon ak teren pak nan anpil kominote jistis anviwònmantal atravè Commonwealth la, DCR gen resous enpòtan pou l ofri epi li kapab yon pati enpòtan nan Estrateji Jistis Anviwònmantal EEA a.

[1]Nan Massachusetts, yon katye defini kòm yon popilasyon jistis anviwònmantal si nenpòt nan bagay sa yo se vrè:

- Revni medyan anyèl fwaye a pa reprezante plis pase 65 pousan revni medyan anyèl fwaye nan tout eta a;
- Minorite yo reprezante 40 pousan oswa plis nan popilasyon an;
- 25 pousan nan fwaye yo oswa plis manke metriz nan lang anglè a;
- Minorite yo reprezante 25 pousan oswa plis nan popilasyon an epi revni medyan anyèl fwaye minisipalite kote katye a sitiye a pa depase 150 pousan revni medyan anyèl fwaye nan tout eta a.

Kritè EJ	# Bilding/Amelyorasyon DCR (B/I) nan Gwoup Blòk EJ dapre Kritè EJ yo
Minorite	592 (15%)
Minorite, Revni	162 (4%)
Revni	152 (3%)
Minorite, Revni, ak Izolman an Anglè	51 (1%)
Minorite, Izolman an Anglè	13 (0.3%)
Izolman an Anglè	11 (0.2%)
Total Bilding yo nan Gwoup Blòk EJ yo	981 (25%)
Total B/I DCR posede ak jere	3,996

Estrateji EJ DCR idantifye domèn enterè ak aksyon ajans lan pral antreprann pou fè pwogrese Politik EEA EJ a (aktyalizasyon 2021). Estrateji EJ a gen de eleman ki fèt pou:

- Elaji aksè a resous ajans yo ak angajman kominote EJ a.
- Ankouraje transparans ak pataje enfòmasyon konsènan inisyativ ak objektif EJ yo.
- Priyorize epi evalye envestisman ak alokasyon resous pou sèvi popilasyon EJ yo.
- Bay anplwaye yo fòmasyon sou prensip jistis anviwònmantal yo ak eleman Estrateji EJ DCR a.

Elaji Aksesibilite ak Angajman

DCR angaje l pou ogmante angajman bò kote popilasyon jistis anviwònmantal yo e pou amelyore aksesibilite ajans lan. Pou asire pratik ak pwosesis angajman piblik enklizif, DCR angaje l pou devlope yon Plan Patisipasyon Piblik EJ. Plan an pral konplete pwogram kontak piblik ajans lan ki egziste deja. Aksyon kle nan plan an pral enkli:

- Devlope yon envantè santralize nan kominote ak gwoup defans yo pa rejyon ki aksesib a tout anplwaye DCR.
- Kontinye bati relasyon nan kominote EJ yo epi kenbe kominikasyon kontinyèl ak gwoup kominotè/defans yo ak ofisyèl minisipal yo. Sa gen ladann pataje enfòmasyon ak chèche opinyon ki gen rapò ak pwojè, pwogram, aktivite, ak opòtinite sibvansyon.

- Bay anplwaye yo konsèy ak pi bon pratik pou sansibilizasyon kominote a. Kontinye itilize pòtal done EEA pou bay piblik la enfòmasyon espesifik sou kominote a. Devlope pi bon pratik pou rive jwenn popilasyon ki gen aksè limite a resous ki sou entènèt.

- Fòma reyinyon vityèl yo te ede fasilite atenn piblik ki laj epi abòde kèk obstak nan zafè patisipasyon (egzanp transpò, gadri). DCR ap kontinye ofri reyinyon piblik vityèl ak ibrid, wèbinè, ak opòtinite angajman, ansanm ak chèche kòmantè ak sijesyon atravè imèl ak soumèt fòm entènèt kòm yon opsyon pou patisipasyon.
- DCR te atribye finansman epi l ap etabli yon pwotokòl pou sèvis tradiksyon lang, satisfè egzijans ADA yo epi swiv meyè pratik yo. Sa ap gen ladann disponiblite sèvis tradiksyon lang nan reyinyon angajman kominotè, sèvis tradiksyon sou demann, ak tradiksyon enfòmasyon enpòtan. Ajans la pral devlope yon apwòch ki koyeran pou tradiksyon materyèl ak dokiman yo.

- DCR ap devlope yon apwòch plizyè lang nan siyalizasyon epi li pral kontinye evalye enklizyon lang ki pa anglè pou amelyore kominikasyon avètisman ak konsèy nan kominote ki gen konpetans limite nan anglè. Egzanp: Pwogram Rekiperasyon Zwazo Rivaj DCR a ap devlope siyal entèpretasyon sou zwazo rivaj ki menase epi an danje ke yo jwenn sou plaj DCR ki pral disponib nan plizyè lang atravè yon kòd QR. Menm jan an tou, DCR te devlope siy pou zòn ki fèmen pou piblik la [nòt - pou Asset Mitigation Initiative] ak senbòl inivèsèl ak yon kòd QR pou jwenn aksè a siy nan plizyè lang.

Ankouraje transparans ak kominikasyon

DCR angaje l pou amelyore kominikasyon ki gen rapò ak entèraksyon avèk popilasyon jistis anviwonmantal yo epi pou mete ann aplikasyon pwogram ki gen rapò ak yo. Ajans la pral kreye yon paj wèb EJ nan kad prezans entènèt ajans lan pou bay enfòmasyon ak resous itil tankou:

- Enfòmasyon kontak Moun kontak EJ Pwen DCR la
- Enfòmasyon Kontak Direktè EEA EJ a
- 2017 & 2002 Politik EEA EJ
- Lyen ki mennen nan Lwa Federal ak Dekrè yo
- Vyouwè Kat EJ Anbake ki entegre Pwopriyete DCR
- Enfòmasyon sou asistans tradiksyon lang
- Enfòmasyon santralize sou sibvansyon ak opòtinite angajman.

DCR pral itilize paj wèb la pou kominike avèk rezidan yo, ak manm popilasyon EJ yo ak gwoup defansè yo sou kalite pwogram EJ, pwojè, sibvansyon, ak aktivite ki disponib. Ajans la pral pataje

tou mezi ak rapò pou evalye transparans pwogrè fè pwogrese jistis anviwònmantal la (gade anba a).

Priyorite Envestisman ak Alokasyon Resous yo

Anpil pwopriyete ak enstalasyon DCR, tankou pisin, teras awozaj, teren kanping, ak patinwa sitiye nan kominote ki gen popilasyon EJ ki enpòtan. DCR ap chèche konsidere jistis anviwònmantal nan moman afektasyon resous ak envestisman epi li pral devlope fason pou evalye ak mezire enpak pozitif sa lakòz. DCR ap devlope yon kat pwojè sou entènèt ki pral montre pwojè envestisman k ap fèt nan tout eta a, ak yon kouch done EJ pou montre distribisyon an nan mitan kominote EJ yo. Zouti sa a pral gide planifikasyon ajans lan ak alokasyon resous yo epi li pral sèvi kòm enfòmasyon itil pou piblik la.

DCR konsantre tou sou kaptire envestisman li fè nan pwopriyete li yo ki pa anndan yon kominote EJ men ki sèvi popilasyon EJ ki enpòtan yo. Horseneck Beach State Reservation ak Blue Hills Reservation se bon egzanp pou vizit lajounen. Okenn nan pwopriyete yo pa sitiye nan yon kominote EJ, men anpil vizitè soti nan kominote EJ yo. Menm jan an tou, pwogram kan DCR a gen aksè a kòd postal pou kanpè yo nan pwopriyete patikilye epi yo pral idantifye kominote EJ ki reprezante yo. DCR pral eksplore lòt metòd pou konstwi konpreyansyon li sou ki moun ki sèvi ak pwopriyete DCR ak ki kalite aktivite ki pi popilè nan objektif pou ogmante sèvis bay popilasyon EJ yo.

DCR pral devlope yon amelyorasyon nan Green Docket (pwosesis revizyon pèmi anviwònmantal DCR entèn) ki pral idantifye kominote EJ yo epi detèmine si yon pwojè patikilye twouve l nan limit EJ pou revizyon anviwònmantal ki etabli pa Biwo Lwa sou Politik Anviwònman EEA Massachusetts.

DCR te inisye yon efò pou idantifye bilding istorik vid li yo nan kominote EJ yo kòm yon premye faz pou eksplore aktivasyon potansyèl DCR oswa patnè yo pou bay avantaj kominotè tankou chemen pou mache, lokasyon kannòt/bisiklèt, pwogram entèpretasyon. Patenarya DCR ak Mass Audubon nan istorik Powder House nan Magazine Beach nan Cambridge se yon egzanp yon bilding istorik reaktive ki bay avantaj piblik (byenke se pa nan yon kominote EJ).

DCR ofri yon kantite pwogram ki espesyalman sèvi popilasyon jistis anviwònmantal yo, epi kote sa posib, ap chèche rekrite epi anplwaye rezidan lokal yo pou reyalize pwogram sa yo. Gen kèk egzanp ki dekri anba a.

- Greening Pwogram Gateway Cities Urban Canopy: Pwogram sa a ogmante kouvèti vejetal nan vil pòtay yo epi sèvi ak jistis anviwònmantal la kòm yon kritè kle lè y ap chwazi zòn jeyografik espesifik pou ogmante kouvèti vejetal nan vil la. Ogmantasyon kouvèti vejetal

yo kontribye nan diminye depans enèjetik, diminye efè zile chalè, amelyore sante ak byennèt rezidan yo, epi kontribye nan estetik katye yo, tout sa ki amelyore kominote yo. Depi kreyasyon li, pwogram popilè sa a, ki te etabli an 2014, te lakòz plis pase 30,0000 pye bwa te plante nan 14 vil epi, an 2022, DCR ap planifye pou l agrandi nan plis vil.

- Modèl Greening the Gateway City (GGC) a depann de rekritman lokal nan vil pòtay yo pou kanpe ekip plantasyon nan chak kominote. Opòtinite sa a, ki kouvri sezon prentan ak sezon otòn, bay moun lokal yo djòb sezonye pou yo aprann nouvo konpetans ki ka komèsyalize, epi pou amelyore kominote yo. Answit, Ekip Pyebwa GGC a te gen travay nan DPW lokal yo, biznis amenajman EJden ak pòs sekirite piblik.
- Pwogram itilizasyon bwa Biwo forè DCR la etabli bank bwa nan twa kominote, de ladann yo se kominote jistis anviwònmantal (Athol ak Montague). Bank bwa a bay rezidan yo bwa gratis pou itilize kòm yon sous gaz. Bwa yo soti nan pye bwa ki te tonbe oswa ki te koupe pa vil la. Nan kad pwogram bank bwa a, DCR ede rekrite volontè nan kominote a pou kenbe bank bwa a operasyonèl nan koupe ak anpile bwa pou patisipan yo.
- Nan kad Pwogram sekirite bòdmè, chak ane, DCR anboche apeprè 550 sovtè pou travay nan 32 pisin dlo fon li yo, 2 pisin patojwa li yo, ak 30 plaj bò lanmè ak andedan nan Commonwealth la. Ajans lan antreprann yon sansibilizasyon laj ak aktif pou rekrite sovtè, k ap chèche anplwaye jèn ki soti nan anpil kominote jistis anviwònmantal kote pisin ak plaj DCR yo twouve yo. DCR kominike atravè rezo sosyal; kontakte antrenè natasyon nan lekòl segondè zòn nan; kontakte biwo plasman nan kolèj zòn nan ak ekip natasyon zòn nan ak klib atravè yon rezo YMCAs, Boys and Girls Clubs ak lòt enstalasyon pisin ki andedan. Ansanm ak konpansasyon konpetitif, ajans la bay sètifika sovtaj gratis pou kandida ki kalifye ki angaje yo pou yo travay pou DCR sezon ete a.
- DCR patwone inisyativ SWIM - Safe Water Initiative Mass pou sipòte sekirite bò lanmè. Jiska prezan, ajans lan te bay uit sibvansyon ki totalize plis pase $320,000 a òganizasyon minisipal ak kominotè pou ofri leson gratis Aprann Naje pou timoun ak granmoun. Nan kad rekritman pou enstriktè pou pwogram Aprann Naje nan pisin DCR, kontak la konsantre sou moun ki abite nan kominote EJ kote pisin yo twouve yo.
- Sibvansyon Urban Challenge DCR a bay finansman pou kominote yo amelyore ak pwoteje forè nan vil yo. Sibvansyon 50/50 sa yo ede devlope, grandi, ak soutni pwogram plantasyon, pwoteksyon, epi antretyen resous pyebwa piblik yon kominote epi devlope patenarya ak rezidan yo ak enstitisyon kominotè yo. Sibvansyon Urban Challenge la bay kominote EJ yo priyorite lè yo egzije sèlman yon kontrepati 25% nan men kominote EJ yo, olye de 50% obligatwa pou kominote ki pa EJ yo.
- Patenarya DCR avèk Depatman Resous Agrikòl Massachusetts te lanse Mouvman Growing Wild an 2021. Pwogram nan antre nan dezyèm faz li an 2022 e li te chwazi yon

kominote EJ, Lowell, pou konsepsyon, plantasyon ak amelyorasyon jaden polinizatè nan Lekòl Piblik Lowell yo. Inisyativ la pral kreye 2 jaden polinizatè epi amelyore 12 jaden ki egziste deja epi yo pral entegre nan kourikoulòm lan ak efò jaden kominotè ki egziste deja pou elèv yo ka aprann sou enpòtans polinizatè yo pou grandi fwi ak legim.

- Biwo Resous Kiltirèl DCR te lanse a **First People, First Stewards – Patenarya pou Chanjman** inisyativ pou pi byen entegre vwa endijèn yo ak enfliyans nan entèpretasyon pwopriyete yo ak fason ajans lan abòde enterè endijèn yo. Inisyativ la pral dabò rekonsevwa fason nou rakonte istwa yo pou yo enklizif epi li ta chèche rekrite moun endijèn yo fasone ak difize istwa yo.

Bay Anplwaye yo Fòmasyon

DCR pral ofri fòmasyon pou anplwaye yo nan prensip jistis anviwòmantal ak eleman Estrateji EJ DCR la. Objektif fòmasyon an se ankouraje sansibilizasyon sou jistis anviwònmantal epi an definitiv, bay anplwaye ajans lan pi bon konesans ak zouti pou fè pwogrese jistis anviwònmantal alafwa nan jwe wòl endividyèl yo epi sipòte aktivman estrateji EJ ajans lan. Lè nou apwofondi konesans kolektif òganizasyon an ak konpreyansyon yo genyen sou bezwen popilasyon vilnerab yo, katye jistis anviwonmantal yo, ak zòn nan Commonwealth ki mal desèvi, n ap pi byen sèvi piblik la epi reyalize misyon nou an pi byen.

Fè Aplike Estrateji EEA EJ sa a

Pou nenpòt enkyetid, plent, konpliman oswa lide, oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou efò ajans nou an pou jistis anviwònmantal, enèji ak klima, tanpri kontakte Biwo Jistis Anviwònmantal EEA a jan sa endike nan Paj 19 Estrateji EEA EJ sa a.

Pwen Kontak EJ DCR:

Francisco Rodriguez
Responsab Solisyon Done Espasyal
Pwogram Jesyon ak Modènizasyon Byen
Francisco.Rodriguez@mass.gov
857-719-6249

Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts

MassDEP

Commonwealth of Massachusetts
Department of Environmental Protection

Estrateji Jistis Anviwònmantal

Sa ki nan Dokiman sa a

MassDEP 71
Deklarasyon Misyon Aktyalize MassDEP (2021) 73
Egzijans Estrateji EJ Sekretarya a ki soti nan Politik EEA EJ 73
Estrateji EJ 73
Anbochaj & Rekritman *74*
Kominikasyon *75*
Ranfòse Sansibilizasyon Kominotè/Sansibilizasyon Piblik *75*
Endikatè yo *77*
Medya Sosyal/ Teknoloji Enfòmasyon *78*
Konpetans Limite nan Anglè *78*
Fòmasyon *79*
Opòtinite Sibvansyon *79*
Aplikasyon *80*
Planifikasyon Alavni pou Pwojè/Aktivite Adisyonèl *81*
Enkòpore Konsiderasyon EJ nan Pwosedi Pèmi *82*
Analiz Enpak Kimilatif *82*
Aplikasyon Estrateji EEA EJ sa a 83

Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts angaje l pou l revize epi mete ajou Estrateji EJ li a jan sa nesesè oswa omwen chak dezan oswa jan Sekretè Enèji ak Afè Anviwònman an mande l.

Estrateji a pral yon dokiman vivan ki pral aktyalize jan sa nesesè dapre revizyon ak lòt opinyon epi yo pral pibliye sou sit entènèt MassDEP a.

Deklarasyon Misyon Aktyalize MassDEP (2021)

Pou pwoteje ak amelyore resous natirèl Commonwealth la - lè, dlo, ak tè - pou asire sante, sekirite, ak byennèt tout moun ak yon anviwònman pwòp e an sekirite pou jenerasyon kap vini yo.

Nan akonpli misyon sa a, MassDEP angaje l pou abòde ak fè pwogrese jistis anviwònmantal ak ekite pou tout moun nan Commonwealth la; bay moun opòtinite ki gen sans e ki enklizif pou yo patisipe nan desizyon ajans yo ki afekte lavi yo; epi asire yon mendèv divèsifye ki reflete kominote nou sèvi yo.

Egzijans Estrateji Sekretarya EJ ki Soti nan Politik EEA EJ [1]

Dekrè Massachusetts 552 egzije Biwo Egzekitif la Enèji & Afè Aviwònman (EEA) pou "pibliye sou entènèt pwòp estrateji li pou ankouraje jistis anviwònmantal la nan fason ki adapte a otorite espesifik la, misyon ak pwogram nan Sekretarya a" tankou idantifye pèmi ak otorite regilasyon sou sit endistriyèl abandone yo, operasyon endistriyèl yo, ak enstalasyon komèsyal yo, epi avantaj anviwònmantal yo.[2] EEA te pibliye tou yon Politik Jistis Anviwònmantal aktyalize an 2017 (EJ) epi an jen 2021 Règleman EJ a te aktyalize ankò pou enkli eleman jistis anviwònmantal la nan pwojè lwa klima a, Yon Lwa ki Kreye yon Plan Nouvèl Jenerasyon pou Politik Klima Massachusetts[3] ki te kenbe egzijans tout ajans EEA yo pou devlope pwòp Estrateji EJ yo jan yo te mande yo sa nan Règleman EEA EJ 2017 yo. Ajans EEA yo dwe anvizaje kòman yo kapab byen entegre konsiderasyon jistis anviwònmantal la nan depatman yo atravè politik, pwogram oswa lòt estrateji yo. Ajans EEA yo dwe idantifye ak ankouraje pwojè ajans yo patwone yo, desizyon finansman, règleman oswa lòt aksyon ki poze pou fè avanse jistis anviwònmantal nan tout Commonwealth la pou montre kijan yo te mezire distribisyon ekitab avantaj yo."

Estrateji EJ

Estrateji MassDEP a dekri aksyon pou ankouraje ak entegre konsiderasyon EJ yo atravè pwogram, politik, aktivite ak lòt estrateji MassDEP yo, epitou pou satisfè objektif EJ MassDEP yo pou asire

[1]Theoharides, Kathleen, "Politik Jistis Anviwònmantal EEA." 4 https://www.mass.gov/service-details/environmental-justice-policy

[2]552, Dekrè sou Jistis Anviwònmantal, 25 novanm 2014. https://www.mass.gov/executive-orders/no-552-executive-order-on-environmental-justice

[3]Lwa ki Kreye yon Plan Nouvèl Jenerasyon pou politik klima nan Massachusetts, Chapit 8 nan Lwa yo, 2021., https://malegislature.gov/Laws/SessionLaws/Acts/2021/Chapter8

pwoteksyon egal ak patisipasyon siyifikatif tout moun ki abite nan Commonwealth la nan sa ki konsène pwoteksyon anviwònman ak devlopman ekitab, aplikasyon, ak fè aplike lwa, règleman, ak politik anviwònmantal yo. Estrateji sa a ann amoni ak pwogram san diskriminasyon ak dwa sivil ajans lan epi li konplete l.[4]

Estrateji EJ MassDEP a idantifye aksyon MassDEP pral fè pou aplike Politik EEA EJ a. Estrateji EJ a konpoze ak eleman ki fèt pou:

1. amelyore kominikasyon ki gen rapò ak jistis anviwònmantal, tankou aksè a lang ak patisipasyon piblik ki gen rapò ak pwojè,
2. antreprann aktivite pou ranfòse ak revitalize popilasyon EJ yo ak moun ki abite yo, ki gen ladann men pa sèlman pwomosyon ak sipò delibere MassDEP bay popilasyon EJ yo pou:
    - ogmante patisipasyon nan pwogram sibvansyon ak lòt opòtinite pou diminye chaj ki lye a anviwònman ak sante piblik,
    - konsepsyon politik ak sibvansyon opòtinite pou ogmante avantaj tankou aksè a espas ouvè, epi
    - ankouraje devlopman ki pa ogmante chaj oswa deplase popilasyon EJ yo.
3. idantifye pèmi oswa lòt otorite regilasyon ki aplikab sou pwojè devlopman yo, reyabilitasyon sit endistriyèl abandone yo, operasyon endistriyèl yo, ak enstalasyon komèsyal yo, ki ka afekte popilasyon EJ yo ak mekanis pou asire pwoteksyon popilasyon EJ yo,
4. kontinye devlope kritè EJ yo ki dwe sèvi pou priyorize opòtinite sibvansyon yo atravè ajans lan jan sa apwopriye,
5. ankouraje sansibilizasyon anplwaye ajans lan ak aplikasyon prensip EJ yo[5] nan siveyans reglemantè ak sansibilizasyon MassDEP, ki gen ladann fòmasyon anplwaye yo,
6. devlope yon plan ak politik ajans ak pwosedi pou okipe plent ki gen rapò ak EJ, epi
7. devlope yon politik ajans ak plan pou eksplore analiz enpak kimilatif epi aplike analiz sa a nan delivrans sèten pèmi ayeryen.

Yo dekri plis detay sou aksyon MassDEP nan domèn sa yo anba a.

Anbochaj & Rekritman

Anba direksyon Direktè Divèsite ak Dwa Sivil yo, MassDEP angaje l nan rekritman ak anbochaj yon mendèv divèsifye ki reflete Commonwealth Massachusetts la. MassDEP itilize pi bon pratik anbochaj pou atenn objektif sa a ki konfòm avèk gwoup pwoteje Commonwealth la: pwofesyonèl

[4]Avi MassDEP sou Non Diskriminasyon, Plan Tit VI Doleyans, ak fòm doleyans. https://www.mass.gov/info-details/massdep-nondiscrimination-civil-rights#:~:text=MassDEP%20prohibits%20discrimination%20in%20all,including%20Vietnam%2Dera%2Dveterans

[5]Gade "Chapit 8 nan Lwa 2021 yo nan p.37-38. (https://malegislature.gov/Laws/SessionLaws/Acts/2021/Chapter8)

Depatman Resous Enèjetik Commonwealth Massachusetts la se yon ajans Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman. Depatman an devlope epi aplike politik ak pwogram ki vize pou asire adekwasyon, sekirite, divèsite, ak rantabilte apwovizyònman enèjetik Commonwealth Massachusetts la nan yon kontèks pou kreye yon avni enèjetik ki pi pwòp. Pou sa, DOER fè efò pou:

- Asire deplwaman tout mezi rantab nan zafè efikasite enèjetik
- Maksimize devlopman resous enèji pwòp yo
- Kreye epi aplike estrateji enèjetik pou asire apwovizyònman fyab ak amelyore pri enèji pwòp parapò ak pwodiksyon ki baze sou konbistib fosil.
- Sipòte konpayi enèji pwòp Massachusetts yo epi ankouraje travay enèji pwòp Massachusetts yo.

Yo rekonèt depi lontan ke tranzisyon sistèm enèjetik la soti nan konbistib fosil pou pase a enèji pwòp ak renouvlab se yon nesesite pou atenn objektif klimatik yo. Sepandan, senp ranplasman resous konbistib fosil yo ak enèji pwòp ak renouvlab pa pral konplètman aleje enpak dispwopòsyone ki afekte popilasyon ki mal desèvi e ki gen twòp chaj yo, tankou popilasyon minoritè yo, popilasyon ki gen revni fèb, moun ki pale anglè mwens ke kouramman, tribi ak popilasyon endijèn ki fè eksperyans pi gwo chaj enèjetik,[6] pi gwo pousantaj ensekirite enèjetik[7], e ke kominote sa yo pral sibi pi gwo enpak chanjman klimatik yo. Pou diminye enpak yo sou popilasyon sa yo, DOER sipòte aksè a pwosesis priz desizyon ki gen ladann ogmante transparans, aksè a enfòmasyon, ak angajman piblik sou politik, pwogram, ak inisyativ Depatman yo.

Depatman an gen sis divizyon politik ak pwogram ki sipèvize yon pakèt politik, pwogram ak aksyon ki dekri pi ba a.

[6]Chaj enèjetik defini kòm pousantaj revni brit fwaye a depanse pou enèji.
[7]Ensekirite enèjetik defini kòm enkapasite yon fwaye pou satisfè bezwen enèjetik debaz li yo.

- Teknoloji Emèjan fè pwogrese teknoloji emèjan yo nan enèji pwòp ak transpò altènatif atravè Commonwealth la.
- Efikasite Enèjetik devlope, aplike, ak sipèvize efò efikasite enèjetik nan Commonwealth la an kolaborasyon avèk lòt ajans etatik ak federal.
- Politik enèjetik, planifikasyon, ak analiz rasanble epi analize done enèjetik yo pou bay yon apèsi konplè sou pri enèji, mache konpetitif, rezilyans enèjetik, ak plis ankò pou Commonwealth la.
- Kominote Vèt yo bay sibvansyon, asistans teknik, ak sipò lokal pou ede minisipalite yo diminye itilizasyon enèji ak depans lè yo mete ann aplikasyon enèji pwòp ak pwojè efikasite enèjetik nan bilding minisipal yo, enstalasyon, ak lekòl yo.
- Enèji renouvlab ak altènatif sipòte aplikasyon politik enèjetik DOER atravè pwogram ak ankourajman pou teknoloji enèji pwòp ak altènatif tankou ewolyen, solè, byomas, ak ponp chaufaj.
- Leading by Example travay an kolaborasyon avèk ajans eta yo ak kolèj piblik yo epi inivèsite yo pou fè pwogrese pratik enèji pwòp ak dirab ki redui enpak anviwònmantal operasyon gouvènman eta yo.

Estrateji EJ

Estrateji EJ se plan estratejik Depatman an pou fè pwogrese jistis anviwònmantal la. Objektif estrateji a se amelyore rezilta ekitab pou kominote ki mal desèvi e ki gen twòp chaj yo, tankou, men pa sèlman, popilasyon minoritè ki potansyèlman afekte yo, popilasyon ki gen revni fèb yo, moun ki pa metrize anglè yo, tribi ak pèp endijèn yo. Depatman angaje l nan prensip jistis anviwònmantal yo, nan pwogram, politik, ak aktivite ajans lan, tretman san patipri ak patisipasyon siyifikatif se prensip k ap gide estrateji Depatman an. Estrateji ki pi ba a endike vizyon Depatman an pou jistis anviwònmantal lè li etabli objektif estratejik ak fè lis egzanp aksyon kle Depatman an ka poze pou pwogrese nan direksyon objektif sa yo.

Objektif 1: *Ogmante konsyantizasyon Depatman an de konsiderasyon jistis anviwònmantal yo ki ta ka rezilta pwogram, politik, ak aktivite DOER yo.*

- Ogmante konsyantizasyon sou pwoblèm jistis anviwònmantal la nan etabli fòmasyon jistis anviwònmantal la, edikasyon, ak opòtinite konsyantizasyon pou asire ke anplwaye yo konplètman okouran de responsablite yo dapre Dekrè Massachusetts. EO 526 epi EO 552. Edike Depatman an ak fòmasyon EEA devlope sou resous jistis anviwònman ki disponib (ki gen ladann zouti katografi) pou ede anplwaye yo konprann pwosesis ak zouti ki disponib pou ede konfòme yo ak politik jistis anviwònmantal EEA a.

- Devlope estrateji Depatman an pou idantifye ak abòde pwoblèm jistis anviwònmantal la nan pwogram, politik, ak aktivite Depatman an lè l patisipe nan gwoup travay la jistis

anviwònmantal entè-ajans ki dirije pa EEA. Mete ajou anplwaye Depatman an konsènan aksyon kle Sekretarya yo pou fè pwogrese prensip jistis anviwònmantal la.

Reyalize pi bon rezilta jistis anviwònmantal ak rediksyon mezirab disparite yo nesesite yon mendèv ki resevwa fòmasyon epi ki prepare pou rezoud pwoblèm konplèks jistis anviwònmantal la. Kreye opòtinite fòmasyon, edikasyon, ak konsyantizasyon pou anplwaye ajans yo ogmante konpreyansyon yo sou chaj enèjetik diferan ak avantaj enèjetik diferan popilasyon yo fè eksperimante. Lè yo etabli konesans de baz, anplwaye ajans yo pral pi byen prepare pou analize, konsidere, ak abòde enkyetid jistis anviwonmantal la nan limit posib epi avèk sipò lalwa.

Objektif 2: *Entegre prensip jistis anviwònmantal nan operasyon DOER ki gen ladann devlopman ak aplikasyon politik, pwogram ak aktivite.*

- Devlope epi difize enfòmasyon ak resous ki mete aksan sou opòtinite pou fè pwogrese prensip jistis anviwònmantal yo nan politik, pwogram, ak aktivite Depatman an; kontinye evalye ak detèmine si prensip jistis anviwònmantal yo byen enkòpore nan aksyon Depatmantal yo.
- Priyorize sipò enèji pwòp ak efò dirabilite nan katye jistis anviwonmantal yo ak lòt kominote ki mal desèvi e ki gen twòp chaj lè konsiderasyon pwogram ak politik yo ak lòt faktè fondamantalman ekivalan pandan devlopman pwogram ak politik sa yo.
- Sèvi ak zouti ak resous, tankou Zouti Vyouwè Kat Jistis Anviwònmantal EEA a ak zouti Katografi Jistis Anviwònmantal Depatman Sante Piblik Massachusetts (DPH), pou amelyore planifikasyon kominote enklizif pou evalyasyon jistis anviwònmantal epi pou ede detèmine enpak kimilatif yo.

Enstitisyonalize prensip jistis anviwonmantal yo nan pwosesis priz desizyon Depatman an pral ranfòse kapasite DOER pou adrese pwoblèm jistis anviwonmantal konplèks yon fason pwoaktif epi li pral asire ke anplwaye yo pozisyone pou aplike pi bon pratik ak estrateji pou fè pwogrese prensip jistis anviwònmantal nan domèn desizyonèl ak fonksyonèl yo epi amelyore rezilta tèren yo pou kominote ki gen twòp chaj yo.

Objektif 3: *Ranfòse kontak ak kominote yo ak entèvenan yo atravè angajman piblik.*

- Amelyore patisipasyon piblik nan priz desizyon Depatman an nan bay resous ak asistans teknik pou entèvenan yo angaje yo nan pwosesis patisipasyon piblik Depatman an.
- Amelyore resous aksè a lang Depatman an nan devlope yon plan aksè a lang nan tout depatman an, pwokire sèvis aksè a lang, epi idantifye ak tradui dokiman esansyèl ajans lan nan lang ki enpòtan yo.

- Pwograme odyans piblik nan divès kote jeyografik atravè Commonwealth la.

Kreye opòtinite pou patisipasyon siyifikatif nan pwosesis piblik yo se yon eleman fondamantal nan jistis anviwònmantal la. Lè gen opòtinite pou patisipasyon enpòtan, kominote yo gen pouvwa pou yo poze aksyon pozitif pou pwodui rezilta ki pi ekitab nan kominote yo. Depatman an pral fè efò pou sipòte angajman piblik la lè li diminye baryè ki genyen nan patisipasyon nan pi gwo mezi posib.

Objektif 4: *Elaji kolaborasyon ak pataje konesans avèk patnè ant ajans ak patnè kominotè yo pou konsantre avèk efikasite sou resous DOER ak asistans teknik.*

- Kolabore ak lòt ajans EEA pou diminye kolektivman chaj anviwònmantal ki gen rapò ak enèji epi ogmante avantaj enèjetik nan katye jistis anviwonmantal yo, zòn ki mal desèvi yo, ak kominote ki gen twòp chaj yo. Sipòte inisyativ ki konsantre sou devlopman kapasite ant ajans yo. Idantifye epi pataje meyè pratik ak leson yo aprann avèk anplwaye Depatman an sou fason pou abòde enkyetid jistis anviwònmantal ke yo jwenn nan kolaborasyon ant ajans yo.
- Atravè efò sansibilizasyon entèvenan yo nan DOER ak EEA, chèche kontribisyon moun ki konsène yo pou devlope konsèy sou jistis anviwònmantal la pou pwogram ak aktivite finansman Depatman an.
- Atravè reprezantan Gwoup Travay DOER la, kenbe kominikasyon avèk anplwaye jistis anviwònmantal EEA sou inisyativ EJ DOER yo epi bay endikatè ki gen rapò ak EJ ak lòt done pou enkli nan rapò anyèl jistis anviwònmantal EEA a.

Ranfòse kolaborasyon ak kowòdinasyon sou pwoblèm jistis anviwònmantal ant ajans EEA yo epi entèvenan piblik yo ka mennen nan rezilta ki pi ekitab ak rediksyon chaj kimilatif nan anviwònman an, tout pandan y ap ogmante avantaj enèjetik kote sa posib ak rekòmande.

Plan Aplikasyon

Depatman an pral devlope yon plan aplikasyon ki gen ladann konsèy lojistik pou estrateji ki dekri nan dokiman sa a. Plan aplikasyon an ka gen ladann tou delè pou aksyon ki konsidere responsablite pwogramatik, lejislatif ak regilatwa.

Anbochaj

DOER rekonèt enpòtans pou genyen yon mendèv ajans ki reflete divèsite rasyal, etnik ak sosyo-ekonomik rezidan Massachusetts yo, ki gen ladann wòl kle yon mendèv konsa jwe nan fè pwomosyon desizyon ekitab konsènan aplikasyon enèjetik, chanjman klimatik, ak lwa, règleman ak politik anviwònmantal yo. EEA ak DOER pran angajman pou enkòpore pratik anbochaj divèsite epi pou bay responsab anbochaj yo fòmasyon pou yo ka ankouraje priz desizyon ekitab konsènan anbochaj, tankou itilize kritè nan piblikasyon pòs travay ki mande pou aplikan ki reyisi yo demontre konesans ak konpreyansyon sou bezwen popilasyon jistis anviwònmantal yo, ak kominote ki mal desèvi epi ki gen twòp chaj nan Commonwealth la.

Konklizyon

Estrateji Depatman an reflete angajman li pou konsantre sou popilasyon jistis anviwònmantal yo nan asire tretman jis ak patisipasyon siyifikatif tout moun kèlkeswa ras, koulè, orijin nasyonal, oswa revni ki gen rapò ak devlopman ak aplikasyon pwogram, politik, ak aktivite. Diminye chaj anviwònmantal yo epi ogmantasyon avantaj enèjetik nan katye jistis anviwònmantal yo pral yon pwosesis k ap kontinye e k ap evolye. Depatman an pral swiv pwogrè li pou atenn objektif ki dekri nan estrateji a nan kolekte done ki pral rapòte nan rapò anyèl EEA sou jistis anviwònmantal la. DOER pral revize estrateji li chak dezan epi an kowòdinasyon ak konsiltasyon avèk Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman an.

Konsènan Règleman sa a: Depatman an ap aplike Règleman sa a ki konfòm avèk lwa ki egziste deja ak règleman ki aplikab yo, e nan limit sa pèmèt. Règleman sa a te fèt sèlman pou entegre konsiderasyon jistis anviwònmantal nan politik Depatman an, pwogram ak lòt estrateji epi li pa fèt pou kreye okenn dwa pou revizyon jidisyè pou konfòmite oswa non-konfòmite Depatman an ak menm bagay la, ni li pa kreye okenn dwa, avantaj, oswa responsabilite fidisyè, sibstans oswa pwosedi, ki ka fè aplike lalwa oswa ekite pa nenpòt ki pati kont Depatman an, jesyon li yo, anplwaye yo, oswa nenpòt lòt moun.

Fè Aplike Estrateji EEA EJ sa a

Pou nenpòt enkyetid, plent, konpliman oswa lide, oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou efò ajans nou an pou jistis anviwònmantal, enèji ak klima, tanpri kontakte Biwo Jistis Anviwònmantal EEA a jan sa endike nan Paj 19 Estrateji EEA EJ sa a.

Pwen Kontak DOER EJ:

Danilo Morales
Pwogram Enèji Pwòp ak Responsab Sansibilizasyon
Danilo.morales@mass.gov

Depatman Sèvis Piblik

Estrateji Jistis Anviwònmantal

Sa ki nan Dokiman sa a

Depatman Sèvis Piblik yo **101**

Definisyon yo 103

Deklarasyon Misyon 104

Deklarasyon Otorite 104

Depatman Estrateji EJ 104

Patisipasyon Piblik ak Angajman Kominotè *105*

Depatman Analiz EJ *106*

Departman Ekip EJ *106*

Endikatè yo *106*

Fòmasyon yo/Resous Pataje *106*

Divèsite ak Pratik Anbochaj *107*

Kesyon *107*

Aplikasyon Estrateji EEA EJ sa a 107

Definisyon

"Depatman" oswa "DPU" vle di Depatman Sèvis Piblik Massachusetts.

"Divizyon" vle di yon branch nan Depatman an ki responsab pou sipèvizyon yon fonksyon espesifik Depatman an.

"Jistis anviwònmantal"[1] la baze sou prensip ke tout moun gen dwa pou yo pwoteje kont danje anviwònmantal yo epi pou yo viv epi jwi yon anviwònman pwòp e ki sen kèlkeswa ras, koulè, orijin nasyonal, revni, oswa konpetans nan lang anglè. Jistis anviwònmantal la se pwoteksyon egal ak patisipasyon siyifikatif tout moun ak kominote yo nan sa ki konsène elaborasyon, aplikasyon, ak fè aplike lwa, règleman, ak politik nan zafè enèji, chanjman klimatik, ak anviwònman epi distribisyon ekitab avantaj ak chaj enèji ak avantaj ak chaj enèjetik ak anviwònmantal yo.

"Popilasyon Jistis Anviwònmantal ("EJ")"[2] vle di: (1) yon Katye ki satisfè youn oswa plis nan kritè sa yo: (a) revni medyàn anyèl fanmi an pa plis pase 65 pousan revni medyan fanmi an nan tout eta a; (b) minorite yo reprezante 40 pousan oswa plis nan popilasyon an; (c) 25 pousan oswa plis nan kay ki manke konpetans nan lang anglè; oswa (d) minorite yo reprezante 25 pousan oswa plis nan popilasyon an epi revni medyan anyèl fwaye nan minisipalite kote katye a ye a pa depase 150 pousan revni medyan anyèl fwaye nan tout eta a; oswa (2) yon pòsyon jeyografik nan yon katye Sekretè EEA deziyen kòm yon popilasyon EJ dapre lalwa.

"Ofisye Odyans" vle di yon avoka ki deziyen pa Komisyon an[3], dapre GL c. 25, § 4, pou prezide yon pwosedi Depatman an.

"Konpetans Limite nan Anglè"[4] vle di yon moun ki pa pale anglè kòm yon lang prensipal epi ki gen yon kapasite limite pou li, pale, ekri, oswa konprann anglè.

"Katye"[5] vle di yon gwoup blòk resansman jan Biwo Resansman Etazini defini, eksepte moun ki abite nan dòtwa kolèj ak moun ki nan swen oswa gad fòmèlman otorize, sipèvize, tankou prizon federal, eta oswa konte.

---

[1]Biwo Egzekitif Afè Enèji ak Anviwònman Massachusetts ("EEA"), *Politik Jistis Anviwònmantal Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman an* (" Politik EJ" aktyalize 2021) nan 3 (2017, aktyalize 24 jen 2021) *disponib nan* www.mass.gov/doc/environmental-justice-policy6242021-update/download.
[2]Politik EJ (aktyalize 2021) nan 4.
[3]Depatman an sipèvize pa Komisyon twa manm ki nonmen pa Sekretè EEA a avèk apwobasyon Gouvènè a. Sekretè a deziyen youn nan Komisyonè yo kòm Prezidan. *Komisyon DPU a*, Commonwealth nan Massachusetts, https://www.mass.gov/guides/the-dpu-commission (dènye vizite 11 mas 2021).
[4]Biwo Egzekitif Administrasyon ak Finans, *Règ ak Gid pou Aksè a Lang* 2 (20 mas 2015) *disponib nan* www.mass.gov/doc/language-access-guidelines/download.
[5]Politik EJ (aktyalize 2021) nan 4.

Deklarasyon Misyon

Depatman Sèvis Piblik yo se yon ajans jijman ki sipèvize pa yon Komisyon ki gen twa manm. Depatman an responsab pou sipèvizyon kouran elektrik, gaz natirèl ak dlo ki pou envestisè yo nan Commonwealth la. Anplis de sa, Depatman an gen responsablite pou devlope altènativ pou règleman tradisyonèl yo, pou kontwole kalite sèvis yo, pou regle transpò ak sekirite tiyo gaz yo, ak chwa sit sèten enstalasyon enèji.

Misyon DPU a se asire dwa konsomatè yo pwoteje, epi konpayi sèvis piblik yo ap bay sèvis ki pi fyab ak pri ki pi ba posib. DPU a sipèvize sekirite piblik kont transpò ak aksidan ki gen rapò ak tiyo gaz, ak pwosesis lokal enstalasyon enèjetik yo.[6] Depatman an ap chèche ankouraje sekirite, fyabilite sèvis yo, abòdabilite, ekite, ak rediksyon emisyon gaz ki lakòz efè tèmik.

Deklarasyon Otorite

Sekretarya Jistis Anviwònmantal (EJ) Estrateji Egzijans ki soti nan Politik EEA EJ

Règleman EEA EJ a egzije pou tout ajans EEA yo devlope Estrateji EJ endividyèl yo ki adapte pou misyon endividyèl yo.[7] Estrateji EJ Depatman an estriktire nan yon fason ki asire pwoteksyon egal ak patisipasyon siyifikatif tout moun ak kominote yo nan sa ki konsène elaborasyon, aplikasyon, ak fè aplike lwa, règleman, ak politik nan zafè enèji, chanjman klimatik, ak lwa, règleman ak politik anviwònmantal ak distribisyon ekitab enèji ak avantaj anviwònmantal ak chaj yo kèlkeswa ras, koulè, orijin nasyonal, revni, oswa konpetans nan lang anglè.

Epitou, anplis Estrateji EJ a, chak ajans EEA oblije kreye yon Plan Patisipasyon Piblik ak Angajman Kominotè ki esplike efò li yo pou amelyore opòtinite patisipasyon piblik pou aktivite ajans yo ki kapab afekte popilasyon EJ yo.[8] Depatman an destine dokiman sa a pou sèvi kòm Estrateji EJ ak Plan Patisipasyon Piblik ak Angajman Kominotè li.

Depatman Estrateji EJ

Depatman Estrateji EJ a etabli pratik ak prensip, ki konfòm avèk lwa ak règleman yo, pou ankouraje konsiderasyon EJ atravè pwosedi Depatman an ki enplike kominote EJ yo.[9] Jan sa dekri an detay anba a, Depatman an pral chèche:

---

[6]Depatman an revize sèten enstalasyon enèjetik ki anba pwòp jiridiksyon legal pa l ki anvan kreyasyon Konsèy Chwa Sit enstalasyon Enèjetik yo an 1973 (ajans predesesè Siting Board Enstalasyon Enèjetik ("Siting Board"). Siting Board la se yon ajans endepandan ki sitye administrativman nan Depatman an, byenke dapre lalwa li pa sijè a sipèvizyon oswa kontwòl Depatman an.
[7]Politik EJ (aktyalize 2021) nan 4.
[8]Politik EJ (aktyalize 2021) nan 4.
[9]Siting Board la ap devlope pwòp Estrateji EJ pa li.

- Amelyore aksè pou patisipasyon piblik nan pwosedi Depatman an;
- Lòt analiz EJ ki sèvi nan aksyon Depatman an ak politik ak pwopozisyon yo devan Depatman an ki enplike kominote EJ yo; epi
- Ankouraje fòmasyon anplwaye yo sou aksè nan lang ak zafè EJ.

Patisipasyon Piblik ak Angajman Kominotè

Ranfòse Sansibilizasyon Kominotè/Piblik. Depatman an pral fè efò pou amelyore aksè piblik nan odyans ak pwosedi Depatman an. Depatman an pral:

- Fè efò pou amelyore sansibilizasyon kominote a, nan limit ki konfòm avèk lwa ki aplikab yo, lè l pibliye avi piblik sou plizyè platfòm (egzanp, medya sosyal, medya enprime). Omwen, Depatman an pral lakòz piblikasyon avi piblik sa yo sou sitwèb entèsekretarya EEA EJ, sit wèb Depatman an, ak sou sit entènèt konpayi jiridiksyon ki konsène a;
- Fè efò pou afiche orè odyans piblik la sou yon paj wèb Depatman an ki ka tradui; epi
- Kenbe yon pwen kontak EJ pou okipe kesyon konsènan angajman ak kominote EJ yo ak aksè nan lang.

Sit wèt EJ Depatman an. Depatman an pral kreye yon paj wèb ki fèt pou popilasyon EJ yo ki dwe pibliye anvan 1ye desanm 2022. Paj wèb EJ a pral genyen enfòmasyon ki itil pou popilasyon EJ yo, ki gen ladann, men pa sèlman:

- Kowòdone pwen kontak EJ Depatman an;
- Yon lyen ki mennen nan Règleman EEA EJ a;
- Yon lyen ki mennen nan sit wèb EEA EJ a;
- Yon lyen ki mennen nan Plan Aksè Lang li an;
- Fòm Plent EEA Tit VI Non-Diskriminasyon;
- Enfòmasyon pou moun ki pa pale anglè ak moun ki gen konpetans limite nan Anglè sou demann entèpretasyon ak sèvis tradiksyon;
- Tradiksyon dokiman enpòtan ki gen rapò ak dwa konsomatè yo;[10] epi

[10]Divizyon ki gen dokiman ki enpòtan yo ka genyen, Divizyon Sipèvizyon Transpò, Divizyon Konpayi Rezo Transpò, Divizyon Pipeline ak Sekirite, Divizyon Chwa Sit, ak Divizyon Konsomatè.

- Yon lis ki pa konplè sou lyen itil sou sitwèb Depatman an pou ede kliyan yo jere bòdwo enèji yo. Lyen sa yo ka genyen enfòmasyon sou pwogram ankourajman enèji ak pwogram jesyon aryere yo.

Politik Aksè a Lang. Depatman an angaje tou pou asire ke moun ki gen yon konpetans limite nan anglè yo jwenn opòtinite pou enplikasyon ak patisipasyon siyifikatif nan pwosedi Depatman an dapre egzijans legal yo, jan sa endike nan Biwo Egzekitif Administrasyon ak Finans ("A&F") #16, jan yo te revize le 20 mas 2015. Plan Aksè a Lang Depatman an ("LAP") dekri sèvis aksè a lang Depatman an, règleman, ak pwosedi epi li aksesib sou sitwèb li nan: (bay lyen an isit la).

Depatman Analiz EJ

Dapre lwa ki aplikab yo ak limit otorite Depatman an, Depatman an pral kontinye fè analiz aksyon ajans yo ki ka gen yon enpak sou popilasyon EJ yo, evalye estrateji pou abòde enkyetid EJ yo, epi ankouraje distribisyon ekitab enèji ak avantaj ak chaj anviwònman an.

Nan kòmansman pwosedi Depatman an, Ofisye Odyans yo pral idantifye si pwosedi a afekte yon katye ki gen yon popilasyon EJ. Pwosesis sa a pral enplike, pami lòt bagay, yon revizyon done sistèm enfòmasyon jeyografik EEA bay pou detèmine si kominote ka afekte a oswa kominote ki afekte yo satisfè kritè pou yon popilasyon EJ. Si yo idantifye yon popilasyon EJ ki afekte pa pwopozisyon an, Ofisye Odyans ki asiyen an pral notifye pwen kontak EJ, sipèvizè ka a, ak Chèf Estaf la. Ofisye Odyans lan pral bay yon avi konsènan pwosedi a an konfòmite ak Estrateji EJ sa a.

Ekip EJ Depatman an

Chèf Kabinè Depatman an pral etabli yon Ekip EJ ki gen ladann pwen kontak EJ ak reprezantan Chèf Kabinè ak Komisyon an chwazi. Ekip EJ a pral detanzantan, men pa mwens pase chak dezan, revize pi bon pratik pou konfòme yo ak Estrateji EJ Depatman an.

Endikatè

Depatman an pral kreye ak swiv mezi sa yo:

- patisipasyon nan odyans piblik yo,
- Statistik paj wèb EJ yo,
- demann pou entèpretasyon yon patisipan nan yon odyans piblik,
- pousantaj nan demann pou entèpretasyon ki fèt, epi
- kantite pwosedi ki afekte espesyalman yon katye EJ, ak fason yo te bay avi nan chak ka

Fòmasyon/Resous Pataje

Depatman an pral fè fòmasyon anplwaye yo chak ane sou aksè a lang Depatman an ak politik EJ yo. Fòmasyon sa yo ap genyen ladann yo:

- Pwosedi Depatman an pou mande sèvis entèpretasyon ak tradiksyon dokiman;
- Pwosedi Depatman an pou mande travay avèk anplwaye entèprèt volontè yo; epi
- Kijan pou w itilize avèk siksè ekipman asistans pou ekout ak entèpretasyon Depatman an.

Anplwaye Depatman an ap patisipe tou nan nenpòt fòmasyon obligatwa ki òganize pa EEA. Yo pral ankouraje anplwaye yo, jan sa posib, pou yo patisipe nan fòmasyon EEA ki gen rapò ak:

- Itilizasyon zouti katografi ak depistaj eta ki disponib pou idantifye Katye EJ yo epi evalye enpak pwojè yo nan zòn sa yo;
- Definisyon, pratik, ak objektif angajman entèvenan yo; epi
- Kijan yo idantifye yon Katye EJ.

Divèsite ak anbochaj pratik

Depatman an rekonèt enpòtans pou genyen yon mendèv ajans ki reflete divèsite rasyal, etnik ak sosyoekonomik rezidan Massachusetts yo, ki gen ladann wòl kle yon mendèv konsa jwe nan fè pwomosyon desizyon ekitab konsènan pèmi anviwònmantal ak enèjetik, sit, elaborasyon règleman, politik ak fè aplike lalwa, ak lòt zafè ki gen rapò ak jiridiksyon Depatman an. Depatman an angaje l pou mete ann aplikasyon tout direktiv EEA konsènan pratik anbochaj ekitab.

Kesyon

Depatman an atravè politik EEA EJ ak Estrateji EJ sa a ap travay pou asire pwoteksyon egal ak patisipasyon siyifikatif tout moun ak tout kominote yo nan sa ki konsène elaborasyon, aplikasyon, ak fè aplike lwa, règleman, ak politik nan zafè enèji, chanjman klimatik, ak anviwònman, distribisyon ekitab enèji ak avantaj ak chaj anviwònmantal yo.

Fè Aplike Estrateji EEA EJ sa a

Pou nenpòt enkyetid, plent, konpliman oswa lide, oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou efò ajans nou an pou jistis anviwònmantal, enèji ak klima, tanpri kontakte Biwo Jistis Anviwònmantal EEA a jan sa endike nan Paj 19 Estrateji EEA EJ sa a.

Depatman an gen yon pwen kontak EJ ki nonmen anba a pou reponn kesyon konsènan Estrateji sa a oswa nenpòt lòt pwoblèm ki gen rapò ak jistis anviwònmantal la.

Pwen Kontak Ajans EJ:

Carline L. Lemoine, Koòdonatè Aksè Lang
Depatman Sèvis Piblik

Divizyon Jiridik
Yon Estasyon Sid, senkyèm etaj
Boston, MA 02110

Carline.Lemoine@mass.gov
(617) 305-3532

Siting Board Enstalasyon Enèjetik Commonwealth Massachusetts (EFSB)
Estrateji Jistis Anviwònmantal

Sa ki nan Dokiman sa a

Siting Board Enstalasyon Enèjetik Commonwealth Massachusetts (EFSB) 109

Kontèks 111

Definisyon yo 113

Pwosesis Piblik EFSB 113

Aksè pou Pwoteje Enfòmasyon *114*

Distribisyon Avi *114*

Komantè Piblik la *114*

Patisipasyon nan pwosesis yo *115*

Aksè a Lang *116*

Politik Chanjman Klimatik 116

Fonfòmite avèk MEPA 116

Aplikasyon Estrateji EJ 118

Patisipasyon Piblik la ak Plan Angajman Kominotè (PIP) *118*

Plan Aksè a Lang *118*

Endikatè yo *118*

Evalyasyon Peryodik *119*

Angajman Mendèv yo 119

Konklizyon 120

Aplikasyon Estrateji EEA EJ sa a 120

Kontèks

Siting Board Enstalasyon Enèjetik yo

Siting Board Enstalasyon Enèjetik yo ("Siting Board" oswa "EFSB") se yon konsèy etatik endepandan ki revize pwopozisyon pou konstwi gwo enstalasyon enèjetik ki gen ladann enstalasyon pwodiksyon, liy transmisyon elektrik, tiyo gaz natirèl andedan eta a, ak tank depo gaz natirèl. Pou jwenn apwobasyon EFSB, yon moun ki pwopoze yon enstalasyon dwe demontre ke enstalasyon an ta bay yon rezèv enèji serye, ak yon enpak minimòm sou anviwònman an, nan pri ki pi ba posib. Depatman Sèvis Piblik yo ("Depatman" oswa "DPU") sipòte administrativman travay EFSB ak anplwaye li yo, men EFSB ki gen nèf manm, deside poukont li si pou l apwouve oswa refize pwojè sa yo. Anplwaye EFSB yo mennen tou pwosedi ki gen rapò ak chwa sit DPU ki pa tonbe nan jiridiksyon EFSB a.1

Politik Commonwealth yo

Nan kad revizyon enstalasyon jiridiksyon li yo, Siting Board la dwe egzamine si plan yon aplikan pou konstriksyon konfòm avèk politik aktyèl yo nan zafè sante, pwoteksyon anviwònman, ak itilizasyon resous yo ak devlopman jan Commonwealth la adopte yo. GL c. 164, § 69J. Gade tou GL c. 164, § 69J¼ (ki mande konfòmite avèk politik aktyèl yo nan zafè sante, pwoteksyon anviwònman, ak enèji). Siting Board la egzamine divès politik, tankou Biwo Egzekitif pou Enèji ak Afè Anviwònman an ("EEA") Politik Jistis Anviwònmantal ("Politik EJ") 2 ak Politik Aksè a Lang Commonwealth la (Bilten Administrasyon ak Finans #16).3,4

Seksyon 13 Règleman EJ a mande ajans EEA yo pou yo "devlope pwòp estrateji pa yo pou ankouraje jistis anviwònmantal la nan tout katye yo nan fason ki adapte ak misyon ajans yo." Bilten #16 A&F mande chak ajans pou devlope yon plan aksè a lang ("LAP") kote li travay pou aplike pwotokòl pou bay sèvis pou moun ki pa pale anglè ak moun ki gen konpetans limite nan anglè.

Objektif Estrateji EJ

Estrateji Jistis Anviwònmantal EFSB a ("Estrateji EJ") vize pou asire pwoteksyon egal ak patisipasyon siyifikatif tout moun ak kominote yo nan sa ki konsène elaborasyon, aplikasyon, ak

---

[1]Depatman an revize sèten enstalasyon enèjetik ki anba pwòp jiridiksyon legal pa l ki anvan kreyasyon Konsèy Chwa Sit enstalasyon Enèjetik yo an 1973 (ajans predesesè Siting Board Enstalasyon Enèjetik ("Siting Board"). Siting Board la se yon ajans endepandan ki sitye administrativman nan Depatman an, byenke dapre lalwa li pa sijè a sipèvizyon oswa kontwòl Depatman an.

[2]Politik EJ a nan: https://www.mass.gov/doc/environmental-justice-policy6242021-update/download (aktyalize 24 jen 2021). Règleman EJ a aplike tou klèman pou EFSB a. Gade Seksyon 20.

[3]Bilten A&F se nan https://www.mass.gov/doc/language-access-guidelines/download.

[4]Nan mwa mas 2021, Gouvènè Baker te pwomilge Chapit 8 nan Lwa 2021 yo, Yon Lwa k ap kreye yon plan nouvèl jenerasyon pou politik klima nan Massachusetts ("Lwa sou plan klimatik"). Pami dispozisyon Lwa sou plan klimatil la genyen nouvo egzijans lejislatif ki gen rapò ak konsiderasyon jistis anviwònmantal la nan revizyon anviwònmantal ki fèt dapre Lwa sou Politik Anviwònmantal Massachusetts ("MEPA"). Pandan Biwo MEPA a aplike egzijans sa yo, règleman ak pratik jistis anviwònmantal ki afekte zafè lokal EFSB ak Depatman an ka chanje nan enterè koyerans.

fè aplike lwa, règleman, ak politik nan zafè enèji, chanjman klimatik, ak anviwònman, ak distribisyon ekitab enèji ak avantaj ak chaj anviwònmantal kèlkeswa ras, koulè, orijin nasyonal, revni, oswa konpetans nan lang anglè. EFSB a dwe konsidere prensip jistis anviwònmantal yo nan elaborasyon nenpòt ki politik ak nenpòt priz desizyon ki gen rapò ak zafè ki nan jiridiksyon legal li yo. Nou espere ke Estrateji EJ nou an ap kontinye evolye ak tan an pou reflete bezwen popilasyon jistis anviwònmantal Commonwealth la. Nan yon ti tan, nou espere ke Estrateji EJ a ka modifye ak aktyalize pou reflete rekòmandasyon entèvenan yo bay konsènan sansibilizasyon popilasyon EJ yo nan yon pwosedi ki resan epi k ap kontinye, ki anrejistre kòm EFSB 21-01 jan yo diskite l pi ba a.

Avi pou Ankèt

Nan dat 30 jen 2021, Siting Board la te louvri yon Avi pou Ankèt ("NOI"), EFSB 21-01, pou eksplore posiblite pou (1) ogmante vizibilite avi piblik EFSB yo epi (2) ankouraje pi patisipasyon ekitab ak siyifikatif piblik la ak entèvenan yo nan pwosedi EFSB yo.5 Atravè NOI li a, Siting Board la ap chèche kòmantè entèvenan konsène yo, fonksyonè yo ak moun nan piblik la sou pi bon pratik pou ankouraje patisipasyon piblik la nan pwosedi li yo. Sou rezèv revizyon l ak apwobasyon li, Siting Board la pral rann yon desizyon final alekri sou NOI a, akonpaye pa yon Patisipasyon Piblik ak Plan Angajman Kominotè ("PIP") ak LAP espesifik EFSB ki detaye mezi aplikasyon ak delè ki fè avanse dispozisyon ki nan Estrateji EJ EFSB. Gade Seksyon VI anba a.

EFSB te resevwa anpil lèt kòmantè piblik nan men entèvenan yo nan premye peryòd kòmantè NOI a. Kòmantè yo te kouvri yon pakèt ide sou fason EFSB kapab amelyore pwosedi li yo e yo te enkli amelyorasyon metòd distribisyon avi altènatif, aksè nan lang ak aranjman, opòtinite pou fè kòmantè piblik, aksesibilite pou odyans kòmantè piblik, enfòmasyon sou pwojè sou sitwèb EFSB a, konfòmite aplikan pou pwojè a, transparans pa EFSB, ak konsyantizasyon sou patisipasyon nan pwosedi EFSB. Malgre y ap revize kounye a sijesyon yo te ofri yo, ki fèt pou amelyore transparans jeneral EFSB a, sèvis ak sipò pou entèvenan li yo, anpil nan sijesyon yo patikilyèman byen adapte a bezwen Popilasyon EJ yo.

Ekip NOI

Se yon ekip ki konpoze ak Direktè EFSB, Avoka Jeneral, ak anplwaye k ap dirije NOI a. Ekip NOI a gen entansyon devlope plan egzekisyon detaye nan kad desizyon EFSB k ap vini sou NOI a ki pral devlope dispozisyon ki genyen nan Estrateji EJ sa a. Pandan tout ane 2022 a, Ekip NOI a pral konsidere repons pou NOI a, ansanm ak revizyon entèn adisyonèl politik ak pwosedi Siting Board la epi/oswa konsilte ak lòt ajans apwopriye k ap pouswiv pratik ki sanble jistis anviwònmantal la (egzanp, lòt ajans EEA ak lòt ajans regilasyon enèji etatik) pou ede gide Siting Board la nan lòt elaborasyon ak aplikasyon Estrateji EJ sa a. Ekip NOI a kounye a pwograme lòt reyinyon ak opòtinite pou fè kòmantè ki gen rapò ak pwosedi NOI a epi li espere pran yon desizyon nan pwosedi sa a nan fen 2022 a.

[5]Gade https://eeaonline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom/dockets/bynumber/EFSB21-01.

Definisyon

Yo pran tèminoloji ki defini anba a nan Politik EEA EJ a. Li enpòtan pou defini klèman tèm sa yo pou piblik la ka rann EFSB responsab nan analiz nou sou enstalasyon ki pwopoze yo ak lòt pwojè yo.

"Popilasyon Jistis Anviwònmantal (EJ)" vle di (A) yon katye ki satisfè youn oswa plis nan kritè sa yo: (i) revni medyan anyèl fwaye a pa plis pase 65 pousan revni medyan fwaye nan tout eta a; (ii) minorite yo reprezante 40 pousan oswa plis nan popilasyon an; (iii) 25 pousan oswa plis nan fwaye yo manke konpetans nan lang anglè; oswa (iv) minorite yo reprezante 25 pousan oswa plis nan popilasyon an epi revni medyan anyèl fwaye nan minisipalite kote katye a ye a pa depase 150 pousan revni medyan anyèl fwaye nan tout eta a; oswa (B) yon pòsyon jewografik nan yon katye Sekretè a deziyen kòm yon popilasyon jistis anviwònmantal an konfòmite ak lalwa.

"Prensip Jistis Anviwònmantal yo" se prensip ki sipòte pwoteksyon moun kont polisyon nan anviwònman an ak kapasite pou yo viv epi jwi yon anviwònman pwòp e ki sen, kèlkeswa ras, koulè, revni, klas, andikap, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, orijin nasyonal, etnisite oswa zansèt, kwayans relijye oswa metriz lang anglè, ki gen ladann: (i) patisipasyon siyifikatif tout moun nan sa ki konsène devlopman, aplike ak fè aplike lwa sou anviwònman yo, règleman ak politik yo, ki gen ladann politik chanjman klimatik; epi (ii) distribisyon ekitab enèji, avantaj ak chaj anviwònmantal yo.

Dapre Politik EEA EJ a, “Patisipasyon siyifikatif vle di ke tout katye yo gen dwa a opòtinite pou yo patisipe nan priz desizyon nan zafè enèji, chanjman klimatik, anviwònman ki gen ladann evalyasyon bezwen, planifikasyon, aplikasyon, konfòmite ak fè aplike lalwa, ak evalyasyon epi katye yo abilite ak benefisye asistans administratif pou patisipe totalman atravè edikasyon ak fòmasyon, epi gouvènman an bay yo transparans/responsabilite konsènan kontribisyon kominote a, epi ankouraje yo pou devlope jesyon anviwònman, enèji, ak chanjman klimatik.”

"MEPA" se Lwa sou Politik Anviwònmantal Massachusetts, MGL Ch.30, Seksyon 61-621. Dapre lwa MEPA a, EEA revize enpak potansyèl sou anviwònman aksyon ajans etatik yo ki depase sèten limit regilasyon. MEPA enplike revizyon piblik ak kòmantè, epi li sijè a delè estrik dapre lalwa sou dire revizyon yo.

"Katye" vle di yon gwoup blòk resansman jan Biwo Resansman Ameriken an defini li men li pa enkli moun ki abite nan dòtwa kolèj oswa moun ki nan swen oswa gad fòmèlman otorize, sipèvize (sa vle di, nan prizon federal oswa etatik).

Pwosesis Piblik EFSB

Siting Board la bay yon seri opòtinite pou moun ak òganizasyon yo patisipe epi tande yo nan plizyè faz nan pwosedi li yo, soti nan premye depo aplikasyon, an pasan pa kòmantè piblik ak odyans pwobatwa yo, jiska reyinyon Konsèy la, epi si yo apwouve, konstriksyon ak operasyon enstalasyon yo. Enterè patisipasyon endividyèl ak òganizasyonèl nan pwosedi EFSB yo ka soti nan

rasanble enfòmasyon ki soti nan avi pwojè yo oswa sou sitwèb EFSB la, rive bay kòmantè oral ak ekri nan odyans piblik, pou chèche tout dwa legal pou patisipasyon, tankou resevwa dokiman ak lòt enfòmasyon, ofri prèv, kesyone temwen yo, epi fè apèl kont desizyon EFSB a.

Aksè a Enfòmasyon sou Pwojè a

EFSB ap chèche asire ke enfòmasyon sou pwojè a disponib fasilman pou tout entèvenan yo pou revize l. Petisyon konplè yon aplikan pou pwojè a disponib nan plizyè kote ak nan plizyè lang (jan sa aplikab) pou bay piblik la aksè a dokiman sa yo. Siting Board la egzije pou yon aplikan mete kopi fizik sèten dokiman nan youn oswa plizyè depo tankou yon bibliyotèk piblik, biwo gouvènman lokal, biwo aplikan an, oswa lòt kote ki aksesib nan kominote a. Piblik la kapab mande aksè fizik tou nan dosye pwojè yo nan biwo EFSB/DPU oswa nan lòt fòma (egzanp, gwo lèt, Bray). Ou ka jwenn vèsyon elektwonik petisyon yo sou sitwèb EFSB a ak sou sitwèb aplikan pwojè a, ki gen lyen nan avi piblik ki lajman distribye.

Distribisyon Avi

EFSB mande aplikan yo avètisman alè pou tout pwojè yo pwopoze yo, tankou avi yo voye pa lapòs bay rezidan zòn yo (ki gen ladann alafwa pwopriyetè byen yo ak lokatè yo), biznis yo, ak ofisyèl lokal ak etatik yo, ansanm ak piblikasyon avi nan jounal. EFSB egzije moun ki pwopoze pwojè yo pou notifye rezidan yo nan sèten distans nouvo enstalasyon yo pwopoze pa lapòs Etazini.6 Dapre enfòmasyon demografik rezidan k ap viv toupre yon pwojè ki pwopoze, Siting Board la ka mande pou yo tradui avi ak pibliye yo nan lòt lang epi pibliye yo nan medya ki aplikab pou lòt lang ak kote sa yo.

EFSB asire tou ke enfòmasyon sou pwojè yo afiche sou sit entènèt aplikan pwojè a ak EFSB a. EFSB egzije aplikan yo pou yo bay òganizasyon kominotè yo (ki gen ladann òganizasyon jistis anviwonmantal yo) nan domèn yon pwojè, lè l sèvi avèk "Lis Difizyon EJ" ki devlope epi konsève pa EEA. Lè yo avèti rezidan ki nan vwazinaj yon pwojè yo pwopoze, Siting Board la ap chèche ankouraje sansibilizasyon sou pwopozisyon an epi pèmèt moun ki vle plis enfòmasyon oswa ki vle bay kòmantè yo gen opòtinite pou yo kontribiye yon fason siyifikatif nan egzamen Konsèy la pou pwojè ki pwopoze a.

Kòmantè Piblik yo

Siting Board la rekonèt manm yon kominote espesifik kote yo ka pwopoze yon pwojè, gen konesans premye men ak konesans inik konsènan moun, kote, anviwònman, kilti, ak istwa nan kote sa yo. Siting Board la rekonèt tou valè ak enpòtans pou jwenn yon konpreyansyon sou pèspektiv lokal ak ekspètiz sa yo, epi sèvi ak konesans sa a nan pwosesis revizyon fòmèl li. EFSB bay opòtinite pou fè kòmantè aloral ak ekri sou pwojè yo pwopoze nan kòmansman yon

[6]EFSB anjeneral itilize distans sa yo ak fwontyè pwojè yo nan objektif pou etabli adrès obligatwa pou avi poste: (a) twasan pye pou liy transmisyon oswa tiyo gaz; (b) yon wityèm mil pou nouvo estasyon elektrik yo; (c) yon ka mil pou nouvo poste, estasyon kontè tiyo oswa regilatè gaz; epi (d) yon demi mayl pou nouvo enstalasyon pwodiksyon, enstalasyon depo gaz, ak estasyon konpresè.

pwosedi. Objektif Siting Board la nan yon odyans kòmantè piblik se bay yon fowòm solid, enklizif, ak itil pou piblik la aprann plis sou yon pwojè yo pwopoze, epi pèmèt Siting Board la aprann sou enkyetid piblik la. Siting Board la konte sou kòmantè piblik la kòm yon sous enfòmasyon enpòtan sou pwoblèm potansyèl pou envestige pandan yon pwosedi.

Lè l ap chwazi yon lokal ak dat/lè pou odyans kòmantè piblik an pèsòn, Siting Board la konsidere plizyè faktè, tankou si:

- Tan reyinyon an pi favorab pou patisipasyon piblik la
- Entèvenan katye a oswa fonksyonè minisipal yo rekòmande anplasman kote ak lè reyinyon yo
- Lokal la se toupre kote pwojè yo pwopoze a
- Lokal la tipikman itilize pa kominote a, epi li ka resevwa tout patisipan ki enterese
- Lokal la konfòm ak Lwa sou Ameriken ki Andikape yo (ADA)
- Lokal la tou pre transpò piblik ak/oswa gen anpil pakin gratis
- Lokal la gen ase kapasite koneksyon ekipman odyo-vizyèl
- Lokal la kapab byen asire sekirite piblik

Nan dat 16 jen 2021, Gouvènè Baker te pwomilge yon lwa Lwa ki Pwolonje Sèten Mezi COVID-19 yo te Adopte Pandan Eta Dijans la. Lwa sa a gen ladann yon pwolongasyon, jiska 1ye avril 2022, dispozisyon reyinyon adistans Dekrè 12 mas 2020 li a, ki Sispann Sèten Dispozisyon Lwa sou Reyinyon An plennè. Nan dat 13 fevriye 2022, Gouvènè Baker te siyen yon Lwa ki fè afektasyon kredi pou ane fiskal 2022 a ki gen ladann yon lòt pwolongasyon nan dispozisyon pou reyinyon adistans yo jiska 15 jiyè 2022. Depi pandemi an te kòmanse, Siting Board la te fè odyans kòmantè piblik li yo adistans epi li te afiche anrejistreman odyans yo sou DPU paj YouTube. Lè sa posib, Siting Board la gen entansyon rekòmanse odyans an pèsòn epi tou bay aksè nan videyokonferans pou moun ki vle patisipe a distans.

Patisipasyon nan Pwosedi

Moun, òganizasyon, biznis, oswa lòt antite (tankou yon minisipalite) ki vle patisipe apre faz kòmantè piblik la nan yon pwosedi ka mande Siting Board la pou entèvni kòm yon pati oswa patisipe kòm yon patisipan limite. Pou kapab entèvni kòm yon pati, yon petisyonè dwe demontre ke li ka "afèkte sibstansyèlman ak espesifikman" pa pwosedi a. Pwoblèm ki soulve nan petisyon pou entèvni an dwe espesifik pou entèvenan potansyèl la epi yo dwe tonbe nan sijè ki abòde revizyon Siting Board la, tankou enpak vizyèl, bri, polisyon lè oswa dlo, trafik, oswa chan mayetik ki ta ka gen yon enpak tanporè oswa pèmanan sou petisyonè yo oswa sou pwopriyete yo. Gade 980 CMR 1.05; gade tou GL c. 30A, §§ 1, 10.

Moun oswa òganizasyon ki gen pèmisyon pou entèvni kòm yon pati yo rele "entèvenan." Antanke yon pati konplè, yon entèvenan ka soumèt kesyon bay aplikan an, poze kesyon nan odyans pwobatwa yo, prezante prèv, epi depoze dokiman ki konfòm avèk règ pwosedi yo ak orè ki etabli pou ka sa a. Yon entèvenan gen dwa tou pou fè apèl kont yon Desizyon Final EFSB devan Tribinal Siprèm Massachusetts la. Moun oswa òganizasyon k ap chèche patisipe kòm yon patisipan limite pa bezwen demontre enterè "konsiderab ak espesifik"; sepandan, yon petisyon pou patisipe kòm yon patisipan limite ta dwe dekri fason moun ki fè petisyon an enterese, ak

rezon ki fè li mande patisipasyon an. Patisipan limite yo ka resevwa kopi dokiman ki depoze epi yo ka depoze memwa.

Aksè a Lang

EFSB a ap chèche asire ke moun ki gen konpetans limite nan anglè yo jwenn opòtinite pou yo enplike ak patisipe yon fason siyifikatif nan pwosedi EFSB. Nan kòmansman yon pwosedi, anplwaye Siting Board la revize enfòmasyon demografik pou zòn kote enstalasyon yo pwopoze pou idantifye popilasyon ki gen konpetans limite nan anglè ki ka mande tradiksyon dokiman ak sèvis entèpretasyon. Nan ka sa yo, Siting Board la mande pou aplikan pwojè a bay yon avi nan lòt lang yo idantifye yo pale nan kominote a epi, kote sa aplikab, pibliye avi a nan jounal anglofòn ki nan sikilasyon lokal yo.

EFSB a gen ladann entèpretasyon similtane pou lòt lang nan odyans kòmantè piblik vityèl ak an pèsòn. Yo bay sèvis sa yo kote yo idantifye yon popilasyon ki gen konpetans limite nan lang anglè epi sou demann. Yo bay entèpretasyon tou nan odyans pwobatwa ak reyinyon Konsèy la, jan sa nesesè. Siting Board la ap nan pwosesis pou l aktyalize LAP li a. Yo dekri eleman LAP a, ki gen ladann tou enfòmasyon sou fason yo evalye bezwen lang yo nan Seksyon VI.B anba a.

Politik Chanjman Klimatik

Siting Board la konsidere konsekans aktyèl ak fiti chanjman klimatik sou popilasyon jistis anviwònmantal yo ak lòt moun nan desizyon li yo epi evalye tretman yon aplikan nan adaptasyon, alèjman, ak rezilyans nan kad revizyon anviwònmantal li. Pa egzanp, EFSB analize ogmantasyon nivo lanmè ak enpak tanpèt sou enstalasyon yo nan kominote kotyè yo. Siting Board la evalye tou konfòmite yon pwojè ak rezilyans minisipal ak plan chanjman klimatik. EFSB kontinye konsidere plis politik chanjman klimatik ke Commonwealth ak minisipalite yo adopte nan desizyon li yo.

Konfòmite avèk MEPA

Nouvo Pwotokòl MEPA

Biwo MEPA a te pibliye nouvo pwotokòl konsènan jistis anviwònmantal la: (i) Pwotokòl Patisipasyon Piblik MEPA pou popilasyon jistis anviwònmantal yo; epi (ii) Pwotokòl Pwovizwa MEPA pou Analiz Enpak Pwojè yo sou popilasyon jistis anviwònmantal yo. Pwotokòl Patisipasyon Piblik MEPA a egzije pou aplikan yo idantifye Popilasyon EJ ki tou pre yo epi angaje yo nan sansibilizasyon alavans pou popilasyon sa yo. Aplikan pwojè yo dwe bay yon deskripsyon estrateji patisipasyon piblik nan kad depo MEPA a, epi espesyalman endike kijan òganizasyon kominotè ak tribi te enfòme sou fason pou mande yon reyinyon kominotè. Aplikasyon pou enstalasyon devan Siting Board la mande yon depo MEPA tou. Siting Board la pral travay avèk EEA/MEPA pou entegre yon konpreyansyon sou pwosesis EFSB ak opòtinite pou patisipasyon nan aktivite sansibilizasyon anvan depo ki inisye dapre egzijans MEPA yo.

Pwotokòl Pwovizwa MEPA pou Analiz Konsekans Pwojè yo sou popilasyon jistis anviwònmantal yo mande pou yon aplikan pwojè evalye ak dekri nenpòt chaj anviwonmantal ki enjis oswa ki pa

ekitab ak konsekans sante piblik konèks ki afekte popilasyon jistis anviwònmantal la. Enpak sa yo enkli sila ki soti nan nenpòt operasyon oswa pwojè prive, endistriyèl, komèsyal, etatik oswa minisipal ki te andomaje anviwònman an, ki gen ladann enpak kimilatif sou sante ak ogmantasyon nivo lanmè. Siting Board la pral revize analiz sa yo nan evalyasyon li nan yon pwopozisyon pwojè epi fè konklizyon ki aplikab nan desizyon li yo.

Ranfòse Patisipasyon Piblik

Siting Board la te amelyore pwosedi patisipasyon piblik nan revizyon li yo sou petisyon enstalasyon enèjetik yo. Dapre Seksyon 20 Politik EJ a, patisipasyon ranfòse piblik la obligatwa pou pwosedi Siting Board la ki baze sou menm limit enpak anviwònmantal Biwo MEPA a itilize (nan Seksyon 16) pou patisipasyon piblik ranfòse li a:

1) Nenpòt pwojè ki depase yon limit Fòm Notifikasyon Anviwònmantal (ENF) pou lè, dechè solid ak danjere (ki pa pwojè depolisyon), oswa tretman ak eliminasyon dlo ize ak labou egou; epi
2) Sit pwojè a sitiye nan yon milye nan yon popilasyon EJ (oswa nan ka pwojè ki depase yon limit ENF pou lè, nan mwens ke senk mayl de yon popilasyon EJ).

Siting Board la pral kontinye ranfòse pwosedi patisipasyon piblik la nan revizyon li yo sou petisyon enstalasyon enèjetik yo.

Amelyore Analiz Enpak yo

Dapre Règleman EJ a, Siting Board la itilize analiz apwofondi enpak ak pwosedi alèjman nan revizyon li pou enstalasyon enèjetik yo pwopoze yo. Dapre Seksyon 20 Règleman EJ a, analiz apwofondi enpak ak alèjman obligatwa pou pwosedi Siting Board la ki baze sou menm limit enpak anviwònmantal MEPA yo itilize (nan Seksyon 17) pou analiz apwofondi li yo sou enpak alèjman:

1) Depase yon limit EIR obligatwa pou lè, dechè solid ak danjere (ki pa pwojè asenisman), oswa tretman ak eliminasyon dlo ize ak labou egou; epi
2) Yo sitiye a mwens yon mayl nan yon Popilasyon EJ (oswa nan ka pwojè ki depase yon limit EIR obligatwa pou lè, nan yon espas senk mayl nan yon Popilasyon EJ). Pwomotè pwojè a ka soumèt done reyèl modelizasyon lè yo sou zòn enpak potansyèl pwojè sou lè a nan kad EIR li pou modifye zòn enpak senk mayl yo sipoze a.

Desizyon Siting Board la pran an ap gen ladann mezi pou aleje enpak sa yo pou kominote ki afekte yo, ak revizyon apwofondi obligatwa kote popilasyon EJ yo prezan. Nan revizyon enstalasyon pwodiksyon li yo, Siting Board la konsidere enpak kimilatif sou sante, ki gen ladann konsiderasyon efè konpoze ki te koze pa pwoksimite a plizyè sous enèji, endistriyèl oswa transpò. Siting Board la pral kontinye fè analiz apwofondi enpak ak pwosedi alèjman nan revizyon li yo sou enstalasyon enèjetik ki pwopoze dapre Seksyon 20 an. Siting Board la ap patisipe tou nan efò entèvenan Depatman Pwoteksyon Anviwònmantal la pou evalye epi chèche kòmantè piblik la sou devlopman yon metodoloji enpak kimilatif.

Aplikasyon Estrateji EJ

Plan Patisipasyon Piblik ak Angajman Kominotè (PIP)

Tout ajans EEA yo dwe kreye yon PIP ki tabli yon pwogram patisipasyon piblik enklizif, solid pou aksyon kle ajans yo ki konsantre resous ajans yo sou aktivite sansibilizasyon ki amelyore opòtinite patisipasyon piblik pou aktivite ajans yo ki kapab afekte popilasyon jistis anviwònmantal yo. EFSB ap elabore PIP li nan kad pwosesis NOI a (Gade seksyon I.D).

Plan Aksè a Lang

EFSB ap aktyalize LAP li nan kad pwosesis NOI (Gade ID seksyon I.D). LAP a gen entansyon retire obstak pou jwenn aksè ak amelyore opòtinite pou kontribisyon piblik la ak patisipasyon entèvenan ki gen konpetans limite nan lang anglè. LAP Siting Board la pral genyen, omwen, enfòmasyon sa yo:

- Idantifikasyon limit pou tradiksyon pwobab dokiman pwojè yo ak bay entèpretasyon lang pou odyans kòmantè piblik yo, odyans pwobatwa, ak reyinyon Board la.
- Deskripsyon pwotokòl sèvis lang EFSB yo (sa vle di, pwosesis pou mande swa sèvis entèpretasyon oswa tradiksyon dokiman yo.)
- Deskripsyon egzijans EFSB pou chwazi yon sèvis entèpretasyon pou odyans yo
- Deskripsyon "dokiman piblik kle" komen ke EFSB pral tradui nan lang yo plis pale nan Commonwealth la.[7]
- Deskripsyon "dokiman piblik kle" espesifik pou pwojè yo ke EFSB a pral mande pou yo tradui nan lang ke anpil moun pale nan zòn pwojè a.[8]
- Deskripsyon apwòch EFSB pou kontakte moun ki gen yon konpetans limite nan anglè sou paj wèb li yo ak/oswa medya sosyal li yo.

Endikatè yo

Pou mezire pwogrè nan reyalizasyon objektif Estrateji EJ li yo, Siting Board la pral etabli mezi pou swiv patisipasyon piblik la. EEA pral pibliye endikatè sa yo ak pwogrè pou ajans EEA yo nan rapò anyèl yo. Kèk nan kritè Siting Board la konsidere se sa ki annapre yo:

- Kantite demann entèpretasyon ak tradiksyon, ki gen ladann lang yo mande epi yo satisfè yo
- Kantite odyans ak aranjman vizyèl ak demann ki akòde

[7]Siting Board la egzamine dokiman sa yo ki genyen ladann yo Manyèl EFSB (ki bay yon deskripsyon detaye sou pwosesis revizyon Siting Board la, ak yon eksplikasyon sou divès fason yo patisipe nan pwosesis sa a), enfòmasyon sou demann aranjman, ak Estrateji EJ sa a. Ekip NOI a pral kontinye idantifye lòt dokiman ki enpòtan pou moun konprann dwa yo nan zafè EFSB epi mete ajou lis ki nan LAP la.

[8]Siting Board la konsidere dokiman sa yo genyen ladann yo avi piblik yo, materyèl sansibilizasyon MEPA (si yo pa deja tradui), lejand kat, ak lòt materyèl sansibilizasyon. Ekip NOI a pral kontinye idantifye lòt dokiman epi mete ajou lis la nan LAP la.

- Kantite jounal ki pa anglofòn yo itilize pou piblikasyon avi
- Kantite demann pou bay sèvis entèpretasyon oswa tradiksyon ki te fèt epi yo te reponn yo
- Kantite fwa EFSB te itilize anplwaye bank lang DPU pou tradiksyon/entèpretasyon
- Lajan EFSB ak aplikan pwojè yo depanse pou sèvis entèpretasyon ak tradiksyon
- Kantite kòmantè pozitif/negatif yo resevwa konsènan kalite tradiksyon/entèpretasyon
- Kantite seyans fòmasyon anplwaye ki gen rapò ak aksè nan lang
- Kantite reyinyon avèk entèvenan yo (ki gen ladann diskisyon sou sèvis aksè lang EFSB ofri)

Evalyasyon Peryodik

EFSB pral revize detanzantan, men pa mwens pase chak dezan, Estrateji EJ li yo, PIP ak LAP. Dokiman yo pral revize pa yon Ekip EJ, ki gen ladann Direktè EFSB a ak Avoka Jeneral la. Revizyon Ekip EJ a te fè a pral kontinye nenpòt analiz ki poko fini nan NOI a epi siveye pèfòmans ajans la jan yo mezire nan done metrik yo kolekte epi egzamine nouvo opòtinite oswa teknik.

Angajman Mendèv

Fòmasyon

Anplwaye Siting Board la ap patisipe nan fòmasyon EEA ak Depatman an ap fè sou aksè nan lang ak politik jistis anviwònmantal yo, ak/oswa nenpòt fòmasyon apwopriye pa òganizasyon ekstèn (egzanp, Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal Etazini). Fòmasyon obligatwa EEA òganizasyon yo enkli:

- Itilizasyon zouti katografi ak depistaj leta ki disponib pou idantifye Katye EJ yo epi evalye enpak pwojè yo nan zòn sa yo; epi
- Definisyon, pratik, ak objektif angajman entèvenan yo.

Rekritman

Siting Board lakonprann epi valorize enpòtans pou genyen yon mendèv ajans ki reflete divèsite rasyal, etnik ak sosyoekonomik rezidan Massachusetts yo. Siting Board la estime yon mendèv konsa jwe yon wòl ki enpòtan anpil nan fè pwomosyon desizyon ekitab konsènan pèmi anviwònmantal ak enèjetik, chwa sit, elaborasyon règleman, politik ak fè aplike lalwa, ak lòt zafè ki gen rapò ak jiridiksyon Siting Board la. Siting Board la pran angajman pou l aplike tout direktiv EEA konsènan pratik anbochaj ekitab.

Siting Board la ki gen nèf manm konpoze de Sekretè EEA, ki sèvi kòm Prezidan, Sekretè Lojman ak Devlopman Ekonomik, Komisè Depatman Pwoteksyon Anviwònman, Komisè Depatman Resous Enèjetik, Komisè DPU, ak twa manm nan piblik la ke Gouvènè a nonmen. Twa manm piblik yo gen eksperyans nan pwoblèm anviwònman, travay ak enèji. Konpozisyon estatitè Siting Board la bay yon gwo ekspètiz nan matyè a; pou rezon politik ajans la, EFSB a vle gen yon Konsèy ki reflete tou divèsite rasyal, etnik, ak sosyoekonomik rezidan Massachusetts yo.

Konklizyon

Siting Board la atravè politik EEA EJ ak Estrateji EJ sa a ap travay pou asire pwoteksyon egal ak patisipasyon siyifikatif tout moun ak tout kominote yo nan sa ki konsène elaborasyon, aplikasyon, ak fè aplike lwa, règleman ak politik nan zafè enèji, chanjman klimatik, ak distribisyon ekitab enèji epi avantaj ak chaj anviwònmantal yo.

Fè Aplike Estrateji EEA EJ sa a

Pou nenpòt enkyetid, plent, konpliman oswa lide, oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou efò ajans nou an pou jistis anviwònmantal, enèji ak klima, tanpri kontakte Biwo Jistis Anviwònmantal EEA a jan sa endike nan Paj 19 Estrateji EEA EJ sa a.

Pou kesyon konsènan Estrateji EJ sa a, tanpri kontakte:

Andre Greene
Direktè, Siting Board Enstalasyon Enèjetik
Andrew.Greene@mass.gov

Pou demann aranjman espesifik, tanpri kontakte:

Geneen Bartley
Asistan Administratif, Siting Board Enstalasyon Enèjetik yo
Geneen.Bartley@mass.gov

Sant Enèji Pwòp Massachusetts

MASSACHUSETTS CLEAN ENERGY CENTER

Estrateji Jistis Anviwònmantal

Sa ki nan Dokiman sa a

Sant Enèji Pwòp Massachusetts **121**

Kontèks ak Deklarasyon Misyon MassCEC 123

Politik Jistis Anviwònmantal EEA 123

Estrateji EJ ak Divèsite, Ekite, ak Enklizyon (DEI) 125

Pwomosyon Edikasyon ak Konsyantizasyon EJ ak DEI *125*

Ranfòse rezo entèvenan EJ ak DEI epi amelyore kominikasyon *126*

Estrateji ak Mezi EJ ak DEI nan Domèn Pwogram yo *128*

Fè Aplike Estrateji EEA EJ sa a 130

Sant Enèji Pwòp Massachusetts (MassCEC)
Jistis anviwònmantal, Divèsite, Ekite, ak Estrateji Enklizyon

Kontèks ak Deklarasyon Misyon MassCEC

Etabli pa Chapit 23J Lwa Jeneral yo, Sant Enèji Pwòp Massachusetts la (MassCEC) te kòmanse fonksyone an 2009. MassCEC se yon ajans prèske piblik ki finanse prensipalman pa Massachusetts Renewable Energy Trust Fund, ki te otorize pa Lejislati Massachusetts la an 1997.

MassCEC konsakre tèt li a devlopmannsektè enèji pwòp la atravè sipò pou inovasyon, devlopman mache ak adopsyon, ak devlopman mendèv ak endistri. Misyon MassCEC se akselere enèji pwòp ak inovasyon solisyon klima ki esansyèl pou atenn objektif klima Commonwealth la, fè pwogrese pozisyon Massachusetts antanke yon lidè klima entènasyonal pandan l ap devlope ekonomi enèji pwòp eta a.

MassCEC pran angajman pou l kreye yon òganizasyon divèsifye, ekitab, ak enklizif kote yo akeyi, sipòte, aplike, ak valorize tout moun. MassCEC angaje nan enkòpore prensip divèsite, ekite, enklizyon, ak jistis anviwònmantal nan tout aspè nan travay nou an pou ankouraje distribisyon ekitab sante ak avantaj ekonomik enèji pwòp epi sipòte yon endistri enèji pwòp divèsifye ak enklizif. MassCEC fè efò pou dirije ak inove nan enèji pwòp ekitab ak solisyon klima.

K ap travay nan kowòdinasyon sere ak Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman (EEA), MassCEC sipòte inovatè enèji pwòp ak solisyon klima lè l konsantre l sou kat domèn kritik: anviwònman bati, transpò, rezo zewo nèt, ak van lanmè. Atravè sibvansyon ak envestisman estratejik, MassCEC sipòte solisyon ki ankouraje devlopman ekonomi enèji pwòp eta a, akselere rediksyon eta a nan emisyon gaz ki lakòz efè tèmik (GHG), epi redui depans pou biznis ak konsomatè ki asosye ak enèji pwòp ak solisyon klima. MassCEC finanse tou efò fòmasyon mendèv yo pou asire nou gen yon mendèv enèji pwòp ki byen fòme ak divès pou atenn objektif klima anbisye eta a, epi li sipòte pwogram ki rann teknoloji enèji pwòp ak solisyon yo aksesib pou rezidan ki gen revni ki ba ak modere ak moun ki abite nan kominote jistis anviwònmantal yo. Atravè divès pwogram ak inisyativ li yo, MassCEC fasilite kolaborasyon atravè yon pakèt entèvenan (ki gen ladann konpayi, inovatè akademik, envestisè prive, ajans gouvènman, òganizasyon ki pa la pou fè pwofi, ak kominote) pou katalize ak deplwaye enèji pwòp ak solisyon klima atravè Commonwealth la.

Politik Jistis Anviwònmantal EEA

Règleman Jistis Anviwònmantal EEA (EJ) egzije pou tout ajans EEA yo devlope pwòp estrateji EJ yo. Politik la deklare ke ajans EEA yo dwe anvizaje kòman yo kapab byen entegre konsiderasyon jistis anviwònmantal yo nan depatman yo atravè politik, pwogram oswa lòt estrateji yo. Ajans EEA yo dwe idantifye ak ankouraje pwojè ajans yo patwone yo, desizyon finansman, règleman

oswa lòt aksyon ki poze pou fè avanse jistis anviwònmantal nan tout Commonwealth la pou montre kijan yo te mezire distribisyon ekitab avantaj yo.1

Politik EJ a dekri "jistis anviwònmantal" nan fason sa a:

Jistis anviwònmantal la baze sou prensip ke tout moun gen dwa pou yo pwoteje kont danje anviwònmantal yo epi pou yo viv epi jwi yon anviwònman pwòp e ki sen kèlkeswa ras, koulè, orijin nasyonal, revni, oswa konpetans yo nan lang anglè. Jistis anviwònmantal la se pwoteksyon egal ak patisipasyon siyifikatif tout moun ak kominote yo nan sa ki konsène elaborasyon, aplikasyon, ak fè aplike lwa, règleman, ak politik nan zafè enèji, chanjman klimatik, anviwònman epi distribisyon ekitab enèji, avantaj ak chaj anviwònmantal yo.

Pi lwen, politik defini "avantaj enèjetik" kòm aksè a finansman, fòmasyon, enèji renouvlab oswa altènatif, efikasite enèjetik, oswa lòt resous benefik EEA, ajans li yo, ak biwo li yo debouse.

Katye EJ yo se segman popilasyon an ke EEA te detèmine ki gen plis risk pou yo pa konnen oswa pou yo pa kapab patisipe nan priz desizyon anviwònmantal oswa pou yo jwenn aksè a resous anviwònmantal leta yo, oswa yo espesyalman vilnerab. Yo defini kòm katye (Done gwoup blòk resansman US Census Bureau pou kritè minorite yo, ak done American Community Survey (ACS) pou revni medyàn eta ak kritè izolman anglè) ki satisfè youn oswa plis nan kritè sa yo:

- Revni medyàn anyèl nan fwaye a pa plis pase 65 pousan revni medyàn anyèl nan tout eta a; minorite yo reprezante 40 pousan oswa plis nan popilasyon an;
- 25 pousan nan fwaye yo oswa plis manke metriz nan lang anglè a;
- Minorite yo reprezante 25 pousan oswa plis nan popilasyon an epi revni medyan anyèl fwaye minisipalite kote katye a sitiye a pa depase 150 pousan revni medyan anyèl fwaye nan tout eta a.

Antanke yon ajans eta prèske-piblik, MassCEC pa sijè a politik EEA EJ men kanmenm l ap chèche entegre prensip jistis anviwonmantal yo epi rive jwenn katye EJ yo ak lòt popilasyon ki mal desèvi avèk avantaj enèji pwòp. Pli lwen, kòm yon ajans ki sipòte kwasans endistri enèji pwòp la, MassCEC ap chèche ankouraje prensip divèsite, ekite, ak enklizyon (DEI) nan tout endistri a epi ede gide kwasans li nan yon fason divèsifye, ekitab, ak enklizif.

[1]24 jen 2021 “Politik Jistis Anviwònman Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman, https://www.mass.gov/doc/environmental-justice-policy6242021-update/download. MassCEC ap adopte Politik sa a volontèman kòm yon pi bon pratik nan limyè de relasyon travay sere li ak EEA ak dezi li pou adrese DEI ak EJ yon fason aktif nan estrikti òganizasyonèl ak travay pwogram li yo.

Estrateji EJ ak Divèsite, Ekite, ak Enklizyon (DEI)

Estrateji EJ ak DEI MassCEC a dekri kad estratejik ak aksyon kle MassCEC pral poze pou entegre prensip jistis anviwònmantal nan pwogram, patenarya, ak wòl li kòm lidè ak konvokatè endistri enèji pwòp la.

Aksyon kle Ajans yo

- Travay pou kreyasyon mendèv MassCEC ki reflete divèsite rasyal, etnik, ak sosyo-ekonomik rezidan Massachusetts yo, edike anplwaye yo sou prensip DEI ak EJ, epi pataje resous ak pi bon pratik ak entèvenan ekstèn yo lè sa apwopriye;
- Ranfòse rezo entèvenan ki gen rapò ak DEI ak EJ yo epi amelyore kominikasyon pandan tout elaborasyon ak aplikasyon pwogram ak aktivite MassCEC yo yon fason pou yo ka enplike yo epi distribye avantaj pwogram yon fason ekitab nan yon gwoup divèsifye popilasyon ak kominote ki reflete divèsite rasyal, etnik ak sosyo-ekonomik rezidan Massachusetts yo;
- Etabli objektif pou depans nan tout ajans yo pou zòn tankou katye EJ yo, Vil Gateway yo, Inisyativ pou revni ki ba ak modere, ak sèvis tradiksyon nan fen ane fiskal 2023 a.

Yo dekri plis detay sou aksyon CZM nan domèn sa yo anba a.

Pwomosyon Edikasyon ak Konsyantizasyon EJ ak DEI

EEA rekonèt enpòtans pou genyen yon mendèv ki reflete divèsite rasyal, etnik ak sosyo-ekonomik rezidan Massachusetts yo, ki gen ladann wòl kle yon mendèv konsa jwe nan fè pwomosyon desizyon ekitab konsènan chaj anviwònmantal ak enèjetik, ak vèsman sibvansyon.

MassCEC pral asire ke anplwaye yo konprann prensip EJ ak DEI atravè fòmasyon ak atelye ki gen rapò ak EJ ak DEI. Lè sa aplikab ak apwopriye, MassCEC pral chèche pataje resous EJ ak DEI ak gid meyè pratik ak endistri, antite gouvènman, ak lòt pati ki enterese. Anba a se yon lis aksyon ki pa konplè ke MassCEC pral poze pou edike pwòp anplwaye li yo sou prensip ki gen rapò ak EJ ak DEI epi pataje pi bon pratik ak kominote enèji pwòp la:

- Kenbe yon konsiltan DEI pou fòme ak edike anplwaye MassCEC sou prensip DEI yo;
- Konvoke gwoup travay ki gen ladann anplwaye MassCEC pou evalye ak devlope estrateji sou pwoblèm EJ ak DEI nan MassCEC ak nan pwogram MassCEC tou;
- Patisipe nan fòmasyon EJ ki òganize nan EEA epi gaye konesans apwopriye ak pi bon pratik bay anplwaye MassCEC ak entèvenan yo;
- Enkòpore divèsite nan pratik anbochaj nou yo epi bay fòmasyon pou responsab anbochaj yo nan fason pou ankouraje priz desizyon ekitab, tankou nan pwosesis anbochaj, evalyasyon kapasite aplikan yo pou konsidere bezwen popilasyon vilnerab yo, katye jistis anviwonmantal yo, ak zòn ki mal desèvi nan Commonwealth la;
- Enkòpore fòmasyon DEI ak EJ nan pwosesis entegrasyon nouvo anplwaye yo;

- Chèche pibliye òf travay nan MassCEC nan fowòm enpòtan ki ka pi aksesib pou manm kominote EJ yo (egzanp, tablo travay ak sit wèb nan gwoup enterè ak òganizasyon defans ki enpòtan yo, ak inivèsite ak kolèj kominotè ki sèvi katye EJ yo;
- Rekonesans efò anplwaye yo pou sipòte travay EJ/DEI MassCEC pandan revizyon pèfòmans yo.
- Aktyalize sitwèb "About Us" MassCEC pou enkli valè ak angajman MassCEC pou ekite, epi aktyalize sitwèb, piblikasyon pòs travay, epi garanti pwogram respektivman;
- Ebèje dokiman kle ajans yo ak dokiman ki gen rapò ak DEI ak EJ sou sitwèb MassCEC pou aksè piblik nan plizyè lang jan sa apwopriye epi ki disponib, swiv kantite dokiman ki tradui ak resous finansye yo itilize pou tradiksyon; epi
- Pataje meyè pratik ak aprantisaj ak endistri enèji pwòp ak lòt antite gouvènman an, jan sa apwopriye epi aplikab.

Ranfòse rezo entèvenan EJ ak DEI epi amelyore kominikasyon

Atravè wòl li kòm yon teknoloji enèji pwòp ak akseleratè mache, MassCEC gen relasyon solid ak sektè prive a. Sepandan, pou devlope pwogram ki asire distribisyon ekitab avantaj enèji pwòp, MassCEC dwe devlope relasyon egalman ki solid menm jan avèk katye EJ yo ak gwoup kominotè DEI, gwoup defansè, ak lòt moun ki gen rapò ak EJ ak DEI.

MassCEC pral enplike gwoup sa yo nan devlopman pwogram, rekritman, ak aplikasyon. Dapre Règleman EEA EJ a, “Patisipasyon siyifikatif" vle di ke tout katye yo gen dwa a opòtinite pou yo patisipe nan priz desizyon nan zafè enèji, chanjman klimatik, anviwònman ki gen ladann evalyasyon bezwen, planifikasyon, aplikasyon, konfòmite ak fè aplike lalwa, ak evalyasyon epi katye yo abilite ak benefiisye asistans administratif pou patisipe totalman atravè edikasyon ak fòmasyon, epi gouvènman bay yo transparans/responsabilite konsènan kontribisyon kominote a, epi ankouraje yo pou devlope jesyon anviwònman, enèji, ak chanjman klimatik.” Pi ba a gen yon lis aksyon ki pa konplè ke MassCEC pral poze pou ranfòse kolaborasyon ak kominikasyon li ak entèvenan EJ ak DEI:

- Bay yon lis òganizasyon EJ ak DEI, gwoup kominotè, gwoup medya EJ, gwoup defans aksesib pou tout anplwaye MassCEC:
    - Enkli òganizasyon ki te deja angaje yo epi ajoute regilyèman nouvo koneksyon yo; epi
    - Pataje ak kowòdone ak ajans EEA ak EEA, jan sa apwopriye epi ki aplikab.
- Bati relasyon avèk entèvenan EJ ak gwoup kominotè yo atravè kominikasyon regilye ak angajman:
    - Konvoke reyinyon ak entèvenan DEI ak EJ yo (tankou òganizasyon ki baze nan katye yo, gwoup endistri ki konsantre sou DEI, ak gwoup defansè pou moun k ap kontribiye ki pa gen anpil revni, gwoup defansè jistis anviwònmantal yo) pou konprann bezwen ak priyorite enèji pwòp.
    - Patisipe nan seyans ekout EEA dirije ak gwoup diskisyon yo ak entèvenan EJ yo

- Devlope pi bon pratik pou angaje moun ki gen rapò ak EJ ak DEI nan eleborasyon ak aplikasyon pwogram MassCEC:
    - Elabore kad gid ak pwotokòl pou kolekte kontibisyon entèvenan yo pou konsepsyon pwogram MassCEC, angaje entèvenan yo bonè e souvan, epi ofri sèvis lang si yo mande yo epi si sa posib;
    - Devlope pi bon pratik ak mekanis responsabilite pou angaje entèvenan yo atravè pwogram MassCEC ki enpòtan yo oswa egzekisyon pwojè sibvansyon, tankou asire yon gwoup Devlopman Kominotè, yon òganizasyon ki baze nan kominote a oswa yon òganizasyon non-gouvènmantal, ak yon gwoup defansè EJ bay rekòmandasyon wo nivo konsènan pi bon pratik sou devlopman pwogram.
        - Egzanp: Opòtinite sibvansyon ki gen ladann EmPower (yon pwogram aksè enèji pwòp), ACTNow (yon pwogram transpò pwòp), epi pwogram devlopman mendèv Offshore Wind te chèche fidbak nan men EJ ak entènan ki gen rapò ak DEI pou devlope materyèl demann, sansibilizasyon nan sondaj ak Avi Entansyon. Pwogram sa yo te chèche fidbak yon fason enfòmèl tou atravè kontak dirèk;
        - Egzanp: Yon pwojè pilòt kovwatiraj EV ki gen nivo revni nan pwogram ACTNow MassCEC a gen ladann yon Kòporasyon Devlopman Kominotè, kòm yon manm ekip pwojè sibvansyon an, pou ede nan devlope yon modèl patenarya kominotè repwodiktib pou aplikasyon pwojè alavni.
        - Egzanp: Sèvi ak MassCEC Clean Energy & Equity Working Group pou bay kontribisyon nan elaborasyon Estrateji Devlopman Mendèv MassCEC ak pwogramasyon.
- Devlope metodoloji konsèy nan pwogram MassCEC ki aplikab yo pou kreye yon seri pi divèsifye fiti aplikan ak benefisyè sibvansyon yo:
    - Vize devlopman kapasite ak patnè ki gen rapò ak EJ ak DEI, lekòl pwofesyonèl, kolèj kominotè, òganizasyon kominotè ak òganizasyon ki pa la pou fè pwofi, elatriye.;
        - Egzanp: Pwogram Estaj Enèji Pwòp la, ki fasilite plasman elèv MA ak dènye gradye yo nan karyè enèji pwòp, gen yon rediksyon espesifik nan finansman pou elèv minorite yo epi li pral apiye l sou òganizasyon patnè fòmasyon moun fè konfyans pou rive jwenn elèv sa yo. Pwogram nan ane fiskal 2022 la pral sipòte jiska kat nan òganizasyon sa yo pou rekrite ak konseye elèv minorite yo.
        - Egzanp: Pwogram inovasyon teknoloji MassCEC bay sipò adisyonèl pou enkibatè, akseleratè, ak lòt patnè endistri inovasyon pou inisyativ DEI pou sipòte divèsifikasyon endistri inovasyon enèji pwòp.

- Fè konnen pwogram ki enpòtan yo, opòtinite sibvansyon, ak fòmasyon nan katye EJ avèk afich, parennaj gwoup kominotè lokal, flayè, oswa evènman sansibilizasyon nan sant kominotè, sant ki baze sou lafwa, ak chemen katye ki deja etabli;
- Bay EJ ak lòt popilasyon ki mal desèvi yo priyorite nan patisipasyon nan pwogram kote sa apwopriye atravè kominikasyon, edikasyon ak fòmasyon ki vize yo:
    - Evalye epi ogmante aksè nan kominikasyon ak kontak sansibilizasyon la;
        - Bay materyèl pwogram yo nan lòt lang, kote sa apwopriye;
        - Divèsifye chanèl kominikasyon kote sa apwopriye (egzanp, pwofite rezo patnè kominotè yo ak chemen kominikasyon an pèsòn nan katye EJ yo tankou: legliz, mache kiltivatè, fwa, sant kominotè, lekòl elatriye);
        - Kontinye sèvi ak rezo sosyal yo ak lòt zouti ki baze sou Entènèt pou rive jwenn odyans ki pi laj;
    - Chèche patenarya ak patnè kominotè yo fè konfyans pou rive jwenn popilasyon priyoritè yo;
    - Devlope materyèl edikatif, pwogram, oswa inisyativ ki baze sou fidbak nan MassCEC nan Clean Energy & Equity Working Group;
        - Ka gen ladann inisyativ alfabetizasyon teknik, kanpay medyatik dirije, elatriye.;
        - Egzanp: Pwogram pilòt EmPower Massachusetts te enkli atelye entèvenan yo, ki vize moun ki reprezante kominote ki istorikman mal desèvi oswa vilnerab yo (ki gen ladann kominote jistis anviwonmantal yo, defansè ki gen revni fèb, gwoup minoritè yo) avèk objektif pou idantifye aplikan yo epi fasilite relasyon pou opòtinite sibvansyon yo. Si plikan pou sibvansyon pou pwogram nan se pa yon òganizasyon ki baze nan kominote a, aplikan an ap oblije fè patenarya ak yon òganizasyon ki baze nan kominote a pou egzekisyon pwojè a.

Estrateji ak Mezi EJ ak DEI nan Domèn Pwogram yo

MassCEC pral konsidere ak entegre jistis anviwònman ak prensip DEI nan tout pwogram li yo ak inisyativ estratejik li yo ankòmansan nan nivo pwogram nan dat 31 desanm 2022 pou pi ta . Atravè patisipasyon enpòtan entèvenan EJ ak DEI yo, ajans lan pral chèche konprann priyorite ak bezwen EJ ak DEI nan inovasyon li yo, devlopman mache ak adopsyon, ak mendèv ak pwogram devlopman endistri yo.

MassCEC pral devlope pi bon pratik pou entegre konsiderasyon EJ ak DEI nan pi gwo fonksyon li kòm yon ajans (egzanp, devlopman pwogram, endistri konvokasyon) nan otòn 2022 pou pi ta.

MassCEC pral kòmanse swiv depans nan tout ajans yo nan katye EJ yo, Vil Gateway, Inisyativ Ekite Divèsite ak Enklizyon, Inisyativ Revni Ba ak Modere, ak sèvis Tradiksyon nan ane fiskal 2023, ak yon ane konplè nan swiv enfòmasyon yo pandan ane fiskal 2024 la. MassCEC pral fikse objektif

pou tout ajans yo pou lavni nan zòn sa yo nan mwa Jiyè 2022 pou pi ta. Pi ba a gen yon lis aksyon ki pa konplè ke MassCEC pral pran pou enkòpore prensip EJ ak DEI nan domèn kle travay li yo:

- Rasanble fidbak entèvenan yo, ki gen ladann reprezantan katye EJ yo atravè inisyativ tankou Seyans Ekout EEA EJ pou idantifye, rafine, epi aplike objektif ak priyorite EJ ak DEI nan pwogram ak inisyativ estratejik MassCEC ki enpòtan yo;
- Entegre prensip EJ ak DEI ak objektif ki idantifye nan priz desizyon pwogram nan, abòde alafwa devlopman pwogram nan tout MassCEC a ak priz desizyon espesifik pou pwojè pou fasilite distribisyon jis, divèsifye, ekitab, ak enklizif avantaj enèjetik ak lòt enpak MassCEC atravè Commonwealth la;
- Etabli objektif pou depans nan tout ajans yo pou zòn tankou katye EJ yo, Vil Gateway yo, Inisyativ pou revni ki ba ak modere, ak sèvis tradiksyon nan ane fiskal 2023 a pou pi ta. Y ap swiv depans nan zòn sa yo apati ane fiskal 2024 la.
- Devlope epi asire aplikasyon yon pwosesis nòmalize ak modèl ki enkòpore kritè EJ ak/oswa DEI ak lang nan demann, RFP ak kontra kote sa apwopriye pou ankouraje yon endistri enèji pwòp divèsifye, egalitè, ak enklizif:
    - Egzanp: Kontra yo nan pwogram prè Investments BRIDGES yo te gen ladann yon dispozisyon ki egzije pou yon konpayi, nan katrevendis (90) jou apre yon lèt akò, etabli yon politik DEI pou ankouraje anbochaj yon ekip divèsifye, bay tretman egal ak jis pou tout manm ekip yo, epi asire yon anviwònman travay kote tout manm ekip yo santi yo valorize epi yo gen opòtinite pou yo patisipe totalman nan kreye siksè biznis; epi
    - Egzanp: Ekip Offshore Wind MassCEC la te enkli yon seksyon nan kritè seleksyon yo pou yon demann pou devlopman mendèv van lanmè ki konsidere nan ki pwen yon aplikan demontre yon angajman otantik ak aktif pou DEI ak EJ nan kad pwosesis evalyasyon ak seleksyon.
- Devlope sibvansyon oswa inisyativ pou bay avantaj enèji pwòp nan katye EJ yo. Idantifye sibvansyon oswa inisyativ MassCEC ki egziste deja ki gen yon koneksyon potansyèl ak popilasyon EJ epi travay avèk moun ki resevwa sibvansyon yo ak/oswa patnè yo pou idantifye fason pou amelyore avantaj kominote sa yo, tankou diminye oswa elimine pataj pri ki nesesè yo:
    - Egzanp: Pwogram sibvansyon EmPower Massachusetts fèt espesyalman pou pote benefis enèji pwòp nan popilasyon istorikman ki pa gen desèvi, ki gen ladann katye EJ yo, epi tout pwojè yo pral dirije pa òganizasyon kominotè, moun, oswa lòt gwoup ki gen yon istwa travay ak popilasyon sa yo. Objektif yo nan pwogram nan se aplike pwojè enèji pwòp nan kominote sa yo ak bati kapasite òganizasyonèl ak kominotè pou pwochen pwojè;
    - Egzanp: Pwogram transpò pwòp ACTNow la te redui pataj pri ki nesesè yo (25% olye de estanda 50%) pou pwojè ki benefisye kominote EJ yo; epi

- Egzanp: Pwogram Estaj Enèji Pwòp yo rezève finansman pou etidyan ak anplwayè nan vil Gateway yo yon fason pou divèsifye elèv ak anplwayè nan pwogram nan.
- Egzanp: Technical Trades Pilot la ap chèche eksplore fason MassCEC ka pi byen sipòte fòmasyon ki bay sètifika, akreditasyon, ak fòmasyon nan travay pou fòmasyon mendèv kapab pi byen sèvi rezidan ki p ap pouswiv diplòm inivèsitè.

- Priyorize pwogram ak inisyativ ki amelyore objektif EJ ak DEI nan pwosesis planifikasyon pwogram MassCEC.
  - Egzanp: Pwogram sibvansyon Catalyst la te louvri dènyèman avèk yon eksepsyon pou startup ki pou fanm ak minorite yo pou sipòte divèsite nan endistri enèji pwòp.
  - Egzanp: MassCEC te devlope yon pwogram sibvansyon transpò ACT4All ("Akselere Transpò Pwòp pou tout Moun") ki te idantifye aksè ekitab nan transpò ak rediksyon fado kòm objektif prensipal pwojè potansyèl yo.

Fè Aplike Estrateji EEA EJ sa a

Pou nenpòt enkyetid, plent, konpliman oswa lide, oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou efò ajans nou an pou jistis anviwònmantal, enèji ak klima, tanpri kontakte Biwo Jistis Anviwònmantal EEA a jan sa endike nan Paj 19 Estrateji EEA EJ sa a.

Pwen Kontak Ajans EJ:

Beverly Craig
Responsab Senyò Pwogram nan
Pwogram Revni ki Fèb ak Modere
bcraig@masscec.com
617-447-3133

oswa

EJde Lu
Responsab Pwogram Transpò Pwòp
jlu@masscec.com

Otorite Resous Dlo Massachusetts

Estrateji Jistis Anviwònmantal

Sa ki nan Dokiman sa a

Otorite Resous Dlo Massachusetts 131
Misyon 133
Objektif 133
Estrateji ak Prensip EJ MWRA 133
Patisipasyon Piblik ak Sansiblizasyon 134
Kominikasyon 134
Fòmasyon 135
Opòtinite Sibvansyon 135
Analiz Enpak kimilatif 135
Revizyon Anbochaj ak Pèfòmans 135
Konfòmite Anviwònmantal 136
Fè Aplike Estrateji EEA EJ sa a 136

Misyon

Misyon Otorite Resous Dlo Massachusetts se bay bon jan kalite sèvis dlo ak egou ki fyab, ki pa koute chè e ki pwoteje sante piblik, ankouraje jesyon anviwònman an, kenbe konfyans kliyan yo epi sipòte yon ekonomi ki pwospè.

Objektif

Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman (EEA) Politik Jistis Anviwònmantal (EJ) [1]te mande tout ajans EEA yo devlope pwòp Estrateji EJ yo. Estrateji EJ Resous Dlo Massachusetts dekri aksyon ak vizyon MWRA pou ankouraje konsiderasyon EJ atravè pwogram, politik ak aktivite MWRA yo.

MWRA angaje nan misyon sa a ki atikile nan Atik 97 Konstitisyon Massachusetts la pou tout rezidan Commonwealth la. Kòm yon dokiman vivan, estrateji sa a dwe revize, epi regilyèman revize jan sa nesesè an fonksyon evolisyon pwoblèm jistis anviwònmantal yo, pwogram yo, politik ak aktivite yo.

Estrateji ak Prensip EJ MWRA

Angajman Otorite Resous Dlo Massachusetts pou jistis anviwònmantal la depase kontèks estrateji sa a. Nou kontinye angaje nan aktivite pèmanan pou amelyore kominikasyon, aksè ak patisipasyon tout manm piblik la. Pandan n ap kontinye enkòpore prensip jistis anviwonmantal (EJ) yo nan pwosesis pou pran desizyon nou yo, Estrateji Jistis Anviwònmantal nou an pral plan ke otorite yo pral sèvi pou gide, reyalize ak elaji objektif, aktivite ak inisyativ nou yo.

MWRA rekonèt nesesite pou kontinye travay ak kominote yo pou rezoud pwoblèm jistis anviwonmantal yo epi li pral ankouraje patenarya kominotè ak divès entèvenan, elaji ak pwomouvwa sansibilizasyon edikatif. N ap travay pou asire nou gen reprezantasyon EJ sou gwoup travay Tinèl Metwopoliten nou an epi nou gen entansyon enkli konsiderasyon EJ pandan n ap avanse nan planifikasyon ak konsepsyon nouvo tinèl sa a. Nou gen entansyon konfòme nou tou ak tout nouvo egzijans EJ MEPA yo nan Pwojè Rapò Enpak sou Anviwònman nou an pou MEPA. Anplis de sa, MWRA ap kòmanse konsidere fason nou ka idantifye ak swiv pwojè nan katye EJ yo ansanm ak pwojè sa yo ki bay kominote EJ yo avantaj.

Atravè inisyativ sa yo, MWRA planifye pou pi byen sèvi ak ranfòse bezwen rezidan yo nan Commonwealth la.

[1] https://www.mass.gov/environmental-justice

Patisipasyon Piblik ak Sansiblizasyon

Sèvis ki endike anba a yo fèt pou amelyore ak ogmante konsyantizasyon piblik la ak aksè a enfòmasyon sou paj wèb MWRA a ak rezidan Massachusetts, manm popilasyon EJ ak gwoup defansè sou aktivite ak resous ki gen rapò ak jistis anviwònmantal la. Atravè efò sa a, MWRA pral ogmante:

- Fason aktyèl yo pou aplike nouvo teknoloji pou pataje enfòmasyon EJ, sa vle di medya sosyal. Twitter ak itilizasyon lis òganizasyon EEA EJ a kòm yon medya altènatif pral pami nouvo metòd yo konsidere, ki gen ladann, men pa sèlman, lis difizyon imèl kominotè, sant kominotè ak granmoun aje yo ak jounal kiltirèl espesifik.

- MWRA pral travay avèk EEA ak Gwoup Travay Entè-Ajans la pou asire konfòmite avèk A&F Bilten #16, ki egzije Plan Aksè a Lang pou chak Depatman. Anplis de sa, MWRA pral amelyore sit entènèt li a ak zouti tradiksyon sou Entènèt, epi li pral rann entèprèt ak sèvis tradiksyon disponib lè yo idantifye popilasyon ki gen konpetans limite nan anglè (LEP) oswa lè popilasyon EJ a mande sa.

- MWRA pral bay ak distribye notifikasyon bay kominote ki afekte yo konsènan pwojè konstriksyon nan domèn piblik pou abòde kominote sa yo ki ka afekte yon fason dispwopòsyonèl.

- MWRA pral fè reyinyon piblik, seyans ekout, ak fowòm nan yon fason ki enklizif pou popilasyon minoritè ak popilasyon ki gen revni fèb yo. Si sa nesesè, enkli Sansibilizasyon / Angajman Vityèl oswa lòt sèvis ki pèmèt reyinyon yo fèt san tout patisipan yo pa menm kote.

- MWRA pral kontinye evalye ekspozisyon a wo nivo plon nan dlo potab epi pran mezi pou elaji aksè a pwogram depistaj plon ak resous pandan l ap konsantre l sou kominote EJ yo.

Kominikasyon

Sitwèb MWRA a bay enfòmasyon itil tankou, moun pou kontakte pou EJ MWRA, lyen ki mennen nan Lwa Federal ak Dekrè yo, kat EJ ak Vyouwè EEA a. Enfòmasyon sou asistans entèprèt/tradiksyon lang MWRA ap disponib tou.

MWRA pral kontinye aktyalize epi sèvi ak paj wèb la kòm yon zouti pou kominike avèk anplwaye MWRA yo, rezidan Commonwealth la, manm popilasyon EJ yo ak gwoup defansè yo sou kalite pwogram, pwojè, ak aktivite EJ ke MWRA patisipe nan yo ak opòtinite pou rezidan yo patisipe.

Fòmasyon

MWRA pral aplike inisyativ sa yo pou ankouraje konsiderasyon jistis anviwònmantal yo.

- Pou asire ke anplwaye ajans yo konprann egzijans ak pwoblèm EJ yo, MWRA pral edike anplwaye nou yo sou Politik Jistis Anviwònmantal nou an (EJ) ak responsablite nou pou travay an kolaborasyon ak manm popilasyon EJ nou yo ak kominote yo.

- Y ap ankouraje anplwaye MWRA pou yo patisipe nan fòmasyon EEA oswa yon tyès pati konsiltan òganize konsènan pwoblèm EJ ak fòmasyon pou enkli, fason pou itilize nouvo kat EJ yo, kisa Angajman Entèvenan/ Kominote a ye? Kisa yon katye EJ ye?

- Pou katye kote l ap fè travay oswa vèse sibvansyon yo, MWRA gen e pral kontinye òganize sesyon enfòmasyon EJ pou enfòme manm kominote yo sou fason pou yo bay fidbak, jwenn enfòmasyon, aplike, elatriye nan kominike avèk MWRA.

Opòtinite Sibvansyon

MWRA pral sèvi ak kritè EJ epi enkòpore langaj nan sibvansyon kote sa apwopriye pou ogmante opòtinite pou sibvansyon yo jan sa disponib nan popilasyon EJ yo pou ede ak abilite popilasyon minoritè, ki gen revni fèb, ak popilasyon tribi yo nan efò yo pou konstwi ak soutni kominote ki aplike anviwònman an.

Analiz Enpak kimilatif

Dapre egzijans Politik EEA EJ a, MWRA oblije mezire pwogrè nou nan travay EJ epi ekri rapò sou li chak ane. Apati de ane kalandriye 2022 a, MWRA pral egzamine pwojè otorite ki sou pye yo, ak depans ak avantaj ki asosye a kominote nou yo (espesyalman kominote EJ yo) epi li pral travay pou devlope yon metodoloji pou kantifye enpak kimilatif pwojè yo pwopoze yo. Anplis de sa, MWRA a pral kolabore ak lòt ajans etatik ak federal epi revize ak apiye l sou travay aktyèl ki fèt pou idantifye kominote EJ yo ak tribi Endyen ki gen gwo ekspozisyon anviwònmantal dispwopòsyone ak negatif.

Revizyon Anbochaj ak Pèfòmans

EEA rekonèt enpòtans pou genyen yon mendèv ki reflete divèsite rasyal, etnik ak sosyo-ekonomik rezidan Massachusetts yo, ki gen ladann wòl kle yon mendèv konsa jwe nan fè pwomosyon desizyon ekitab konsènan pèmi anviwònmantal ak enèjetik, chwa sit yo, elaborasyon regilasyon, vèsman sibvansyon ak aplikasyon lalwa. MEP pran angajman pou l enkòpore divèsite pratik anbochaj ak pou bay responsab anbochaj yo fòmasyon pou ankouraje priz desizyon ekitab, ki gen ladann l itilizasyon kritè nan òf travay ki mande pou aplikan ki reyisi yo demontre konesans ak konpreyansyon sou bezwen popilasyon vilnerab yo, katye jistis anviwònmantal yo, ak zòn ki mal desèvi nan Commonwealth la. Anplis de sa, MWRA dwe e li pral

kontinye patisipe nan fwa karyè ki gen rapò ak responsablite anviwònmantal ak sosyal, divèsite, ekite ak enklizyon.

Konfòmite Anviwònmantal

MWRA pran angajman pou l enkòpore jistis anviwònmantal nan pwosesis, priz desizyon ak pwogram li yo epi li pral anvizaje pwopoze pwojè jistis anviwònmantal si yo bezwen pwojè anviwònmantal siplemantè akòz nenpòt aksyon pou fè aplike lwa etatik oswa federal.

Fè Aplike Estrateji EEA EJ sa a

Pou nenpòt enkyetid, plent, konpliman oswa lide, oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou efò ajans nou an pou jistis anviwònmantal, enèji ak klima, tanpri kontakte Biwo Jistis Anviwònmantal EEA a jan sa endike nan Paj 19 Estrateji EEA EJ sa a.

Pwen Kontak Ajans EJ:

Tomeka Cribb-Jones
Asistan Espesyal Asosye pou Aksyon Afimasyon ak Konfòmite
Tomeka.Cribb-Jones@mwra.com